[19/04, 21:51] +27 62 360 8993: I was blinded by love

Written by Talvia

A.K.A Mwana waMassy

CHAPTER0 1

"Tinashe wat have I done to deserve this treatment yaurikundipa unotondidawo her or wakandiroorera kuti ndaive nenhumbu yako" ndini hangu ndaitaura nahubby uyo anga akundibata nekuseri kweruoko oppps pardon my manners ndakutaurisa ndisinakupa intro

My name is Laila Mashabane aged 23 am the third born in a family o 5 .Ndaigara hangu mughetto paMabvuku nemunin'ina wamoms nefamily yake .Ndini hangu ndandapedza my A level and I decided kuenda kuholiday kuSouth Africa kuPtoria uko kwaigara vapereki vangu.Ndakafamba bhoo ndini uyo musasafurika ndakafara shame kuona family yangu ndangandavasuwa ndaiswera hangu paden nemasiblings angu sezvo moms namudhara vayienda kugraft .

Rimwe day iriSunday ndakatorara moms vakauya kuzondiudza kut vanditsvagira graft kubasa kwaishanda lil bro yamudhara as a supervisor wemaflowers paripaspar semunhu anga akubhoikana nekugara paden ndakafara kut ndakuwana chondivaraidza ndakamirira maresults angu.

Monday makuseni ndakamuka kuma4 semunhu aida kuenda kubasa ndini uyo ndakananga paspar ndakapfeka black and white semunhu kwaye ndakasvika nekutotorwa as a cashier semunhu anga aneconnection .zuva iroro taitanga netraining yekumopa the whole ndini uyo ndikumopa hangu nemusikana wandatanga naye basa semunhu angadyaira kuswera akarara ndakamira

kumopa takuita nyaya paya namates vangu hatina kuona kuti tikuonekwa takazonzwa kuti"mabva kudzimba dzenyu kuzoita makuhwa pano or muripabasa" tese takachekuka kuti tione munhu ayitaura then boom.........

End of chapter

Let's meet in next chapter tinzwe kuti Laila nefriend yake vaonekwa  nani

Feel free to comment this is my first book so macomment enyu ndoanondipashungu dzekunyora mundiudze pandatadza

Tah      u all

Mastered by  Young Gweta

[19/04, 21:52] +27 62 360 8993: https://chat.whatsapp.com/GKJw9FOv4Jz02RIMTmdGIE

*I was blinded by love*

*Written by Talvia*

*A.K.A  mwana wamassy*

_Chapter 3_

Ndakabvunzawo ka semwana kwaye wat was wrong dai ndaiziva zvaida kupindurwa ndisina kubvira ndabvunza wee Mr Serious replied " iwe dzungu gal mind your turusi wakauya pabasa pano kuzoita first aid here chero ndine zvirikundinetsa hazvina basa newe go back kutill kwako nxaa" ᛘ ♀veduwee ndakashaya zvekupindura ndanga ndatopiwa nick name paya apa dzungu racho ndaisatoziva ndakamuiitira rini nechandande ndakumubvunzirawo ndakachishaya ndakafamba hangu ndichidzokera kutill kwangu but ndandatobhoikana neway yandandapindurwa nayo naMr serous ndakazviudza kut handichataure navo futi.

Days passsed driver ayisimbotitora kubasa Mota yake yakabiwa saka Tanga takudzoka kubasa nematax apa taizomawana tatambura coz taivhara shop late around past 8 apa ndanga ndavakushota patill evrydey ndichibatirwa papay ᛘ ♀ so I decided kutsvaga room kudhuze nekubasa kuti zvisanyanyonetsa ,dai ndaiziva zvaivemberi ndangadai ndakashingirira hangu kugara pamba nanamuchembere .I told my parents zvandaive ndafunga ndikavaonesa vakambotanga nekuomesa musoro vachiti was still young kuti ndigare ndega plus semunhu aida kudzokera kuchikoro there was no need yekuti nditsvage room bt nyaya yetransport ndoangaava maone .Vakazobvuma havo ndakawana room kunonzi kuMafias ex 6 kwaigara asahwira Nyarie ndainosheya room navo .

Ndakatanga kugara nabhururu wangu zvese zvaive bho kubasa taienda evryday, Mr serous ndandisingachataure navo chero vakandituka ndaingonyarara.There's this day randakaenda kubasa ndega Nyarie aripaoff ndaingofeeler low hangu maybe inyaya yekut my bestie vavasipo.ndakapinda nekunanga kustaff room kundogadzira tea hangu kwaitotonhora that day ndiribusy kunwa tea Mr serious pfacha from the look on his face waitoone wega kuti munhu haasi bho but ndakanyarara ka sadzungu gal ndaisada kukwidzwa sugar achirimakuseni .

Mr serious vakasvika vakagara patable yandaive but vakagara nechekucorner vakarara vakatanga kugomera and I was like atangawo uyu kuda kundidenha manje nhasi handisi mumood .I ignored him hangu ndakaenderera mberi netea yangu aizve ndakanzwa munhu akuita kunge arikuchema but kuchema kwemunhu arikuzvishingisa asirikuda kunzwika haaa ndakaseka shame ndikangoti nechemumoyo not today devil .

Ndakasimuka ndakutoda kudzokera hangu mushop coz drama rarakuitika raida kundinyenga mukanwa ndatova padoor kubuda I heard sound yekudonha kwechinhu pandakacheuka I was

shocked kuona variMr serous vakarara paflow helpless ende zvaitooneka kuti he was in pain .Moyo yedu inokurimidza kuregerera nekukanganwa iyi ndakakanganwa rough yaakambondiita ndikamhanya paaiveakarara ndichimubvunza chaimurwadza akangokwanisa kut help pliz .Ndakamhanya mushop kunodeedza manager wangu takadzokera tese mustaff room and anga akutoita worse eshii ndakabatikana don't want to lie ,vamwe mungandishoora kuti why ndaibatikana nemunhu anga akandimaka veduwee kana unemoyo murefu uchitya Mwari unokurumidza kuregerera nekukanganwira munhu kna ava panguva yakadai chete hamusi kuziva zvaiitika but zvainzwisa tsitsi cant explain more now back to my story.

Manager wangu akadeedza ambulance within 20minutes yanga yasvika akatorwa kuendeswa kuhosptal .Ndakanzwa tsitsi ndaitoshuvira kuti dai apora nekukurumidza coz ndandakutonakidzwa nekunditukа kwake evryday

Madays akafamba Mr serious vasingachauye kubasa ende kwanga kwakuita kumara ndandamusuwa ini aaah apa ndaisaziva kwaanogara or number dzake ♀ehe ndikukuzivai makutofunga kuti ndandakumuda ka haaa kana munoziva muhupenyu panemumwe muvengi waunotonakirwa nekuona kuti level rake rekukumaka ravapapi everyday .

Taingobvunza my manager ndovaingoti anga akapiwa sick leave saka aizodzoka after a week.Mr serious vakazodzoka after leave yavo vanga vanyarara ende vanga vava cool guy takangoti maybe vakatendeuka ♀. Then one day moms vakandifonera vachiti ndiuye kumba ndakatoshaya kuti kwaiitikei after work ndakaonekana naNyarie wangu ndini uyo muroad ndakananga Hammanskraal.Ndakasvika vanamoms vatorara handina kuda kuvamutsa sezvo mangwana acho ndaive paoff ndakangozviudza kuti tichataura kwayedza .

Tuesday morning ndakamuka semunhu ange ajaira kumuka early ndakaita basa pamba anamoms vakazomuka ndakutogadzira tea, ndakavamhoresa vabereki vangu ndanga ndavasuwa shame moms ndopavakati " Laila ko zvawakuramba wakati zii urikukanganwa here kuti urikufanira kudzokera kuchikoro maresults akabuda asikana"ndakavhunduka veduwee zvakaoma ndaive ndatokanganwa zvekuti ndakamirira maresults ndakutonakirwa nekushanda neenemy yangu

Daddy vakabva vati " nhai my princess are you ok" and I replied yes Daddy just that nda...."

End of chapter

Laila achatii kunevabereki vake

Let's meet mu4 hapana pandingagona zvese I nid yo comments family ndizive pandirikusiya masports

Editor :R. A. P

*Tah lav u all *

[19/04, 21:52] +27 62 360 8993: https://chat.whatsapp.com/GKJw9FOv4Jz02RlMTmdGIE

*I was blinded by love*

*True Story*

Written by Talvia

*A.K.A Sirivhia*

_Editor: R. A._

*Chapter 2*

Patakacheuka we saw  a tall dude akareba zvipakati apa srs yanga yakarohwa manje he was good

looking anemafalls face bho dressing sajeturumeni chaivo  srs yake yaisatombomufita ndakangot we are sry takatanga kumopa akaridza tsamwa and he said "mofunga kut mauya kuzotamba pano ndokudzoserai kudzimba dzenyu izvezvi ndikuwanei makamira fut"hatina kupindura sevanhu vaisaziva kut aive Ani pagraft .My friend akatozviona kut ndandatobatikana neway yayataura nayo Mr serous ehe ka tatatovapa zita neway yavavatizoomer nayo.  Musikana wandaishanda naye thn said" bt Laila y usina kumbondibvunzawo about my name and my life kusavanehanya her asikana" eshii ndandatokanganwa kumubvunza shuwa " sry cc ndandichambowana nguva yekubvunza her nekutaurisa kwangu so tell me about u"

She replied " ini ndinonzi Nyaradzo murwira ndinemakore 25 ndirisingle moms ndinemwana one musikana ane5 yrs ndakasiyana nababa vake last month ndikauya kuno kuzotsvaga graft kuti ndichengete mwana wangu" ndakashaya kana comment ndaitoda kuziva chakakonzera arambane nahusband asi semunhu wandandichangoona ndakazviudza kut mazuva mazhinji ndakazongovaudza kut vashinge kushanda vachengete mwana wavo vazive kwavakabva .Takazoswera bho hedu naasahwira Nyarie tichikurukura dzehupenyu  ndakavaudzawo kut I was single ndandisirimood yekuita zvemarelationshp wanted kudzokera kuskul  .Mazuva akafamba tatatodyaira basa ende ndandakushanda patill Mr serous vavatowedzera kundimaka only God knows why .One dey ndakabvunza my senior cashier kut Mr serious vaimbova ani ande vaimboita nezvei,she told me tt ndisupervisor wekubutchery anonzi Tynashe Jimu I was lyk 🤷 ♀so why vachitonga macashier asiri edepartement ravo n she told me tt Mr serous vaisada mahumbwe pabasa ende vaivenepower yekudzinga vanhu again he z not friend ndakatoona kut pakaipa

Rimwe day yaive lunch tym tichitora maselfie naNyarie thn Mr Tinashe vakangonyuka vakatanga kupopota kut tikutamba nguva yebasa akatotimaka absent that day ndakabva ndamumaka zvirideepest apa iye aitozvinzwa hake .days passed ngoma ndiyo ndiyo Tinashe aitomaker sure kut andituka everyday Nyarie akazoti rimwe dey girlfriend I think this dude anokuda bt anonyara kukudza coz o pride plus anotya mudhara wako" I replied "lala that guy haatombondide akatondimaka shaa just brush tt mind " yakabva yapera .Rimwe dey iriMonday ndautova low hangu ndakakumbira manager wangu kusandisa patill ndimope thn she agreed ,ndurimukumopa dhuma dhuma namr Tinashe vakagara bt e way yaive akagara nayo aitoratidza kut airwara o panezvaimunetsa inn semunhu anebig heart plus anecare too much ndakakanganwa tt muvengi wangu ndakaenda paaive akagara and I asked what was wrong ndopaakapindura kutii.....

Akatii Tinashe kunaLaila let's meet munext chapter tinzwe kuti akatii coz iniwo handisi kuziva zvikuitika .

Volume bho her makazenzi

*Tah  u all*

*Edited By R.A*

[19/04, 21:52] +27 62 360 8993: https://chat.whatsapp.com/GKJw9FOv4Jz02RlMTmdGIE

*I was blinded by love  *

_Written by Talvia_

_A.K.A mwana wamassy_

*Chapter 4*

I replied " yes Daddy am fine just that ndange ndakutovarairwa nekushanda kukanganwa kuti ndirikufanira kudzokera kuchikoro" truly speaking ndange ndava pama1 chaiwo ndaiziva kuti pandakanyora ndandisisiri serious nechikoro ndakuita stress dzevakomana haa maone akanga atangidza ndakaramba ndakatsika ndichifunga statement rekuudza anamuchembere kuti ndisanotora maresults.

Ndakazongoti "mom and dady ko tadii kufonera moms kuMabvuku vandotora maresults acho kana ndakapasa ndodzokera kuZim kundoona kuti ndodii" Daddy replied "what if wakafoira princess" ipapo manje I didn't replied vakazondinditi kana ndakafoira ndaizodzokorodza ende ndendakuzvibhadharira fees mari yekutambisa vanenge vasisina I was like it's ok .Mudhara wangu vaisada zvisina basa , yakazongoperera ipapo takawirirana kuti moms vekumabvuku vandotora maresults toona kuti which is which haa panga patoipa .

Takaswera bho hedu kwakudoka ndakaoneka anamoms ndakudzokera kubasa kwangu lol.I went back kuMafias ndandatosuwa asahwira vangu neone day iroro .Nyarie was happy kundiona akati atanga kutaura zvavakangavaswera vachiita kubasa .

Akazondiudza kuti Mr serous vanga vachinditsvaga ndakatoshamisa kuti kwaitikei takazongorara ndazvisimbisa kuti chauya chauya .

Ndakaenda kugraft bho hangu ndakangoti ndichipinda ndakaenda kunomakisa register dhuma dhuma naMr serous hana yakarova ndikangoti nechemumoyo nhasi zvangu ndichashurwa makuseni ano nechandatadza ndisingazive ‍♀.Ndakamira kufamba ndakastika kutokanganwa kuti ndiripabasa ndaida kunzwa kuti vachati kudii .Akauya pandaive ndakamira akarova serious yekuti ndakatomboti maybe ndikudzingwa basa nhasi .

Mr serious " eeeh dzungu girl thank you so much for helping me that day I appreciate " I relied " thought ndapara mhosva " ndakabva ndaenda kwandaienda ndakatanga hangu kushanda Mr Serious vanga vakugara vakauya patill pangu vachinyepera kutenga tumasweets ndakatozvishayawo kuti ko nhasi hanzii .Lunch yakakwana ndakaenda kunotenga chikafu

naNyarie wangu Mr Serious ndiye pfacha eish this guy anga akutondimbowa akumbonyanyodei munhu anga abva kurwara avakutoda kudenha futi.

Akasvika akandikumbira kuti atitengere lunch haa ipapo ndakaramba ndikamuudza kuti asawara mari tinayo ndaitoziva kuti arikuda kutinzwa awane zvekutaura .Nyarie wo akudairira hanzi tenga hako muvengi wasahwira zvauya zvega hatirambi truly speaking ndakabhoikana nekahunhu kasahwira vanhu zvaizoita sekuti tatisina Mari yekutenga food.

Ndakaramba zvangu ndakanyarara my enemy akatenga food akabhadhara takaenda kunodya achingotevera Jeso wangu muyedzo rudzii uyu .Ndakaita kunge ndisirikumona hangu akagara kunerimwe side akatitarisa ,ndakazongonzwa Mr serious vakuti "dzungu girls wats yo name " handina kumupindura ndakaramba ndichidya hangu Nyarie ndiye akazomupindura achimuudza kuti ndonzi Laila .

Mr serious " nice name harifiti muridzi"haya kudenha ndokuziva ini handina kutaura lunch yese Mr serious lunch yakapera vachizama kuda kutaura neni but ndaisadaira .

Lunch yapera went back kubasa ini naNyarie taishanda matill akateedzana so that time kwaisava busy asahwira vakabvunza kuti why ndapa muvengi wangu cold shoulder ndakamuudza kuti the guy anga achindidenha achida kuwana kundituka but ndandisiri mumood yezvese izvozvo .Nyarie akanditarisa akaseka zvikanzi ndirikuona paita kamuchato apa ndikangomuti ameen Madzimai .

Mazuva akafamba Mr serious vakanga vachinja vakuda zvekutaura neni zvakanaka vakundi commenter mahairstyle angu ndakatoshaya kuti ko ndoipi yakutambika . Rimwe zuva iriThursday ndaitonzwa hangu musoro but ndakaenda patill because kwaive busy .Patill pangu pakauya mumwe mukadzi aive nemazigrocery ndakamusaver bho raive grocery re4000.

Akabhadhara necard saka paakaisa pin yakaramba apa ini handina kuzvitarisa ndakatoti maybe till yangu ndoineproblm ndakadeedza manager .My manager vakafungawo kut maybe paita error vakabaya 00 .00 slip yakabuda apa zvinhu zvisina kubhadharwa customer yakaenda. Ndakashanda bho zuva rese pakucalculater mari ndakawanika ndakashota ne4000 ndakaita mudumbu veduwee .Manager wangu akavava zvakavharisa shop yese anaMr Serious vakauya vachida kunzwa kuti chii chaitora nzvimbo manager explained kwavari .Mr serious akafamba slowly achiuya pandaive ndakamira akandi 🤦‍♀️.....

End of chapter

Achatii Mr serious kumuvengi wake achamuseka here? Achamutuka? Let's meet mu5 tinzwe kuti how far sorry nekunonoka kuunza book I was busy comment pliz

*Tah loves u all*

*Editor R. A. P*

[19/04, 21:52] +27 62 360 8993: https://chat.whatsapp.com/GKJw9FOv4Jz02RlMTmdGlE

*I was blinded by love *

*Written by Talvia*

*A.K.A  mwana wamassy*

Chapter 5

Mr serous vakafamba slowly vachiuya pandaive ndakamira akasvikondipa hangaiwa ( hug) pamberi pevanhu I was shocked ndakaramba ndakastika ndakushaya Kuti ndeipi yayakutambika .Nguva iyoyo hameno kafeeling kandakaita ndakafeeler safe kutombokanganwa nhamo dzese ndandakutokotsira mumaoko emuvengi .Akazondisiya and he said "usanyanyofunga everything happen for a reason Mwari vanechekuita newe"ndakangoti thanks

Mr serous akazotaura namanager wangu kuti varege kundituka cause zvaisabatsira Mari yanga yatoenda vakanzwisisa havo but vakandiudza kuti ndofanira kuibhadhara Mari iyoyo kusvika yapera apa nemari yandaitambira kuti ndipedze kubhadhara zvaizotora mamonths shame apa rent kwandaigara ichida kubhadharwa .Ndakaita weak handina kupindura ndakangotora zvinhu zvangu nekuenda kumba kana food handina kudya day racho stress yayakandirova koti stress yekubasa stress yemaresults eshii .

The next day ndandatofunga kusaenda kubasa kwacho asi Nyari akandisimbisa ndakaenda hangu but zvaitooneka kuti ndaisava bho.Manager ndakawana vachiri vakatsamwa she was very disappointed coz tisu taitonzi mabest cashier pagraft .Handina kumira kuudzwa ndakangoenda ndega kunocleaner mushop ndaitoziva kuti handidiwe patill ,dzatove kuma10 ndakaenda kubreak but ndandisina nzara ndaingoda kuzorora hangu so ndapinda mutoilet ndakagara pachamber and I started listening to music song yekuti Don't let go"I know it's all that is left for you to be strong hold on everything will be alright just know you are a fighter...." handizivi akayimba song iyoyo but ndaiifarira wen am down.

Ndakaiisa parepeat hangu iripafull blast ndaisada madisturbance ,payakapera ndakuda kudzokorodza ndakanzwa ndichideedzwa namanager ndakurumidza kuviga foni ndikabuda vakangoti nditevere ndakatevera ndakanyarara wondering kuti ko ndaparei 🤦‍♀ futi ndichisvika pavaive ndakaona that lady wanezuro wandakatengesera akamira naflow manager ndakatoshaya kuti kwaitikei

.Pandakasvika  that lady akandipa hug akandikumbira ruregerero achiti akangaasina kuona kuti paakabhadhara card rakaramba akatozoona avakumba kuti message haina kupinda ndosaka anga adzoka kuzobhadhara guys ndakashaya zvekuita ndakamboda kumusimudza ndakanyara ndakazongokwanisa kuti thank you mom .

Akabhadhara grocery rake bho manager ndopaakati "haaa mwanangu Mwari vanokuda dai ariumwe munhu aitofara kuti ndawana zvinhu mahara utende Mwari hko  .Ndakangokwanisa kubuditsa musodzi I couldn't believe it apa ndandanetime ndisingachazivi kunamata.

Ndakatanga kuimba song iye inonzi ndirimunana oh Baba ndirimunana vanondida vese ngavazive ndirimunana " ndini uyo kustaff room ndaida kumbonorova karikajaivhi chaiko ndichingovhura door repastaff room dhuma dhuma nemuvengi, nemufaro wandaive nawo ndakazongoona ndamupa zihug ndichimutenda nekundisimbisa, akangokwanisa kuti it's ok .Kubva ipapo ndakatanga kuona Mr serous varimunhu kwaye ndakatanga kuona the sweet in him ‍♀.

Days passed ndakutotaura naTinashe ehe  ka anga asisiri Mr serous anga achinja lol.Rimwe day iriTuesday manager asipo ndakatiza patill ndikaenda kundomopa kudhuze nekubutcher ,ndiripakumopa ndakaona Mr serous vachiuya but face yake yaisava bho I asked him what was wrong  akati akunzwa musoro ndakaenda komutengera mapills mungatoshaya kuti why ndakamatenga but the thing is ndinemoyo unonzwira vanhu tsitsi handinzwi zvakanaka kuona umwe munhu achitambudzika ende kana mari ndinayo handiomeri .Ndamupa mapiritsi and I said"asi munebhabharazi here " akati haanwi it's just a headache nechemumoyo ndakangoti akakomborerwa hake musikana wako anemukomana asinganwi I wish kuzowanawo wangu asiri chidhakwa imiwoye dai ndaiziva kuti kunevanhu vanopretender kuva vanhu bho dai ndakatoshuvira kuzowana chidhakwa .

Ndakazoshanda zuva rese zvakanaka Tinashe handina kuzomuona maybe angaayenda kumba.Tava kumba manheru I told asahwira  kufarira kwandanga ndakuita my enemy haana kupa comment akangoseka  .Ndakabva ndatofunga kuti handina kuzobvunza what went wrong mumarriage  yaNyari .

Ndakabva ndamubvunza zvaakandipindura zvacho unoona kuti maone mudzimba she replied "younger dzimba dzinoda kushinga ndakaroorwa nemurume wangu musoja taidanana zvakanaka

kusvika paakazochinjwa kwekushandira akunoshanda kudhuze nekwaigara Amai vake we heard no choice than kunogara nanamoms .Takagara 3 years zvese zviribho naamwene tainzwanana tamugore rechi4 vakatanga kuchinja ndikavamhoresa vaisadara vakuita mamoods vakatanga kuunza umwemusikana pamba ayiuya murume wangu aripo akapfeka mamini handaitaura semuroora ndaingoti Mwari ndibatsire .After mamonths musikana uya akazounzwa achinzi anenhumbu yemurume wangu ende murume wangu akaibvuma akatondiudza kuti tamba irikurira kana usingadi baya ndakarwadziwa hapana wandaikwanisa kuudza family yese vanga vandimaka apa mwanakomana wangu anga atova ne4 years ndakamboshinga kugara ndichiti zvichachinja ndakatombotsanyawo asi zvakaramba musikana uya akasvika pakuzvara mwana musikana and murume wangu akawedzera kundimaka akugara achindirova everyday ndisina chandatadza till last month pandakangozviudza kuti enough us enough zvirinani ndisekwe nenyika kunzi mvana asi ndinepeace, ndopandakabva ndangomuka nekurongedza ndikauya Kuno mwana ndakasiya kunamom vangu"

Mmmm ndakabatikana shame ndakamuudza kuti zvowanikwa kana ariwake achadzoka kana asiriye wake achauya iye ngachengete mwana wake ambomira zvekuroorwa atore nguva yake adzikame cause kunzi single mom hazvaireva kuti ongoita yese yese nekuti imba yake yakawa .Ndopaunoona vamwe vachitomhanyira kuroorwa pakadai Iii kana ndakabva ndatozviudza kuti Ini handiroorwi zvekumhanya cause ndaisada madrama mulife.

Takazorara hedu naasahwira tasimbisana mangwana acho tichingosvika kubasa ndakabva ndafonerwa namoms vachiti ndandakafoira maresults atorwa ndaifanira kudzokera kuskul ndizviendese eshii apa vaiita kupopota ndakangovakumbira ruregerero and she drop the call Maone angaatanga manje ndaifanira kusatambisa mari ndione zvekuskul .

Ndakatanga kuti pese pandinoona Tinashe even arikure taitarisana mumaziso ndokurumidza kutarisa pasi ndaitoti pakaita hour asina kuoneka ndaiita kunge ndichamutsvaga kuti aripi ndione face yake 🤦‍♀️it's crazy I know but ndandatova confused kushaya kuti what was wrong with me ndaitombozama kurwisana nethat feeling but zvakaramba .Nyarie akazviona kuti ndandakugara ndakanyarara akandibvunza kuti Chii chainetsa I told her zvandainzwa akafa nekuseka nechaisekesa ndakachishaya nxaa akazondiudza kuti Ini naTinashe hana dzedu dzirikuroverana but pride ndoirikutikuvadza haaa ndakamurambira ndaisamuda Tinashe Ini maybe it's a Normal feeling yandainzwa aaah how can I have feelings for someone anomboita serous kunge body guard riripaside papresident .

Mazuva akafamba and feeling yakatoramba ichiwedzera ndanga ndakutoziva maoff days ake apa

anga asina kumbondiudza eshii ndandakutopenga chaiko 🤦‍♀️.Pese paayiita maoffdays ndaiswera ndirilow kunge ndaitorwara chaiko .Ndakatozozviona ndega kuti ndanga ndanyura murudo nemuvengi wangu but because of pride and dignity as a woman ndakazviudza kuti handifi ndamuudza or kumuratidza kuti ndomuda ,ukuwo Tinashe anga akuti akangondiona ndakamira nemukomana aipopota zvekuti waitoshaya kuti agarwa nei....

End of chapter

Ndoyipi yakuitika do u think Tinashe ayimudawo Laila.. this is just the beginning let's meet in next chapter

*Tah loves you all *

*Editor R. A. P*

[19/04, 21:54] +27 62 360 8993: https://chat.whatsapp.com/GKJw9FOv4Jz02RIMTmdGIE

. Thanks for support

*I was blinded by love *

*Written by Talvia*

*A.K.A mwana wamassy*

*_Chapter 6_*

Weeks passed  Mr serous vachingoita hunhu hwawo hwekutuka wese wandataura naye and zvazvatova serious zvekuti akatozosvika pakuita meeting neboys rese remushop achivaudza kuti wese anenge ataura neni achadzingwa basa.Pandakazvinzwa ndakatoshayawo kuti why achidaro ndakangozviudza kuti maybe nenyaya yekuti pabasa pedu paisabvumidzwa vanhu kuti vadananane maybe that's why 🤷‍♀,haa ipapo boss wedu anga atinyanyira gaya kuti uchishanda from 6 am to 8 pm uchioffer one dey paoff pacho unoswera wakazorora wonzi musadanana pabasa apa paripo paunoswera 24/7 I wonder vaida vanhu vadanana kupi 🤷‍♀.

Mwedzi yakapfura apa shop yese yanga yakufunga kuti Ini naMr serous todanana ofwich taisadanana taingopanana that look plus pride was killing us .Zvakaramba zvakadaro for almost 5 months ndandisisataure naye ndichivhara kuti asaona kuti ndaive nemafeelings naye him too yayangova hesi zvatopera .

Rimwe day itoriFriday ndaitonzwa chest hangu but I forced my self kuenda kubasa handina kukwanisa kushanda I was in pain zvekuti manager vakandiudza kuti ndidzokere kumba ndakutobuda Tinashe akauya ndopaakaudza manager wangu kuti zvaisaita kuti ndiende kumba nezvandainzwa ndaida munhu anondiperekedza ,manager vakatobvumira vakati manje friend yake aribusy hakwanise kumuperekedza vaireva Nyarie, Tinashe akati aindiperekedza I was like 🤷‍♀what is this man up to 🤷‍♀handina kuramba takakwira tax kuenda kumba kwangu .Tasvika haana kupinda akangoti "ndakudzokera kubasa take care of your self" I replied "thanks for caring hey" ndakazongoona ndapiwa hug paya paakandiregedza akanditarisa mumaziso and said" Laila seeing u like this zvikundirwadza dai pain yaitoreka dai ndatora ndarwara Ini " ndakamubvunza kuti why anga akutaura kudaro .

Tinashe" I have tried Laila to fight this feeling but I can't anymore since day randakatanga kukuona I loved u don't know why that's why ndandakumaka ndaizama kuti feelings iyoyo ipere but the môre I hate u the môre the feelings grows.Sha munhu wese wepabasa anondiziva kuti ndakamaka kutaura taura nekutamba nevakadzi sei because of what happened in my past relationship but pauri it was different ndotonzwa kuda kukuona everyday every minute I am in love with you Lee "

Ndakastika ndakafara zvese nekusuwa ,ndaifarira kuti finally azondiudza how he feels about me ndichisuwa kuti was this real or arikundiitisa or akangofanana naex wangu . Tinashe akatozoita kundizungunutsa ndatovekure nendangariro ndopandakamuti" kana neniwo ndaizama kurwisa that feeling zvichiramba Tinashe I love u too ndakupa moyo wangu I hope hauzondirwadzisi" he replied I won't" dai ndaiziva kuti ndirikuzvikokera moto muziso dai ndisina kumbomuudza kuti ndomudawo ndopaunoona kuti killer Tee akaimba paakati "rudo ibofu sometimes dai ndaizivawo ndisina kumbonyura murudo newe"( singing) ndaigodii veduwee I WAS BLINDED BY LOVE

Some of you munogona kuti why ndakakurumidza kumubvuma nezuva one iroro guys mukore uno wasiyana nekare wekuti munhu anotora mwedzi yakawanda achikunyenga plus apa tatagara tichinzwirana shuga ka so papasingachadi kunwira poison mukunyara .Zviya zvekuti heee handikude nekuti handisati ndakukuziva kunyeperana unenge usati wada munhu mozoziva matova murudo Ini Tee( Tinashe) ndaisatomboziva kwaigara mukomana uyu but ndakatomubvuma zvakadaro .

Tinashe wangu akazodzokera kubasa akandipa number dzake kuti tizotaura paphone akandisiya ndarara ndakazombobatwa nehope here ndichifunga munhu wangu eheka anga atova wangu handiti tatakudanana .Ndakatozozvidemba chandandabvumira kuenda kumba coz ndandatosuwa Tee wangu .Mangwana acho ndandatova bho ndakaenda kubasa naNyarie wangu ndichimuudza kuti angaava nabamunini akaseka hanzi" madzimai mweya haupotsi ndakambokuudzai kutii" I just laughed takasvika pabasa Tinashe ndakamuona ndakangomumhoresa imwe iya iya remember pabasa paisadiwa vanhu vanodanana waidzingwa .

Vanhu vanodanana pasingadiwe izvozvo vanekakuita kamwe kekurasisa so kukuita kunge vakamakana kavanoita pachaunga so apa deep down vachipanana maziso anelove mukati kurasisa madinga ka .Tee akazondifonera ndamutoilet achindiudza masweet nothing pabasa pakatanga kunakidza kani.Ndangandadzikama ndisingachataurisi semunhu anebae padhuze ka kunyepera hunhu Nyarie wo akanyengwa nevamwe blazi vaishanda kufruit and vegie ndakatozoona vanhu vamurudo ,zvekuchikoro zvangazvichafungwa nani Ini ndakupengeswa nemusalad wangu oh ndandakanganwa kukudzai Tinashe aizvinzwa kuzvifeeler chaiko apa smart manje anga ari cheese boy ndaitozviona ndenga kuti apa ndakazvibatira shiri yangu dai ndaiziva kuti wandaiona aive fake Tinashe dai ndisina kubvira ndazvifadza nenhema .

Mwedzi wakasvika pakupera naTee( Tinashe ) tichidanana asi time yekuonana paive pasina nekuti taivhara shop late kuti tionane matax aizonetsa kuwana , apa madays acho taioffer madays akasiyana zvaitovewo nemweya izvi kudanana paphone nekusangana mushop zvema2 minutes panga pakatoipa big time but anyway rudo haruna kumira nekuti hatina nguva yekuswera tese kuti timbozivana nekudzidzana ndaitowedzera kumuda zvakadaro .

Tangatatova muna May itoriSunday Tee anga arioff ,mukomana waNyarie ayinziTakudzwa akabva atikumbira kuti tiende naye kwafreeman mutown aizotibhadharira maSunday taivhara shop na6 kuchirikwakachena .

Ini hangu handisi type inofarira mafaro because ndakakura ndichingogara ndirimugate plus hazvisi mandiri ndakaenda nekuti Nyarie akanditi hende umbonoonawo Freeman plus unoda kunoitei kumba ndakangoti bho .Takudzwa aifamba necousin yake ayishandawo kufruit and vegie tisu avo mutown muPtoria .

Kuenda kwatakaita ndainge ndisina kuudza Tee ndandapedzisira kutaura naye ndichiripabasa ndakazodzima phone ndavabusy so ndakakanganwa kuibatidza .Tasvika mutown Nyarie akataurira bae wake kuti angaavanenzara so takatanga kufamba tichinotsvaga chikafu tisati taenda kwafreeman .Nyarie naTakue vaifamba pamberi ka semalovers Ini necousin yaTakue kumashure tichitaura nyaya dzirigenaral hedu tirimukufamba kudaro dhuma dhuma naTinashe hama dzangu ndakaita weak tese tiri4 takasticker Takue necousin yake vaizviziva kuti ndomhanya naTinashe zvazvakuzikanwa mushop u know panzvimbo hapashaike departement remakuhwa ........

*End of chapter*

_Enjoy your day_

*Stay tuned*

Achatii Tinashe maone ake Laila. Neni handimboziviwo kuti kudii . Lets just meet in next chapter.

*Tah loves u all *

♡ *_Editor R. A. P_*☆

[19/04, 21:55] +27 62 360 8993: I WAS BLINDED BY LOVE

Written by TALVIA

A.K.A Mwana waMassy

CHAPTER 0 7

Patakaona Tee takasticka, ndichirikuskul ndainzwa vamwe vachitaura zvekurohwa vacheater ndichitovaseka manje apa chimuti changa chava kwangu mungashaya kuti ndandakutyei henyu but munhu munhu vanhu toona zvakasiyana the way yataifamba nayo waitoti paita rudo apa ndandisingazive kuti Tee ationa kubva nguvai .

Ndakazvisimbisa ndikafamba ndichienda paaiva akamira rimwe team rangu rakaramba rakamira ,ndakashaya kuti ndomutanga ndichitii ndakazongoti " he's Tee" he replied " Lee can we talk in private pliz " thought ndakuzonobhurwa manje cause kwakwakutosviba kwatove kuma7 dzemanheru ende ini kukura kwangu ndaitamba neboys ndaingonzwa dzichitaura kuti Kana baby rikakucheater usarirove pavanhu rova munhu wako muchivande zvinekahujeturumeni nekakurasisa mukati 🤦‍♀.

Ndakangoudza vanaNyarie kuti vaende havo kwaFreeman because rwendo rwangu navo rwanga

rwadirwa jecha .Vananyarie vakaenda tikasara naTee manje apa kana aida kundirova ainyatsondikwapaidza pasina anobata .Tinashe looked straight into my eyes and said"Leee I want you to be honest with me handiti " ndakadaira nemusoro.

He continued " why wadzima phone yako since pawapedza basa 2 urikuitei mutown this time usina kundiudza 3 what relationship do you have with the guy wawanga uchifamba naye" ndisati ndapindura ndakamutarisa kuneso ndichida kuona kuti anga akatsamwa to which level serious yanga yakarohwa anga arimaone ndakanyatsoona face yaMr serious vaive vakandimaka madays andakapinda basa my sweet ,cool and musalad guy anga atiza ᛏ ♀ndakamuudza ndaive ndakanganwa kubatidza phone pandapedza basa ndikazongobuda ndichimhanyira mutown kwafreeman munhu wandandichifamba naye icousin yemukomana waNyari hatimhanyi .

Tinashe akazongonditi ndisazvidzokorodze kana ndichifamba ndimuudze cause anozofunga pasipo ndakamunzwisisa hangu .Ndakabvunza kuti angaauya kuzoitei mutown akandiudza kuti angaauya kuzoona brother yake saka apa anga avakuenda kumba.Takafamba naTee wangu takutotaura zvakanaka asisina kunditsamwira ndopaakandiudza kuti arikundiperekedza kumba eshii ndakabhoikana kusiya Nyarie mutown kumba kwaizonobhowa ndega asika kunerimwe side ndaifanira kuterera bae kuti relationship yedu isaita mahambu ichangotanga .Takawana tax tikakwira takananga kumafias ndichiudzwa masweet nothin nababy wangu .Tasvika pamba ndakamuti apinde dzangadzatove kumato9 pm

Ndangandatowanawo mukana wekubvunza Tee about him I asked and he said"am Tinashe Jimu aged 24 ndogara Silverton necousin brother yangu ndini ndega zai regondo rababa Jimu my mom passed away ndine7 years ndakachengetwa naddy. I dont have any friend ndakakura ndichingogara nadady tingori2 saka zvekuwirirana nevanhu hazvisi mandiri ndirimunhu akaoma I don't tolerate shit I think that's all for now baby" ᛏ ♀me thinking nhai veduwee yedu yekuda zvinhu iyi ndichagara here murudo naTee nehunhu hwake Ini am friendly iye haasi Ini ndirifree spirit iye haasi so what do we have in common ᛏ ♀ndakazongoti hameno Mwari tichasesekedzana tirimo cause ndaimuda shame.

Takataura zvekutokanganwa kuti nguva dzaenda Tee akazooneka dzatovekuma9 to 10 avakuenda

eee mamakutofunga kuti akarara ka hataiita izvozvo munhu nemunhu kumba kwavo.Tee wangu akandiudza masweet nothing and kissed me paforehead akaenda wanted kumuperekedza but akaramba saying kwaisavasafe kunze akati achafona asvika.

Handina kurara ndakamirira kunzwa kuti baby wangu afamba bho here ndopakaringer phone yangu ndakamhanya kunodaira thinking ndiTee apa aive Nyarie zvake aiti achauya makuseni kumba 🤦‍♀. Twelve yakakwana no call from Tee apa phone yake yanga yakuramba ndakaita mudumbu ndaisaziva kwekutevera or wekufonera ndichibvunza .Bp yakatanga kukwira ndakushaiwa kuti manje mwana wevaridzi abatwa nei munongozivawo mujoni kunevanoshanda manheru kutorera vamwe zvinhu.

Ndakatangakudikitira kuchitonhora ndakademba chandaive ndisina  kumuudza kuti arare chii manje ndaizoudza ani 1 am yakachaya no sign of Tinashe Jimu .Zviya zvekuti handishaiswe hope nekuda kwemunhu unenge usati wanyura murudo inzwai Ini ndakapfugama ndichida kunamata asi manzwi akaramba kubuda nekuti ndandatovenemwedzi yakawanda ndisinganamati tisu vaya vainzi tinotsvaga Mwari tava mudambudziko .

Misodzi yakatanga kubuda ndakagara mufloor ziya richiererera kuti ndifonere Nyarie aisadaira phone I needed someone to talk to someone aindisimbisa but aitovemaone zvaitoita sezvinemweya pamafriends ese hapana aive online coz hwanga hwava usiku ndakazongo. .......

End of chapter

Ko Tinashe why asinakufona Lee achaitasei let's meet munext chapter sorry neshort chapter handisikufeeler BHO

Tah loves you all

Editor Young Gweta

[19/04, 21:58] +27 62 360 8993: https://chat.whatsapp.com/GKJw9FOv4Jz02RIMTmdGIE

*I was blinded by love *

*Written by Talvia*

*_A.K.A Mwana wamassy_*

*CHAPTER 8*

Ndakazongoti hameno Mwari ndakazvishingisa kurara asi hope hadzina kuuya ndichifunga kuti why Tee asina kufona 4 am yakakwana ndakasvinura ndakamuka ndikatanga kugadzira kuti ndiende kubasa apa ndandakunzwa mazihope plus stress .Dai isirinyaya yekuti ndaida kunoona kuti Tee wami aiveko here kubasa haa ndaisaenda shame ndaitozonyepa kuti ndarwara .

Ndakabuda pamba kuenda kugraft Nyarie asati adzoka ndichisvika kubasa I checked everywhere Tinashe handina kumuona wekubvunza ndandisina coz taiita luv yekubira 🤦 ♀.

Haaapabasa paiita kurwadza zuvaracho bt ndakatozvisimbisa atova masikati I got a call from mom vachiti ndiuye kuzovaona ndange ndava nemaweeks ndisingaendi kundovaona ndakatofara shame because pese pandinenge ndinestress or ndichifeeler low ndikangoona family yangu ichifara stress yese inobva yapera .Ndakazopedza basa hangu ndikaenda kunoona vanamom apa Tinashe zii hake ndaingonamata kuti ave bho kwaaiva ikoko .Ndakasvika kumba dzatova late kuma9 ndichangogara kafriend kangu kainzi Tinotenda akabva asvika achiti tiende kuchrch kwavo kwaive nepungwe .Apa ndaivenemazihope kuti ndirambe futi nekuda kwandinoita mapunzwe zvaisaita .ooh ndakanganwa Kukuudzai Tino anga ari madzimai so taienda kumasowe .

Ndakanogeza ndikaoneka anamoms kana dzirinyaya dzekuenda kuchurch nekunamata nadady ndozvavaifarira so handairambidzwa zvekudaro.Ndakapfekawo zvakatitsigei ka samadzimai Lee tisu avo pasowe haaa painakidza shame isu tisu vaya vamunoti mahure emachurch hapana madance ekumachrch atisingagone ZCC tiriko Roma tiriko masowme tiriko Pentecostal tiriko .back to my story

Dzatova kuzvi3 am paya hope hadzina kuzombobata because pasowe painakidza kani ndopakasimuka vamwe madzibaba hameno zita ravo handiti ndaitovewo muenzi ndopavakati ndisimuke ndikasimuka paya ndikapfugama ko ndozvinoitwa ka kumasowe . Madzibaba vakabva vati ^"

Madzibaba" madzimai makadii zvenyu mweya wandiudza muwedzerekunamata nekuti ndaona pamberi apo pasimuka mhepo hombe ichazokanganisa mararamiro enyu handina nhombo kana

muteuro wandichakupai asi namatai muwanirwe nyasha ndatenda"

Ndakangiti maita basa nekugara pasi Ini semunhu angaasingatendi kumasowe ndakangoti mudhara vanopenga ava handiti ndivo vaona mhepo vadii kundipa zambuko racho vakavharika.Kereke yakazopera makuseni kuma4 ini ndakabvako nekunogeza kuti ndiende kubasa ndaitozopiwa off Thursday week racho ,ndakatosvika mom's vandigadzirira lunchbox vakandibvunze kuti ndikufungei nezvechikoro ndikangovaudza kuti ndaive ndichirikubatanidza mari dzacho.

Ndakasvika pabasa nguva iripo ndaida kunorara mutoilet because musoro wanga wakurwadza nekusarara kwe2 days ndichisvika panomakiswa register dhuma dhuma naTinashe achitoratidza kuti zvese bho hake apa Ini I was worried about him takangotarisana nekathat look kanotaura takanosangana kutoilet  I asked him why asina kufona akatoseka hake hanzi kuti umboonawo zvorwadza sei zvawakambondiita ndikati konezuro kusauya kubasa akati aive paoff zvakaoma apa day rese haana kumbondifonera Ini chimwe chinhu chandisinakukudzai kuti ndinepride handigone kuratidza munhu kuti ndakaperera or kuti ndarwadziwa I just act cool hangu but deep down ndarwadziwa that's Laila pride kill me ndakazongoti pressure zero as long aribho hake but deep down ndakaita mibvunzo kuti kana achiita tit for tat pakasmall issue what more panyaya hombe hameno Mwari ndovane yese.

Ndakazoenda  patill pangu but musoro wanga watoveworse kuti ndirambe zvaisaita because masenior cashier taive vashoma ndakazvimanikidza kushanda I think kwe1  hour chete musoro ukati unonyepa ndakazongoona ndadonha ndakanomukira kustaff room ndakaunganirwa nanamanager naTee anga aripo I wonder anga andiona nguvai munhu anoshanda mubutcher
🤦‍♀.

Ndakazonzi namanager ndinozorora kumba this time Tee haana kuda kundiperekedza aive busy ndakaenda ndega Nyarie ndakasvika aripo akatorara  akatoshamisika kundiona ndichiuya makuseni kudaro apa pandaive ndaenda kumba kunoona anamoms ndandisina kumuudza because stress yangayakandiwandira ,ndakamuudza zvese zvazvaitika since kuparadzana kwedu nekuzodonha akangoti  "Lee madzibaba wadii wavaterera maybe ichokwadi"

Ndakazongomut ndichanamata nazvo but ndichiziva kuti kunyepa hangu ndakabva ndarara ndakatozomuka kwakudoka Nyarie akutobika ndopaakauya kuzogara paside pangu akati"

Nyarie" Leee from zvese zvaitika so far  between iwewe maMr handsome vako handioni relationship yenyu inekwainosvika wadii kusiyana naye "

Me

" Oh pliz Nyarie zvauya sei u and I noe that mukomana uyu ndomuda ingawani vamwe vanoti look for Mr left and make him right tichagadzirisana hedu" Nyarie akazongoti as long urihappy lil sister.

Takazorara zvedu tachinjanyaya naNyarie weeks passed naTee taive takunzwanana shop yese yanga yakuziva kuti todanana anga akungoti pakapera maminutes ouya patill pangu oti" Leee wangu I love and love  you too much wakanaka babe wangu usazonyanya kusekerera makacustomer handiti" ipapo manje ndainzwa tops kumhanya kuzvibigger kuti ndadiwa mhani ende zvekucheater zvaisava mandiri ende vamwe vakomana vangavasingachataure neni because of Tee vaimutya .

Rimwe zuva Tee akanotora roster akagadzira maoff evanhu and akaita kuti tioffer same day.Akandiudza  ende ndakafara cause ndandakumboonawo bae wangu pasina chaunga tiri2 since tadanana tatisati tambonyatsowana day rese rekuswera tese manje apa tatawana nguva I couldn't wait taizo offer iriWednesday   apa that day yaive Sunday 2 days left     .....

End of chapter 8

Chii chichaitika paWednesday apoozvichapera BHO her ????? Let's meet munext chapter sory nekunonotsa book munyori haasikunzwa zvakanakana mazuvano but I'm trying and will keep on trying to make u all happy . May God bless u all .

*Tah loves u all *

*Editor R. A. P*♡☆@

[19/04, 21:58] +27 62 360 8993: *I was blinded by love *

_ _

*Written by Talvia*

_A.K.A mwana wamassy_

*_CHAPTER 9_*

Mazuva haana kumira kufamba nekuti Lee naTinashe varikuda kuonana .Ndakaudza Nyarie about maplans angu ethat coming Wednesday akangoti be careful younger.Days passed Wednesday yakasvika ndakamuka bho ndakaita basa repamba ndageza ndakapfeka simple hangu ndakafonera Tee kuti ndangandapedza akanditi ndimire maminutes he was coming .After 30 minutes Tee akasvika yooh he was looking superb shame angaatowedzera kunaka .

I smiled then said " bae waLeee wakanaka wakachena shame haaa ndinechoice "

Tinashe " u too bae u look good I just love the natural you are no make up " .ndakazongosekerera takabva tapinda mutax naTee wangu handaitomboziva kwataienda ndakangoti tichaona tasvika ikoko.

Takapinda mutown takaenda kumovie house I wasn't expecting that because Ini handisi munhu anoda zvemamovie house thing better kutoona movie yacho pamba hameno kuti kuomera here or what ndozvanditori zvimwe zvese bho but panoti movie apa haaa 🤦‍♀semunhu aisada kushora bae wake ndakapretender as if I was happy kuti afare ka ndaizomuudza nekufamba kwenguva kuti ndaisazvifarira .Takaona movie bho ndandatorara hangu because raitobhowa apa iye he was enjoying regai Winky ayimbe kuti good yangu haisigood yako anga azviona.

Movie yakapera ndange ndatove nenzara zviya zvekuti unonyara munhu wako inenge isati yakuruma Ini handinwire poison mukunyara ndakamuudza akaseka hake and he said "kana uchifamba ibva wadya kumbakwenyu ko kana ndisina mari yekutenga food" this dude ndakamuudza kuti atoona yekutamba haaa pachikafu hunhu totomboisa paside I love eating ende handinyari kana munhu. Akazonotenga chkn and chips takaenda pachurch square kunodya takagara hedu mupark .

Ndakazongoona munhu anyarara ndakasimudza musoro kumutarisa , akatonditarisa I was like 🤦‍♀and then akabva ati

Tinashe" Laila Mashabane  I love you always know that ,you are beautiful my girl wish this to last forever kunze kunevamwe vasikana wakanaka kukudarika but all I want is  you usazondirasisawo pliz ,apa bamunini vako vakuziva kuti we are dating vakatonditi ndisiyane newe or else basa rinopera but better ripere zvaro because  handisi kuzosiyana newe bae  so tell me more about you"

Me " thank you Tee for loving me, ohk Laila is a talkertiv girl sociable free spirit aged 20 (  by that tym ndoandaivenawo) ndirithird born mumba medu 3 boys 2 girls maparents  angu arimuno am still a school girl ndikuda kudzokera kuskul nekuti ndakafoira so apa ndirikushandira mari yacho " Tinashe akazondivimbisa kuti achandimirira kusvika ndapedza chikoro iyewo aiti akanyora A level aidakuzondoita nurse .

Takaswera bho naTinashe wangu tichiudzana masweet nothing kissing mupark imomo maitove nevanhu but when you are truly in love hautombozvione izvozvo  but taisaita  zvinomakisa mababy kiss only maiziva Dzatove kuma4 takadzokera  kumba takapfura nepamba pavo brother yake yaitovepo ayinzi Tawanda  ,Tee akavapa maintro vaive mumhu bho shame ende vaitaurisa takatonzwanana 2 minutes idzodzo hanzi mukadzi ukangoitisa mpfanha wangu ndorova ayas ndakangoti handidaro bakuru ndakazooneka sezvo time dzainge dzaenda ndakunanga kwangu Tee haana kuzoenda neni akangondikwidza akati achazofona.Ndamutax ndandatosuwa Tinashe wangu ndakatanga kufunga zvataive taswera tichiita 🤦‍♀️papasina yekutamba than kutoenda kumba.

Ndichingosvika Tee akafona achida kunzwa kuti ndafamba BHO her ndakamuudza kuti ehe akazotanga kundiudza ma love you haa he was so sweet shame voice rake ndoraindiita ndipinde mudenga rechinomwe you know mavoice emasalad anekakunoza mukati so .

Ndakatozorega kutaura naTee fon yadzima dzatove kuma6 ndakatanga kubikira Nyarie ini ndangandakaguta day racho not nemachips but nerudo chairwo Nyarie akazouya akangosvika nekutobvunza kut ndobva madii paya haa asahwira vangu nyaya vaidzida shame I told her

everything akati

Nyarie  "am happy for you younger hope haazochinji Tee wako ende makumbo usavhure nhaika isai key uko"ndakangoti zvanzwika vakuru .Mazuva akafamba rudo ruchiwedzera pakati pangu naTee tanga tatova ne4 months tichimhanya  tichingoonana patawanira mukana mutown or mumapark ukowo anamoms ndainovaona ndineoff ende handina kumira kuchengeta mari yekuchikoro

Gore ratopera tatopinda munaMarch Nyarie aive nebirthday urimusi wa4 so Ini naTakue takafunga kumuitira surprise party  takatoenda kubasa tichiti zveparty yake tozoiita manheru tadzoka Ini hangu ndaisava munhu wemaparty but apa yaiveka yacc ndaitofanira kutoita zvaivepo.Tichisvika kubasa taingonzwa vanhu vachingoti makorokoto Mr Jimu apa mazogona tikatoshaya kuti ko hanzii ndopandakazosangana naye kustaff room akandiudza kuti aive atenga mota vits I was happy for him shame but kunerimwe side ndakasuwa kuti bae wangu akuzohura manje because vasikana vazhinji vanoda panonhuwa mafutaka ndakazongozvisimbisa nerekuti anondida haangadaro.

Ndakatenga cake raNyarie ndakakoka vanhu vepabasa ndikahaya tax yaizotakura vanhu vaida kuenda ehe ka selittle sister ndaida kumufadza chikafu chakatengwa  naTakue bae waNyarie Ndakaudzawo Tee nezveparty akatoti zvimwe taizoisa mumota make I was happy that day apa Nyarie aive low tatisina kumuimbira happy birthday takamusiya akadaro sevanhu vaiziva ikuitika takakumbira kamwe kamucashier kuti panotinopedza basa ayende naNyaa kumba kwake  mutown kuti tinogadzira zvinhu kumba akamboda kuramba akazobvuma .

Dai ndaiziva zvaizoda kuitika kuparty dai ndisina kumbobvira ndagadzira zveparty          ......

*End of chapter*

Chii chichaitika paprty apo THIS IS JUST THE BEGINNING . Ndopave kutangira nyaya yebook redu stay tuned munzwe zvakawanda. Apa ini wacho ndakanganwa hangu asi this is a real life story so chakuudzai .

*Tah loves u all *

_*Editor R. A. Pieter.*_

[19/04, 21:58] +27 62 360 8993: https://chat.whatsapp.com/GKJw9FOv4Jz02RlMTmdGIE

*I was blinded by love *

*Written by Talvia*

_*A.K.A mwana wamassy*_

*CHAPTER 10*

Time dzakudakukwana dzekupedza basa ndakakumbira manager wangu kuenda kumba kunogadzira party akabvuma,ndakaenda nekamwe kamucashier kakandibatsira kutakura chikafu chachatengwa naTakue ukuwo Nyarie ndaingomunzvenga .

Takasvika pamba takacleaner kufanobika zvimwe after hour team rekubasa rakauya nanaTee ndopandakatoona kuti namanager wekubutchery friend yabamunn vangu aive auyawo apa ndaivarespecter samudhara.Zvese zvaive mugwara takagocha vamwe vachigadzira masalad, vanaTakue vakatenga madrinks chete paisava nedoro ko ndazivei kuti varikunyepera hunhu.Takazofonera mucashier aive aenda naNyarie kuti vachiuya we waited for 45 minutes akaisa mssg achiti vaburuka tax ,takadzima malights nemusic munhu wese akanyarara vakapinda anaNyarie takabatidza light munhu wese achiti surprise aaaa akafara haana kukwanisa kutaura takangooona akuchema .

Ndakazotora Nyarie wangu ndikanomuchinja party ikatanga vanhu vepagraft vakamutengera mapresents even friend yabamunini, Takue akamutengera phone haaa pakafariwa shame .Dzatove kuma9 manager vakati vakuenda kumba kundorara because vaizoenda kubasa mangwana acho takavaoneka vakarova pasi .

Ndopakazotanga hunhubu manje Takue akapinda mumba akaenda pasi pebed akatora doro randakashaya kuti anga atenga nguvai paive nema4th street typ netype yemawine nerinovava akanoisa panze .Vanhu vakatanga kunwa kusanganisira naTee I was even shocked kumuona achinwa because aiti haanwi ndakatomubvunza akati ndozuva rake rekutanga ᛘ ♀ ainwa mawine .Tee akazonditi ndimbonzwawo zvarinoita ndakatanga ndichiramba because kubva ndichizvarwa handina kumbobvira ndanwa or kutaster doro. Ndakazobvuma pavapaya ndatanga kunwa 4th Street iyo yemanyemwe iyi anaTakue vakauya vakati ngatione Kut ndyn anopedza 3 liters ye4th street iyi arione.

Isu anamusandipfure Jesu ndikati hunzai kuno hwanga hwakushanda mumusoro manje ndakanwa 4 glass zvimwe handichazivi zvakazoitika but chandakazoona pandakamuka ndakaona ndakarara ndisina kupfeka pasame bed naTee veduweee I couldn't believe it zvaisada kubvunzwa zvaitove obvious kuti humhandara hwangu hwaive hwaenda ndakadhakwa

imajeni.Apa kukura kwangu ndaigaronamata kuti Mwari vandichengete ndizopahumhandara hwangu kune achandiroora regai Gushungo akati zviroto zviroto shuwa .

Ndakapererwa kushaya kuti ndochema here 🤦‍♀️ ndoridza mhere kutarisa Teee aitove achitoridza ngonono zvake kutoratidza kuti zvese bho .Ndakamuka ndichida kuenda kutoilet pain yandakanzwa pakati pemakumbo was too much. ndakazvishingisa kufamba kuenda kutoilet kunogeza ndapedza ndakagara imomo ndakatanga kuchema, ndakaona zvirinani kufa shuwa nekudiwa kwandaiita nemaparents angu kumba kuhammaskral vanhu vemumarain vaitondifarira ndichinzi ndinehunhu ndakadzikama now this .Ndakaona kuti life is unpredictable at anytime anything can happen handaimboziva kuti kunwa doro kwandakaita kuchanditorera humhandara hwangu ndopaunoona kuti humhandara hukangobvira hwabva haudzoki nekuti dai hwaidzoka nekuchema dai hwakadzoka that day.

Ndakachema kusvika ndarara mutoilet ndakapepuka atove masikati ndakarara pabed .Pandakatarisa ndakaona mumba munaNyarie ,Takue naTee handina kukwanisa kutaura misodzi yakangoerera . Ndakazokumbira vanaNyarie kuti vambobuda ndaida kutaura naTinashe .

Me " but Tinashe why "

Tinashe " what's up with all this Leee why urikuita semunhu anga arimhandara nxaa sry kwacho ndarara newe ndakadhakwa ndandisina kuzvironga Ita semunhu mukuru mhan " I couldn't believe kuti munhu aitaura apa aive my sweet charming Tee .

Me " Tinashe ndiwe here waukundidaro wabvisahumhandara hwangu wakuti ndandisiri mhandara uneshuwa "

Tinashe" kana wanga urimhandara riripi ropa racho handisi bharanzi mhani iwe tibvisire misodzi

yenhema iyo "

Ndakashaya chekutaura munhu andibvisa humhandara but avakutaura pfocho hake only God knows neniwo ndakatoshaya kuti what happen ndakabuda turopa tushoma shoma apa ndaigaronzwa vamwe vachiti unobuda rakawanda maybe ndaivenelow blood 🤷‍♀

Me " thanks for everything wangu patakadanana pakwanwa Mwari avenewe you can leave now "

Haana kutaura akabva atobuda hake ndakarwadziwa kusvika pabonzo don't want to lie Tee ndaisafunga angandidaro haana even kundinyengerera I regretted day randakamuda but ndaigodiiwo nekuti I WAS BLINDED BY LOVE .Nyarie naTakue vakapinda I explained everything kwavari Nyarie akaita hasha but Tee anga ayenda hake mwana wavaJimu .

Ndakazoswera nanaNyarie but ndaiita kurwadziwa ndaitozamawo kuzvivanza but the pain was too much for me apa the next day ndaida kuenda kubasa ndaizoshanda sei ndaizofamba sei kubasa kwacho ......?

End of chapter

Laila achaenda kubasa here? Tee yaaitabho her? *SHE WAS BLINDED BY LOVE*

*TAH loves u all *♡☆♡

Editor *Resistance Aka Pieter*

[19/04, 21:58] +27 62 360 8993: https://chat.whatsapp.com/GKJw9FOv4Jz02RIMTmdGIE

*I was blinded by love*

*Written by Talvia*

_A .K.A mwana waMassy_

*CHAPTER* 1 4

Mom" but Laila why "aizve ndakatoshaya kuti ko mom's varikuchemei ndiani afa ndatadzei kuona mai vangu vachichema kwakandirwadza too deep zvekuti ndakapedzesera ndakutochemawo nechandaichema ndaichishaya as if ndaiziva zvavaichema 🤦‍♀.

Doctor vakabva vapinda vakasvika kubvunza kuti ndaiva ndakunzwa sei ndikavaudza kuti ndandanani and I asked him

"nhai Doc ko ndikurwara nei "

Anamoms vakaramba vakanyarara vachingodzungudza musoro

doctor replied " my daughter hauna chirwere chaunacho it's just that you are pregnant so it's normal kudonha maybe wanga waswera wakamira the whole day you must rest"

Mashoko akauya sepfumo pamoyo pangu ndakatombotenderera brain zvetime iyoyo ndakashaya kuti ndozviudza mhere kana kuti ndodii ndakatanga kuzvitongesa kuti nhumbu yacho ndaiwanepi ndiani aizondinzwa kuti handina munhu wandairara naye ,ndakatozozungunutswa nadoctor ndatova kunyika yangu ndega doctor said" daughter are you ok "

Me " am not how can I be pregnant ndisina munhu wandaiita musikanzwa naye Doc how?"

Doctor " ever since hauna munhu wawakamborara naye here"

then boom ndakabva ndafunga day reparty ndakangokwanisa kuridza mhere,mom's vakangosimuka vakasvikondipa zikumbama imi mbama iyi ndakainzwa mukati mebonzo chaimo .Ndakadonha pasi ndakatanga kubuda mututu mom's vakazobatwa nasahwira wavo vaitoda kunditsotsonya muchipatara .Doctor ndopavakazoudza mom's kuti kundirova kwaisabatsira nhumbu yaive yavapo chasara kuziva muridzi.Moms vakazodzikama doctor vakandibvunza futi kana ndaive ndine wandaive ndarara naye .Handina kumbovavanzira ndakavaudza zvese zvakaitika ndandakutya kupiwa zikumbama futi .Mom's pavakazvinzwa hasha dzakawedzera vakasimuka vachida kundirova vakabatwa nadoctor nefriend yavo .

Akati atanga kuvava mwana wemuera gwai

Moms"nhasi ndoda kukuuraya imbwa iwe waiita basa rekuvhura makumbo usingadziviriri uchinwa Doro hako ndakakubvunza ukaramba kundiita benzi ndakakuendesa kuchikoro kuti ufambe uchimitiswa nhasi uchandiona iwe ...." Havana kukwanisa kupedza hasha dzadzakavawandira uku vachichema ndakawedzera kurwadziwa kuona mai vangu vachichema that was the last thing I wanted in my life ndakangokwanisa kuti nechemumoyo mom am sory .

Moms vakazobuda nadoctor nefriend yavo kuenda kuoffice kwavo ndakasara ndichichema zvaisanzika misodzi ndoyaingoerera kungerwizi ndakatanga kufunga kuti vangu baba

vaizonditambira sei?apa ndaitoziva kuti vanoponda not kurova munongoziva munhu akamboita musolder ndakademba kufa hangu handaizopona nadady here ukuwo kuona mai vangu vachishungurudzika nekuda kwehupenzi hwangu pain yandainzwa yaiita kunge ndirikubaiwa netsono pachironda chichirifresh , to the other side Tinashe aizotii isu tatisingachawirirane apa akatombondibvunza ndikaramba

The pain was more than too much ndaive ndisina wekuudza aindinzwisisa or kuchemera apa fon ndaisaziva kwayaive ndaida kumbotaurawo naNyarie maybe ndaizonzwa zvirinani.

Ndirimukati mendangariro kudaro vanamoms vakadzoka serous yavaive vakarova kumeso ndaingoti Chero zvamafunga kuita itai ko ndaizodii nhumbu yaapo .Moms vakasvika kundiudza kuti ndichinje tatakuenda kumba ndosvikopfurira kumuridzi wenhumbu.Handina kupindura ndakangoterera ndandisina choice takabuda muchipatara takananga kumba mom's havana kumbotaura vaive vakangonyarara friend yavo ndiye akazoti " Lee mwanangu watokura so wotoshinga imba inoda kushinga ndozvawakada" .

Ndakangokwanisa kudonhedza musodzi kuti shuwa vanhu havasi kundinzwisisawo my side of the story handina kuzviita ndichida. Ndakatanga kufunga kuti shuwa ndini here Lee ndakutonoita mukadzi waTinashe ini ndanga ndisati ndakutomborota zvekuroorwa saka chikoro zvazvavharana .

Ndaive panguva inorwadza kupfura tsaona .Takasvika kumba lucky Dady vaive kubasa ndakawana sisi vangu vaigara mutown varipo but vaisafara .

Patakasvika sisi vavabika asi hapana akadya kana unestress chaiyo food haidziki pahuro bvunzai ini takagara pasi ini ,mom ,friend yamom nasisi mom's vakaudza sisi nyaya yaivepo .Sisi vakangotura befu vakandibvunza kana iye muridzi aiziva ndakavaudza kuti aisaziva mom's vakati vatanga havo kutaura imika:

Moms" wakangwarira nhema kungwarira zvisina basa waitadza kuona kuti unenhumbu ko kubvunza iwe urizibenzii iwe"

Hapana akapindura vakapopota kusvika vanyarara am sure vanga vaneta papakaipa sisi ndopavakazoti taifanira kufonera Tinashe wacho ndimuudze ipapo ndakanzwa mudumbu ndakazongobvuma hangu but ndaitoziva kuti Tinashe acharamba ndakangozvisimbisa kuti kana aramba either ndozviuraya or kutiza pamba handidi kupa vanhu mutoro.

Ndakapiwa phone yangu namoms then I dialled number dzemwana wavaJimu yakaringer ka 2 pechi3 akadaira.

Tinashe " Halo leee where have you been I was calling you since morning usingadaira usadaro " ndakashaya kuti ndomupindura kutii fon yaive paloud ndopandakazoti

me" Tinashe ndine nhumbu yako ndazviudzwa kwadoctor nhasi saka anamoms vati ndiende kumuridzi huya unditore"

Tinashe".......

*End of chapter*

Lee apinda maone

Tinashe achatii?feel free to comment . Handisi kuziva kuti akati chii apo lets meet in next chapter timbonzwirira . Nyaya iyi ingangopera soon asi tikutanga rimwe nhasi

Thanks for your support and like guys

*Tah loves you all *

Edited By . *R. A. Pieter*

[19/04, 21:58] +27 62 360 8993: https://chat.whatsapp.com/GKJw9FOv4Jz02RlMTmdGlE

Share Please.

By Talvia .♡.♡.♡.☆

*I was blinded by love *

*Written by Talvia*

_A.K.A Mwana wamassy_

_*CHAPTER 11*_

Husiku ihwohwo handina kuvata ndichifunga kuti ko ndaive ndaitei why ndaive ndabvuma kufuririka zvakadaro munhu wandaiti anondida never loved me .Hope dzakatoramba kubata apa Tinashe kana kufona hake , Nyarie akamuka achida kuenda kutoilet akaona ndakamuka then she said

Nyarie " younger kusvika rini uchichema zvatoitika girl chitoshinga it's party of life watodzidza so heyy did Tinashe used protection"

Me" I don't know Sisi " 🤷‍♀️

Nyarie " ndakanganwa kukubvunza paya that means unofanira kutenga morning after just in case younger "

Me" what for sisi handina nhumbu ini hapana nhumbu inobata neone day plus I once heard hazvisi right kunwa mamorning after anokuvadza chibereko Mwari varikuziva kuti I didn't want this hangamboregi ndichiita nhumbu noo "

Nyarie tried her best kunditi ndinwe mapills ndakarambisa ndaitozvisimbisa problem ndinenharo even kuchikoro maths dzaitondivhara .Nyarie akatozorara aona kuti ndakaoma musoro akangoti hope hauiiti nhumbu ndikati hazviiiti .

Ndakazama kutsvaga hope ndichizvisimbisa dzakaramba kuuya ndakatanga kunzwa music song yakiller t rudo ibofu sometimes dai ndaizivawo ndisina kumbonyura murodo newewo my love;( singing )

ndakaiisa parepeat chaipo ndichifunga zvese zvakaitika kutamba day randakatanga pabasa kuzodanana kwangu naTinashe nekuzondirwadzisa kwaaive aita.The pain was just too much amana ndaizoudza moms kuti chii apa vaigarondiuudza kuti ndisabvuma kuti mukomana atambe nemuvuri wangu manje so vanoziva humhandara vaihukoshesa or vanohukoshesa know what I am talking about ,ndakatanga kufeeler useless apa kugraft ndaive that kind of person aizvibhiga nekuti I was still a virgin vanhu vachindiseka kuti ndakapusa. I still remember this other day girls rinoshanda kumaflowers rakandideedza richit ranga ranzwa ndichitaura mutoilet kuti ndichirivirgin so vaida kuona through mabreast nepamakumbo pavakaona kuti ndaisanyepa veduwe ndakasekwa hanzi uchiri kanhanha.

Manje huvirgin zvahwaive hwaenda ndaizoitasei .Kwakaedza ndichingochema maziso akazvimba Nyarie paakandiona ndakazvimba maziso she was shocked and worried akati

Nyarie"younger I know it hurts bt if you focus on the hurt you will continue to suffer but if you focus on the lesson you will continue to grow crying will not bring back your virginity

uchatozorwara apa Tee wako haana kana kutombofona asi ndakambokuudza younger kuti Tee wako I don't trust him but u didn't listen now this musiye ndirikuda kupedzerana naye kubasa ikoko nhasi "

Me " am trying my best Sisi to be strong but I just can't the pain is too much Tinashe out of all people I WAS BLINDED BY LOVE.Tell me something what really happened for us to end up munomu imi maivepi why musina kunditsiura Sisi why"

Nyarie akazondiudza kuti vakanga vaenda kumba kwaTakue oh forget to tell you Takue madays aakatanga kudanana naNyarie akabva atama akauya kuzogara kumafias.back to my story

Tinashe aive audzwa kuti achanditarisa that means aive akatozvironga zvakaoma shuwa .Takazogeza but eyy musoro wangu wairema chaiko kunge ndakatakura dombo Nyarie aingondisimbisa but aive maone ndaitonyara kupinda mushop kuzoti Tinashe ndaingofunga kuti patichasvika pabasa Tinashe anenge audza munhu wese ende ndichasekwa sezvandaigara kunzwa nemafriends angu boys dzandaitamba nadzo kuskul kuti vanoti vakapedzera munhu vaiudzana pachimafia kuti vapiwe sando .

Takasvika pabasa vanhu vese vainditarisa I was very low zvaitooneka kuti something was wrong munoziva munhu anogarotaurisa akanyarara munotoona kuti something is wrong ndozvaiitika kwandiri ndaingonyepera kuzvishingisa but maziso angu aive akatozara misodzi yekuti ukangomavhara misodzi inobuda .Ndangomhoresa vanhu imwe iyaiya.

Ndakaenda kundomakisa register Nyarie anga angori paside pangu manager wedu akatondibvunza kana ndaivebho ndikanyepa kuti ndairwara akabvunza kana ndaida kudzokera kumba kundozorora ndikaramba ndikati ndaida kumopa .Mungashaya kuti sei ndakaramba asika kumba ndainowedzera stress.

Ndakafamba zvishoma nezvishoma kuenda kustaff room naNyarie. Takapinda tikagara pamachairs aivemo ndichida kumbozorora sisi vangu vachingondisimbisa door restaff room rakabva ravhurwa takacheuka tese kaone wanei ndi........

*End chapter *

Ndyn akaonekwa nanaLaila ? Laila zvaaramba kunwa morning after bhoo her lets meet munext chapter. Stay tuned for the next chapter hope u are enjoying the book.

Comments makes me feel better gys please comment.

*Tah loves you all *☆☆♡

Editor. @ _*Resistance A Pieter*_ ♡.♡.♡⤳

[19/04, 21:58] +27 62 360 8993: *I* *was* *blinded* *by* *love*

*Written* *by* *Talvia*

A.K.A *mwana* *waMassy*

*Chapter* 1 7

I know vazhinji venyu murikundishoora kuti why ndakabvuma kusiwa kunaMevy ofwhich ndandava mukadzi wake neniwo handitozi kuti hwahuri hudiki or what ndaitozviudza kuti ndofanira kuterera chese chataurwa naTee nekuti anga avamurume wangu ende ndandakuona as if hapasisina ainditorawo semunhu nekuda kwezvakaitika plus mukukura kwangu ndaingonzwa kuchinzi mukadzi anofanira kuva pasi pemurume I mean kumuremekedza that what I was trying to do ndisingazivi kuti ndaitopa mwana wavaJimu mukana wekundiita bhora rake.

Pakabuda vanaTinashe takabva taienda kwalandlord kundovaona Mevy achivaudza kuti anga akugara neni landlord wacho aive mutswana .Mevy akanoka pakabuda murume anga aneface yakashinga kwete kuti anga akarova serious but kuneta face zvelevel repamusoro bhaibheri rakati hakuna akashata munhu anonzi akaneta face ndosaka ndadaro.He welcomed us zvakanaka Mevy akamupa maintro nekumuudza kuti ndandakugara naye till zvinhu zvangu zvabatana nekuti ndaive nemurume ndinenhumbu ivo landlord vaingosekenyeka nechaisekesa ndakatochishaya ndikangoti maybe vakamborwara pfungwa ndopandakazonzwa vakuti

Landlord" you are still young hey why did you rush into marriage anyway feel free this is home if you have a problem don't hesitate to tell me neh"

Me " thank you"

Landlord "so where is your husband staying"yoo ndandatova muinterview paya ndisati ndadaira Mevy akabva ati

Mevy"her husband is staying at work "

she had to lie zvaizoita her kuudza munhu kuti murume wangu aigara around apa ndisingagari naye the worst part of it ndine nhumbu ndopaunoona kuti vanhu vanosiyana ndichiri musikana ndaigaronzwa kuchinzi murume wako anonyanyakukuda unenhumbu nepamunenge mu changotanga kugara mese rudo ruchibvira bt kwandiri it was different instead yekugara nahubby akatondiendesa kundogara kumutorwa kuratidza kuti aisatove nebasa neni but ini zvese izvozvo ndaisazviona nekuti *I* *was* *blinded* *by* *love* ndaitoona kunge zvese zvaive bho .

Landlord havana kuzomboramba vachibvunza havo but ziso ravaindipa ndakatoshaya kuti vavanyatsoonei .We went back muroom medu Mevy akatanga kurongedza zvinhu zvanga zvauya nanaTinashe ndopandakazobvunza

Me"nhai sisi family yalandlord irikupi yandisina kumboona "

Mevy " vanogara vega mukadzi wavo akashaya vane nemwana one mukomana vakamudzinga nekuti aibira vanhu "

Me" yooh inga maone vanoenda kubasa her "

Mevy "ehe nditeacher apa vanogara vachiuya nevana vechikoro vachivavharira vanoti vanoda vasikana vechidiki vachirinedzinobuda ropa but handina kufarira ziso ravakupa little sisi be careful this man anoda maskirt too bad ndakatombonzwa kuti vanhu vaigara pano vakabva nenyaya yekuti akabata musikana aigara pano neboyfriend yake chibharo mukomana wake asipo arikubasa you know that think yemazimba yemukomana nemusikana vanongogara vese pasina kuroorana so musikana akauya akaudza bae wake mukomana akanobvunza landlord vakamubuditsira pfuti vakati kana akangozvitaura vanomuuraya and again iforeigner haana mapaper akakwana vanonomusungisa akabva avadzinga pamba pake anehutsinye murume iyeye ini handitotauri naye dzinoenda kure ipapa"

Hey papakatoipa mudhara wacho nyaya dzake aitove maone ndopaunoona kuti kunevanhu vanehutsinye shuwa ungarara nemukadzi wemunhu pedzezvo wovadzinga Ndakazosimuka ndakuda kubika Mevy akaramba hanzi urikuda kukwadza mwana tigarirei pasi she was so sweet shame akatanga kubika ndakagara ndakamutarisa misodzi yakatanga kuerera Mevy paakaona ndichichema akatoshaya kuti ko chii futi ndopaakabvunza ndikamupindura kuti

Me" Mevy I wish care yaunondipa iriyo yandinopiwa naTinashe he doesn't care about me izvezvi haana kumbondifonerawo kuti anzwe kuti ndasara sei ndirworudo rwacho here nhai sisi this guy used to love me zvaionekwa nemunhu wese but now achinja don't noe why "

Mevy "it's ok younger you are like a little sister to me Tinashe mupe tym mybe angaasati akuda kuroora wotoshinga love for the sake of your unborn child watokura so hanti ende usawara am here for you ...... iwe wakazombofonera mama here uchivaudza kuti wakafamba sei "

Me " I will try my best to be strong tho it hurts "Mevy akazondinyararidza tikachinja topic.

Tee zvaindiita zvaindirwadza ndikafunga kundinetsa kwaaita achindida achindifonera 5 o 6 times per day achindiudza how much he loves me ndaishaya pandaive ndatadza chakaita kuti achinje maybe inyaya yekuda kundifixer kumuramba kwandandakamboita dai aiziva kuti zvaindirwadza sei aisadaro ndonguva yandaidawo his love and comfort but he wasn't there pamwe kwaari aive achitofara hake

kutokanganwa kufonera mom 🤦‍♀️ am sho she was worried about me ndakakumbira fon yaMevy nekuti yangu yaive isina etym ndakafona number ndaidziziva nemusoro yakaringer nekutodairwa ndakambonyarara ndichishaya zvekutaura ndikazoti

Me"mom ndiLee murisei"

Mom"AAA mwanangu urisei ko kusataura kuti wakafamba sei was worried apa kunobaba vako varikuvava hanzi makaisepi mwana wangu kurisei hako wakagara zvakanaka here"

Me" ndakachinja line mom kurinani hako.."

Ndakazoudza mom's zvese zvakaitika kubva day randabva kumba but zvekurara mumota handina kuvaudza zvaizovakwidza bp ivo havana kufara nekugara kwangu nemusikana wefriend yaTee vakati ndaifanira kugara naye kwanogara than kumutorwa ipapo vaive right but ini ndakangozviudza kuti maybe arikuzvigadzirisa takaitana magudbye namoms vangu ndandavasuwa 2 days idzodzo asi I was still shocked nekupindura kwavakandiita varicool

waisambofunga kuti ndiye uya mwana wachuu wekupopota moyo wekubereka ndowakaita kuti vadaro I gues, vaitoratidza kuti vandiregerera I salute vese vana mom's chero nyika yese ikakuramba ikakushoora sei asi mai vako  vanongokuda nekutadza ikoko nezvandandaitira momie vangu ndaisakodzera kuregererwa buh vakaramba vachindida zvakadaro.

Takazodya hedu naMevy tichiikurukura dzehupenyu mangwana acho aienda kubasa saka takakurimidza kurara Tinashe haana kumbofona hake ende handina kumbozozviisa mumusoro nekuti ndaive nemunhu anovaraidza.Mangwana acho Mevy akamukira kuenda kubasa ndakasara hangu ndakarara ndakazocleaner and went back to sleep coz ndandisina zvekuita ,atove masikati ndakanzwa door kuvhurwa rarisina kukiyiwa ndikatoshaya kuti ndiani nekuti Mevy aidzoka manheru ndakasimudza musoro kutarisa wanei ndi......

*End* *of* *chapter*

Tee arikumbonyatsoitasei ko landlord bho her let's meet munext chapter tinzwe kuti ndyn akavhura door

Tah loves you all

[19/04, 21:58] +27 62 360 8993: *I* *was* *blinded* *by* *love*

Written by *Talvia*

*A.K.A* *mwana* *wamassy*

*Unedited*

*Chapter* *12*

Pakavhurwa door repastaffroom ini naNyarie takacheuka ndokuona Tee achipinda hake ini ndakabva ndatarisa pasi ndainyara kuti saka mukomana uyu akutondiziva ndisina kupfeka apa haasi murume wangu vakabviswa humhandara muchirikuhuda or muchihukoshesa you know the feeling.Nyarie akabva asimuka akafamba kuenda paive pakamira Tee akati " hey you Mr musalad handina kukuudzai kuti muchengete Lee here ndakamusiya kwauri because ndaikutruster  only to find out that you are nothing  but a player manje listen to me my little sister will leave without you kana wanga uchifunga kuti achakunamata nekumubvisa humhandara kwawaita Mwari avenewe Tinashe Jimu ende hazvinakumbokufita nxaaa"

Nyarie akabva adzoka kugara pasi thought Tinashe achataurisa but to my surprise akaramba akanyarara akafamba kuuya pataive akapfugama akatanga kukumbira ruregerero .Ndakatoshaya

kuti ko yaipi nezuro wacho aitaura yaada apa akukukumbira ruregerero zvandinoona ini munhu akatanga kubuditsa musodzi paya ayas .Takaramba takamutarisa hatina kumbotaura naye achishuta firimu zvake mwana waVaJimu.

Ndaisatomboda kumuterera takasimuka takatora mamop tikaenda mushop kunomopa hedu tikasiya drama boy vakangopfuma .Pataimopa wese aive auya kuparty kwaNyarie aingoti but Lee unodhakwa mboko wakashuta mafirimu paparty ndaitonzwa kuzvinyarira munoziva kudhakwa zvekusaziva zvaunenge uchiita wozongoudzwa nevanhu konyadzisa big time hauzozive kuti waipenga to which level .I vowed to my self that will never drink again apawo Tinashe aiita kunetsa achida kutaura neni ndichimunyararira .Zuva iroro ndakaswera ndirilow ndichizvinyarira handiti vamwe vanoti kana munhu warara nemukomana karikekutanga zvonekwa so ndaitofunga kuti vanhu vaindiona ,apa guhwa rakafamba kusvika munzeve dzabamunini vangu kuti mwana wenyu aive akadhakwa kuparty zvakaipira kushanda pabasa nehama sometimes ♀.Bamunini pavakazvinzwa vakaremerwa havana kumbondibvunza kuti ishuwa here vakabva vatofonera moms munongoziva kune vanhu vanechipo chekuisa maspice mumakuhwa .

Shoko rakazosvika kunanamoms kwakunzi mwana wenyu chava chidhakwa ,atove manheru I received a call from Mom vachivava hanzi kana zvichinetsa siya basa racho handina kukwanisa kupindura nekuti ndaive wrong plus vaitoratidza kuti zvaive vaudzwa vaizvibelivha apa ini ndaive ndangonwa kaone . Mukutaura kwamoms waitonzwa kuti vaive vakatsamwa and she was disappointed ndakazongoti sory momie ndakazonzwa avamudhara akutaura kuti ndichinje hunhu or else vaizouya kubasa haaa panga paipa zveshuwa ndakademba chandakabvuma kufuririka takakwira tax kuenda kumba tikawana payard pedu pakamira mota yaive yakafanana neyaTee takangoti maybe kufanana takapinda mumba ndopatakanzwa nock kunovhura kudai ndiTee ndakaitaweak aimbonyatsodei nxaa ndakavhara door nekutokiya Nyarie akabvunza kuti aive ani ndikamuudza akangoridza tsamwa nekutorara. Hatina kutombofunga zvekubika or kutenga chikafu taive bho kutoshaya appetite chaiyo .

Hope dzakatobata kukanganwa kuti padoor pamboita nock that day ndakarara sekacheche chaiko .Mangwana acho takanonoka kumuka takazomuka kwatookumato 6 apa ndotime dzataifanira kusvika pabasa takangogeza half body nekutobuda maida tidii tatanonoka.Tichivhura door kuti tiende kubasa wanei panemunhu akagara kunodai ndiTee hake apa face yayakazvimba maziso arired takangotarisana naNyarie nechemumoyo ndakazvibvunza kuti saka bhudhi ava varara pano panze ko dai apondwa ᛘ ♀.Takamukumbira kupfura akasimuka padoor isu tikaenda hedu kubasa aaa ko taimirirei as if tisu tanga tamuti arare panze that day handina kumuona kubasa ndikangoti hameno ndakatofara because ndandamumaka

Days passed Tinashe achingonetsa anga akutumira vanhu akatanga kuonda zvaionekwa nemunhu wese aive anyararisa asichaonekwi mushop sezvaimboita vese vaayituma ndaitovaudza kuti handidi kunetswa.Ndakatanga kuchinja ndanemusikwnzwa wekutiza patill ndichinorara kutoilet nekunonoka kubasa Nyarie aitomonditsiura ndichimupindura rough hangu ,manager wedu ayichiwa too bad but ini madays iwayo ndandatomudyairira nabamunini vangu tatakungomhoresana zvoperera ipapo vavandibhowa nekutaura kwavasina kuswera kwavaive vakaita kunamoms asika baba ndibaba.Weeks passed hunhu hwangu hwakutowedzera apa Tee haana kumira kutumira vanhu nekuuya kumba ndandakungomutarisa ndonyarara .

Kumba ndakatanga kunhuwirwa neonion ndaisaida muchikafu  ndaitozvishaya kuti why because kudhara kwese ndaitofarisa onion than madomasi.

 Rimwe day  taitove off same day naNyarie nabae wake ,Takue necousin yake vakauya kwakutodoka vachiti tiende kunoona bhora apa ini ndakarimaka sei ndakangobvuma nekuti those days ndandakutya kurara ndega,vana Takue vakauya nemota hameno vavaikumbira kupi tikarova pasi raitambirwa kuAtric view takapfura nemutown tichitsvaga food .Ndakabva ndavaudza kuti ndaida fish and chips Nyarie akatoshakisika nekuti aiziva ndisingadyi fish nekuti inonditisa zvisasa ndangomudza kuti zvinhu zvotanga .Chakauya chikafu zvakanaka pandakavhura plastic smell yefish yakandipinda mumhino ndakarutsa kani zvazvakutonzwisa tsitsi hembe dzese dzandandakapfeka anga ava marutsi team rakafizuka vakati hapasina yekutamba hendei kumba.

Takadzokera kumba but vamwe vangu watoona kuti vavalow ndakatombovati madii kundisiya mudzokera Nyarie akaramba hanzi handingakusiyi wega usirikunzwa mushe ndikangoti ibho.Tasvika anaTakue vakabva vapfurira Nyarie akabva ati

"Lee tell me something when last did you see your periods"?

Me" this month sisi why mabvunza "was shocked nemubvunzo iwoyo

She replied" wachinja younger ukuwedzera kunaka wanemukoyo kungorutsa I think unenhumbu"

Me " Yani CC you and I know that handina munhu wandakamorarara naye kunze kwaTee kaone futi plus handiti munhu anenhumbu anorutsa pese pese nekusvipa here in handidaro nditoribho ndezvanhasi chete musatya am safe"

Nyarie " if you say so younger but I think unofamira kutenga pregnant test tione"

nyaya dzavo dzadzakundibhowa ndakazongonyepera kurara ini p test yei hangu ini ndaienda kumaperiods.

Zuva raitevera yaive Sunday takaenda kubasa but taikurumidza kubuda takashanda bho that day Tee nenhume dzake havana kumbondinetsa ndaitofara kuti zvaita atove masikati cousin brother yaTinashe wandakamboona kumba kwavo akauya patill pangu pandakavaona ndakafara shame hameno why akasvikoti " mainini dakukuonai after work ndokumirirai panze "ndakatoshaya kuti kwaitikei ndikangoti "ok bakuru"

Ndakaenderera mberi nekushanda but ndaishaya kuti yaimbove nyaya yei yandaida kuonekwa nabakuru lol ndandatodyaira kuvati bakuru ka chero hangu ndandisisadi mupfanha Wavo.

Nguva dzekupedza basa dzakakwana ndichibva ndaudza Nyarie wangu kuti ndaidiwa panze hapana chandaiita ndikasatanga ndamuudza same naye futi.Nyarie akandiperekedza paive naTatenda( bro yaTinashe) vaive vakatomira pamota yavo oops forgot to tell you Tatenda aive manager wepadelly ,aive nemukadzi nemwana mukomana but vaigara kuzim that's why aigara naTinashe ende madays atakaiita madrama ese iwayo anga achinja kwekushandira now back to my story

Takasvika paya aive ega akatiti tipinde mumota atiperekedze kumba tichitaura hatina kumboramba anga atoti batsira ndakagara kumberi nabamukuru Nyarie kumashure tirimunzira bakuru ndapavakati

"Mainini what's going on between you and my little brother be honest"

Yooh was not expecting that question ndakashaya zvekutaura ndakambonyarara ndichifunga kuti ndovaudza sei ndakazovarondedzera kubva kwakatangira nyaya nekwayakaperera he laughed ini naNyarie takatoshaya kuti ko zvadii ndopavakati "nhai mukadzi zvorambirwa munhu here izvozvo Inga mamakadhakwa mese shaaa mupfanha wangu anestress yekuti wakamuramba hausikuona kuti arikuonda here urikumushungurudza chaurikutya chii akuudza kuti Tinashe haadi kukuroora ndiani tikutobatanidza mari dzekunobvisa kumba kwenyu tozokutora wapedza chikoro .Murikuzochata I will provide everything zvemuchato

mukadzi takatoudza mudhara kuti kwanemuroora iwee uchitiitira madrama ako aya vanhu vekumba vakutoda kukuona kwete zvako zvaurikutaura unodiwa iwe wanzwa gadzirisanai nabae wako love is all about forgiving each other hanti mainini vangu bakuru vanokudai nzwirai mupfanha tsitsi atambura"

Mubrain ndakabva ndanzwa kakufara kuti ndodiwa mhani kana vanhu vekumba vachida kundiona ndikuitastress yeyi let me give him another chance.

Ndakazoudza bakuru kuti ndaive ndavanzwa don't know why ndaivafarira nekuvatrust
🤦 ♀vakazotisiya pamba vakadzokera Nyarie akangoti follow your heart younger.Ndandakutononokerwa nekuenda kubasa Monday kunoona Tee hameno kuti feeling yekumuda yakabva nepi ndandatomusuwa apa number dzake ndandisina ndandakadelita pandaive ndakatsamwa.

Monday yakasvika ndikainda kubasa ndandakangoneta neta that day ndakaenda patill ndaishanda zvekutiwo atove masikati ndakaona Tee achienda kutoilet ndakavhara till ndichida kumutevera ndaida kumuudza kuti ndandamuregerera ndichingobva patill ndakaona rima ndiye dhiiiii........

*End* *of* *chapter*

Do you think Lee z doing a right thing kudzokerana naTee ?

What's app nekuchinja hunhu kwalee?let's meet munext chapter panezvaiitika ndosaka makambona munyori atizii asi mese muri apa     ndokutendai netsikigiro yenyu

*Tah* *love* *you* *all*

[19/04, 21:58] +27 62 360 8993: https://chat.whatsapp.com/GKJw9FOv4Jz02RlMTmdGlE

*I was blinded by love*

*Written by Talvia*

_*A.K.A mwana waMassy*_

*CHAPTER 13*

Ndichingobva patill ndiye dhiii ndakazomuka ndirimustaffroom anamanager varipo including Tee , manager wangu ndopaakabva akandiudza kuti aive andinyorera leave kuti ndimbozorora sezvo ndaive ndaisina kumbowana leave since ndichitanga kushanda.Ndakatombozama kuvaudza kuti ndandisat ndakuida asi vakatondimanikidza ndakabhoikana ndaida kutaura naTee plus kumuona everyday though tatisati tadzokerana but ndandanekamwe kafeeling kekuda kugara ndichiona face yake.

Ndaisava neoption than kutooenda kuleave ndakabva ndapiwa Mari yangu ndikaoneka my workmates naNyarie akarwadziwa kuti akusara ega.Kuenda kuleave yekumanikidzwa Tee handina kumbowana time yekutaura naye .Ndakutobuda door manager wangu akauya pandaive akati

"Mwanangu unyatsozorora hanti asi paurikudzoka ndaona takupa maternity leave "

Ndakashamisika kuti ko mai vakupenga here maternity leave yei as if ndinenhumbu nxaa handina kupindura ndakabva pavari ndisina kupindura ndakananga pabus stop Nyarie ndopaive akandimirira anga anzi andiperekedze kumba.

Takamira minutes tax yakabva yauya takaenda kumba ndakasvikorara zvangu ,atove manheru kuma9 pm takanzwa nock padoor kunodai kuona ariTee takamuvhurira akapinda tikamhoresana ndopaakazoti

"Laila are you not pregnant " nxaaa nayewo futi ndamboibepi ndakangomupindura kuti ndaive ndisina akabva abvunza kuti ndandakapedzisira kuenda kumaperiods rinhi eshiii ipapo manje ndandakanganwa ini ndakamuti "handizive but handina nhumbu " tumibvunzo twake twatwakundibhowa ndakabva ndamuudza kuti achienda kumba kwake hake aive asina nyaya ini paakauya ndaitoti munhu arikuda kundinyengerera apa aitobvunza zvisina basa .

Akabva akumbira Nyari amuperekedze iye Nyarie kana kuramba ndakatozvishayawo nekuti Nyarie aive akambotsamwira Tee now vakuperekedzana hameno ↟ ♀as long ayenda ndakasara ndikatorara hangu ndakutofunga kunoona vanamoms vanhu vavakundibhowa nenyaya dzavo .Nyarie akazodzoka after maminutes ndakutoda kurara handina kumbobvunza kuti vavachitaura dzei iyewo haana kumbotaura ndakangomusiya akadaro .Ndakazongomuudza kuti ndaida kunoona

anamoms sezvo ndaivepaleave akambozama kundinyengerera kuti ndisaenda ndizoenda next week yacho ndikaramba akazongobvuma aona kuti ndandakapisa musoro dai ndaiziva zvaizondobuda kumberi ndisina kuenda ‍♀.The next day Nyarie akamuka achienda kubasa iniwo ndakananga kuHamaskral takapanana magud bye nasisi vangu ndikarova pasi .

Ndakasvika mom nadady vese varipo vakafara kundiona me too ndandavasuwa takaswera hedu tichitandara zvakanaka,kwakuda kudoka ndakaenda kushop kunotenga airtime ndaida kufonera Nyarie munzira ndakasangana nefriend yangu Tino wekupinda masowe akafara kundiona ndopaakabva ati

Tino" Ieee kukura kwaita mazamu ako nekunaka naka ukati hauna nhumbu iwe" ndakatoseka and I replied

Me"yandowanepi nhaiwe kana irinhumbu pachazvarwa mwana usawara"

Takazongokurukura dzimwe nasahwi wangu akazondiperekedza kushop tikadzoka tese achindiudza kuti kuchurch kwavo kwaiitwa maprayers na6 saka aizouya achinditora haaa ndakatoshaya kuti wangu munyama waive wei kusvikirana nekungokokwa kumasowe last time yaive pungwe now this ‍♀.Ndakazongomuti unouya uchinditora zvaisaita ndirambe aizouya kuzonditora panadady apa dady vatoda ndiite zvekunamata ,akazopfurira kumba kwavo madzimai .

Ndakasviko udza anamoms kuti ndaida kuzoenda kuchurch havana kuramba 6 yakakwana Tino akauya kuzonditora takatosvika vanhu vakuimba ,takuti takunogara panevamwe ndakangonzwa voice ramadzibaba vekumbondiporofita vakuti madzimai musagara pasi rambai makapfugama ini aizve vatondizoomer ndisati ndatombogara nechemumoyo ndakangoti Haa baba ava hunhu hwavo hwakuzondibhowa pavanhu vese vadyairira ini nxaa.Ndakazongopfugama but ndaisada ndopavakati

Madzibaba "madzimai ndaona makazvitakura asi mwana wamakataura achabuda nguva yake isati yasvika ndaratidzwa zvakare matambura zvakanyanyisa pamberi apo areruyaaa makapedzisira kunamata rinhi madzimai"

‍♀Ndaisatomboziva ini ndandanetime Ndakazongovati

"Panetime munhuwashe"

Madzibaba"madzimai ndikurangarira ndakambokudzai kuti panemhepo yaida kunamatirwa zvakasimba asi ndirikuona musina kutombonamata nezvazvo manje ndaona mashupika

zvekudemba kuzviuraya namatai madzimai Hondo yamunayo ihuru hazvibatsiri kuti ndikupei muteuro musina kutenda mamuri areruyaaa"

Neiwayo vakagara pasi ndakangoti hameno ikoko handitereri zvekupenga nhumbu pasina mukomana ndagova Maria here.

Vanhu vakazonamata yapera tikadzokera kumba tirimunzira Tino anga akutaurisa

Tino" why usingatereri Lee zvinhu zviedzwa imbozama uone dai wavakumbira muteuro" ndakangoti tichadzoka kuti zvindibve ndakasvika anamom vatorara I went to my room ndikanorara hangu ,ndakarara kudaro ndopandakatanga kufunga kuti why everyone aingonditi ndinenhumbu ndakatora phone yangu ndikaenda paapp ndakatanga kubvunza mafriends angu if it was possible kubata nhumbu neone day vamwe vaiti ehe vamwe aaaa papatoipa ndakatanga kuva worried ndakaunblocker Tee ndikamusendera mssg haana kupindura last seen yaitove makuseni zvawo.Ndakatanga kufunga manje kuti p test ndaizoritenga sei nekuti pamba paisabudika zvekudaro stress yakatanga kundibata manje hope dzakaramba kuuya ndakatoona kuti kunamata kurinani .Ndakaburuka pabed ndakapfugama ndashaya zvekunamata semunhu anga atozvikanganwa kupererwa nemashoko ndakazongoti

"Mwari itai kuti zvirikufunga nekuona vanhu zvisava chokwadi vanyadzisei itai ndiende kumaperiods pliz handichazonwi doro futi amen"

Ndakasimuka ndakarara pabed ndichingorara ndakanzwa movement mudumbu mangu ndakavhunduka kuti chachii futi ndakazongoti mybe ndikuda kunzwa mudumbu ndakazobatwa nehope hameno nguvai. Madays akafamba ndirikwamoms zvese zviribho ndaidya zvese no kurutsa  or kusema even onion ndandakuidya kana mom vabika.Week rakutopera iriSaturday ndakutoti Monday ndodzokera mafias ndakamuka makuseni zvakanaka ndikatanga kucleaner dady vavatoenda kubasa mom varipo ndakangodonha ndakazongoona ndamuka muhosptal paside pangu panamoms nefriend yavo maziso  amom's akaita red akazvimba pavakaona kuti ndamuka vakangokwanisa kuti

Mom" but Laila why".............

*End of chapter*

Mom's valee vavachichemei ? Leee kudonha kwake bho here

Let's meet next chapter thank u kune vanondisimbisa nevanondiudza pandasiya masports.

*Tah loves you all *

[19/04, 21:58] +27 62 360 8993: *I* *was* *blinded* *by* *love*

*Written* *by* *Talvia*

A.K.A *mwana* *waMassy*

*Unedited*

Chapter 1 6

Ndakambotanga ndichashingirira kugara ndichiti ndichaudzwa kwekurara  but Tinashe wacho aitoratidza kuti haasi kundicheuka hake zvakaoma ,ndakazorovera moyo padombo ndikavaudza kuti ndandakuda kuzorora chinzwa zvakataurwa nabakuru manjee

Tatenda( bakuru) " mainini mukungoonawo kuti mumba medu hamuna space tirikurara tese pabed zvechinyakare zvekuti bamukuru nditezvara zvakapera ini ndirimurume wenyu musatya"

Apa bakuru vaitozhinya nxaa  vachitaura kunge munhu adhakwa nescud

Munoziva ndakatanzwa hasha ndaida kuvapindura pfocho ndikazvidzora hangu semunhu aripavatorwa ka ndaigona kukinditswa, ndakakwanisa kungovapa colgate smile ndakatozviona kuti vana vekwaJimu dzaitove mboko apa kunze vachiita vanhu bhoo ndivo vaya vakaimbwa kuti vanouya semakwai shuwa. ini kurara pasame bed nabakuru kana ndimiwo .Ndakazongovati imbondipaiwo makey emota panezvandikuda kundotarisa apa ndandatogaya kunorara imomo hangu than kurara pasame bed nabakuru even ivowo dzaisadhonza vakatadza kundorara mumota yavo shuwa ‍♀.

Vakandipa makey emota yaTee  ndakaenda kumota ndikanorarisa sofa repamother s seat ndikarara I locked madoors ndikavhara mawindow ndikatanga kufunga kwaibva nekwaienda life yangu ndikatanga kufunga zvandakamboudzwa namadzibaba vaye misodzi yakatanga kuerera ndakangokwanisa kuburitsa manzwi ekuti I was warned but I didn't listen dai kuchema kwaiuraya dai ndakafa that day ndakatanga kufunga kukura kwangu vabereki vangu vandiitira zvese but pay back yandakazovapa yairwadza  sekufirwa nemwana.Ndakatanga kufunga kuti manje hunhu hwandandakuratidzwa naTinashe taizogarisana here ko ivo mukoma vake vanofunga sechidhakwa vachazotidzidzisei .Ndakasvika pakubatwa nehope ndichingochema nekubayiwa nendangariro ukuwo vanaTee havana kumbobuda kuzonditarisa hameno kuti vaifunga kuti ndaivepi ‍♀.

Ndakazopepuka makuseni nenoiz yandainzwa kuvhura maziso ndakaona ariTinashe nebrother yake vainoka mawindow ,ndakavhura ndikavamhoresa ndopavakandiudza kut manheru vakauuya vachinditarisa vakawana ndarara ende vakabvunza why ndandarara mumota I lied that ndakabatwa nehope ndakagara maida nditii .Ndakazobuda mumota ndakaenda mumba ndakawana matotsvairwa Tee ndopaakandiudza kuti ndigeze tienge kumba kwandaizonogara handina kumboramba hangu but deep down zvaindirwadza asi ndaingozviudza kuti I deserve it that's the results of drinking beer wodhakwa mubora.

Ndakageza kushower yaive kuseri pandakadzokera ndakawana bakuru vabika breakfast vakanditi ndidye Tee hameno kwaaiva asavemo mumba handina kuramba zvaizoita sendakavamaka but chokwadi ndechekuti ndasina nzara ,Tinashe akabva apinda hameno kwaibviwa akasvikonditi

Tinashe "Leee ndipe fon yako "apa ndaisatoziva kwairi akazoiwana mubag ndikaona munhu akubvisa battery aaa bvisei line ndikatoshaya kuti ndoipi akabva arityora yooo bp yangu yakaita high shuwa munhu kutyora line rangu asina kundiudza apa ndomamune manumber efamily nemafriends ese handina kumbotaura I acted cool hangu kunyepera tsika but deep down ndakabatikana ndakabva ndazvibvunza kuti saka ndokuroorwa kwacho here uko shuwa Laila imbozvifarira anefreedom akutongwa nemunhu asina kumubereka or kumurera .Handina kuzombodya ndakabva ndasiya ndikanosuka maplates ,Tee kana kutombozvitsvaga aitoona seanga aita chinhu bho but to the other side akagona becoz ini sezvandakambotaura ndotamba neboys moziva tichiudzana masweet nothing zvekuti asingazive anototi todanana but kana ndokamutambiro kedu ndendichitoziva vana bae vavo saka apa dai aizovhura app taizotadza kunzwanana ,dai akangondiudzawo kuti akuribvisa ndakaoneka my friends paapp beta manje yooh ndoyayatova welcome to marriage chaiyo .

Takazobuda tikaenda nemota yabamukuru ndaisatoziva kwataienda ndaingoti hameno ikoko toona tasvika.Takazosvika kwataienda kwaive kwakanaka hako kuEastrust kwaigara macoloured .Ndisati ndatombopinda mumba ndakanzwa kakunyarara kenzvimbo yacho kuti ndichabhoikana big time because ini ndandiri mwana akakurira mughetto munenoiz ndakunogariswa kunhu kunenge kumakuva haa ndokuroorwa shuwa ⍏ ♀.

Takazopinda mumba takatambirwa zvakanaka musikana wacho was friendly hake takawana ariega ndopatakaita maintro ndikaziva kuti ainzi Mevis aishanda mucheckers kucolonade airoja one room but irihombe ndiye aive roja ega pamba apa .Tinashe naTatenda vakazobuda vachiti varikunotsvaga chikafu tikasara tiri2 naMevy  ndakazomubvunza makore akati aive ne24 aive muhombe so ndakatotanga kumuti sisi .Mevy akazoti"

Mevy " nhai little sisi you look young why wakamhanyira kuroorwa "I couldn't control my self ndakatanga kuchema not nekuti anga abvunza zvakashata but ndaingoti ndikafunga zvandaive ndakaronga ndichifunga kuti ndozvichaitika in my life nezvakazoitika  ndairwadziwa     .

Mevy"sorry hako kana ndabvunza zvakashata "

Me" it's ok sisi just that  can't believe what is happening in my life right now everything is happening so fast  the truth is ndandisati ndakutombofunga zvekuroorwa yet but zvatoitika"

Ndakazoudza Mevy zvese zvakaitika kusvika kuzouya kumba kwake airadzidza kuva munhu bho hake ndopaakandiudza kuti

Mevy" so iwe watobvumirana naye Tinashe kuti akugarise kuno asi akakutora kumba kwenyu achiti anondogara newe  handisi kuti ndandisingadi kuti ugare pano noo feel free ndatowanawo munhu wekuswera naye kugara wega ko bhowa sometimes just that handisi kuona huserous hwaTinashe wako anyway let's just drop the topic mwana paarikuzvara ndini ndikuda kuita godmother vake"vakataura vachiseka havo ndakasekererawo ndopandakatoburitsawo mazino angu since nezuro wacho handina kubatikana nezvavakabvunza chaive chokwadi asika ndaisave nechoice asi kuteedzera but dai ndaiziva kuti ndaimudyaidza dai ndakatoramba ipapo kunogara eastrust.

Takatozotanga kutaura dzimwe nyaya naMevy achindudza nezvabae wake ainzi Talent kuti vavave ne2 years vachidadnana ende Talent aigara kuMontana achishanda kucheckers.she was so funny shame ndakatombokanganwa  nhamo dzangu ndakumbonzwa nyaya zvikati ndodzida.

Tinashe nabakuru vakatozouya atoomasikati ndandatokanganwa kuti varikudzoka nekwakwaendwa ndakakushaya kwakaita vanonoke kudzoka kudaro ndopavakauya negrocery havana kuzombogarisa vakabva vaoneka Tinashe achiti aida kumhanyira kubasa nekuti that day anga akumbira kupinda masikati , akangosiya ati "gules take care of my wife pliz "he kissed me paforehead vakabva vaenda .

End of chapter

Lee haasi akuitoswa her?pakaipa

Tah loves you all

[19/04, 21:58] +27 62 360 8993: https://chat.whatsapp.com/GKJw9FOv4Jz02RlMTmdGlE

*I was blinded by love*

*Written by Talvia*

_A.K.A mwana massy_

*CHAPTER* 1 5

Tinashe"ndaizviziva hangu kuti unayo but problem ndeyekuti unenharo leee handina kukubvunza here paya ukaramba as if unechaurikuziva anyway give madirections tiuye kuzokutora lucky am off today"

Ndakashamisika kuti Tinashe anga abvuma nhumbu yake I couldn't believe it haana even kubvunza kuti yayakura sei but I was happy because ndozvandainyanyotya kuti acharamba ende aizova maone angu zvaizoita as if ndaingorara nevakomana hobho.Vanamoms navo ndakaona kakunyevenuka pameso am sure vaitotyawo that drama rekuzonzwa kuti hasiriye muridzi .

Ndakabva ndatonzi mai boi rongedzai hembe dzenyu muende hapana chekumirira eshiiii truly speaking ndakarwadziwa ndaifunga kuti ndairota shuwa ndandakutosiya family yangu ndaisazoiona pandadira sezvandaimboita ndakaona kuchinja kwezvinhu ende zvaisada kuudzwa but everyone was disappointed Ko vangu baba pavaizowana ndisipo vaizotii. Ndakangokwanisa kutora tuhembe tushoma ndakangoti zvimwe tondozvionera mberi,after one hour Tee called achiti aive asvika pataive tamuti ayende I took my bag ndaizonosiwa nasisi kunaTee but kuenda kubus stop takaperekedzwa nanamoms ndaive ndakanyarara muroad ndandakunyanya kurwadziwa manjee pain yacho yanga yafanana neiya inonzwa munhu paanoona coffin remunhu waaidisisa richidzika muguva Dai life ineremote haaa dai ndakadzosera kumashure ndakanogadzirisa day reparty asika yayatodeuka hapana wandaikwanisa kuudza zvandainzwa because vanhu vandaifamba navo waiona kurwadziwa mavari ,samoms I still remember rimwe day friend yavo ichiti" Leee chiroorwa wakura iwe takuda pfuma"

Mom replied " iiii siyai mwana wangu akure Lee my gel usamhanyira kuroorwa tanga wazvishandira uite mari dzako" manjee apa ndandisina kana spoon zvayo ndandakutonoita Mai jimu this was the worst moment.

Takazosvika pabus stop mom vakangokwanisa kuti "leee wandirwadzisa mwanangu izvezvi ndichava chiseko chenyika ndaidada nekuvimba newe asi wandibaya panorwadza Inga ndakakuudza zvakanaka wani hapana chawaishaiwa asi nhasi wakundiita mai benzi zvoita sekuti ndaisakuraira " ndakaona misodzi ichierera pamatama amai vangu dai vaiziva kuti kuchema kwavo kwaidzimbira ronda raive mumoyo mangu vaisambodaro.

Ndopandakaona kuti sometimes isu vana we do our silly things tichikanganwa how our parents will feel about it ,veduwe it's not easy to be a parent just imagine wakudza mwana wako zvinorwadza uchienda kumapiece job nemaricho abva zera okuita chiseko chenyika .^Vabereki vakashinga .Hapana mubereki asingashuviri mwana wake zvakanaka asi isu vana tinofurirwa takaoma misoro tinozoona our mistakes mubereki asisipo.

Tax yakazouya ndikaoneka anamoms but moyo wairwadza kuti shuwa ndakutoparadzana namoms vangu .Takakwira tax takananga kumall kwaiva naTee within maminutes mashoma tatasvika takamufonera akauya pataiveri nebrother yake .Takaita maintro vakazivana nasisi ,sisiwo ndopavakabva vaoneka vakudzokera kubasa yah aitove maone ndandasara nevatorwa.Takapinda mumota yaTinashe ndikanzi ndigare kumberi ndakaramba ini I wanted to be alone nezvese zvaiitika ndaingoda kugara ndega vakazogara kumberi vana vekwaJimu apa face dzavo dzairatidza kufara kwakawedzerwa nechaifadza unochishaya .

Ndakangoti hameno Mwari takafamba nzira yese ndakanyarara ndaingopindura zvandaibvunzwa even majokes abakuru that day aitondimisa moyo kunzwa kuda kurutsa I was in a situation yekuti ndapera kana simba rekutaura tikasvikira kumba kwavaigara nebrother yake ndikati pamwe tichazopfurira hedu kuenda kwataizogara izvo kwani vaigara one room seboys bamkuru ndopavakandibvunza kuti ndaida kudyei nekuti zvaisaita kubika time dzadzaenda around9 pm .Ndakavapindura kuti ndandakaguta apa ndandisina kumbodya that day since morning not kushaya mukana kutoguta nemarwadzo chaiwo infect ndandakatozvimbirwa, manjee bamkuru nharo vaitovewo nhadzo vakatoti "ndikunotenga chikafu hamungarari musina kudya moda kurarisa mwana wangu nenzara" ᛏ ♀handina kupindura ndakanyarara vakaenda ndikasara

naTinashe takanyarara but anga akanditarisa ndakazonzwa akuti

Tinashe" Lee ( bae) I can see unestress I understand your pain everything will be fine I love you and I promise to take care of you as soon as u give birth tikuenda kumba kwenyu kundoroora pliz usafungisa ndiripo so Inga ndabvuma nhumbu yangu Saka chiii chakunetsa ukanyanyofunga uchakuvadza mwana mudumbu"

Handina kupindura ndakangobuditsa misodzi ndakamutarisa this guy aisatombonzwisisa pain yandainzwa I couldn't tsanangulate ndakazomanikidzira kutaura and said

Me"Teee you messed up my live too much I lost my loved ones s love because of you but anyway it's now water under the bridge so tell me whats your plans"

Tinashe " well for now am broke babe kuti Tatenda abve hazviiti futi coz iroom yake I mean zvinhu zvakawanda muno so ndataura neimwe friend yangu ataura nemusikana wake kuti unofanogara naye tichibatanidza Mari yekutenga property yedu "

Ndichinzwa zvekupenga zvaitaurwa naTinashe ndakaita weak shuwa munhu akatodairira kuti akuzonditora asina pekugara kana plan asina nekuzvinzwa kwake kubasa aitochengetwa nebrother yake ᛘ ♀ndakazongoti zvese machena ko ndaigotii ndisina mapower ndivoka vavakutonga .

Tatenda akazodzoksa nekfc akatozama kuti ndidye ndikarambisa akazoneta akaisa mufridge Ivo vakadya havo kutonyatso tetena nemabonzo rega kunzi nhamo yeumwe hairambirwi sadza .Vapedza bakuru ndopavakazondiudza the same thing yayataurwa naTinashe kuti ndaizofanondogara nabae wefriend ^nechemumoyo ndakatomboti hakusiriko kurambwa here ndichangosvika ndakutorasirwa kumadzisahwira ᛘ ♀ndakazongozvisimbisa nerekuti haangambotizi ndomuendera kubasa kwake ukuwo anamoms kana kufona vese nana sister ndakabva ndatodzima foni yacho ndangandakutotarisana nesituation yangu ndega .

Ndaive ndanehope manjee ndakuda kurara apa room yacho yayakaita kuzara neproperty paingove nepassage yekufamba ndandakufunga kuti ticharara sei 🤦‍♀...

*End of chapter*

Laila achazvigona here zvemumba *she* *was* *blinded* *by* *love*? Ko mudhara wake vakatii pavakaona his princess asipo pamba . Lets meet in next chapter 🤦‍♂

*Tah loves you all* .

Editor *R. A. P*

[19/04, 21:58] +27 62 360 8993: https://chat.whatsapp.com/GKJw9FOv4Jz02RIMTmdGIE

*I was blinded by love *

*Written by Talvia*

_A.K.A mwana waMwassy_

*CHAPTER1 9 *

Ndakakwira tax paya but ndaitotya kuti ndichasvika nguvai ndaisafarira kufamba husiku asi papasina yekutamba ,tax yakarohwa tikapinda mutown kwakwatosviba ndakasvikopinda mutax zvakanaka ndikangoti Montana ananyaope vakati ehe ofwich yaenda kumamelody .Ndaive ndakagara padhuze nevamwe vakomana 2 vaitove mazimba havo vaitoratidza kuti vaibva kubasa tax yakarohwa boys richingotaura nyaya dzavo one wacho ndopaakazoburuka pakasara one that guy ndopaakati

The guy"sawubona sesi "

Me " ndiribho bhudhi murisei"

The guy" oh munotaura shona murisei henyu"

Me "ndiribho hangu "

Ndakatoona kuti vaifunga kuti handisi muzimba apa zulu yacho ndaisagona.Ndait

ozvimanikidza kutaura naye apa ndandisingadi not nekuti pride asi ndaive nestress yekuti ndaizoenda sei ndega kumba apa kumaline kwataigara kubva panoburukirwa paive nezisango koti rwizi payiurawa vanhu nekubirwa zvakaipa ukuwo Tee fon yake yaisaita kutoisa mamssge aingotika kaone.

Bhudhi vavatonakirwa nebabe paya ndopandakavaudza kuti ndaive mukadzi wemunhu plus ndaive nenhumbu vakatoshamisika hanzi

"u look young plus hazvioneki kuti unenhumbu" takazochinja topic tikatanga kutaura dzekuoma kweZim , pandakazosimudza musoro ndakaona tatopfuura Eastrust ndakaita mudumbu ndikaudza driver kuti hakusiko kwandaida kuenda akati avava hanzi why ndaive ndisina kumubvunza ndisati ndakwira tax ndakatoona kuti ndandaita chibharanzi 🤦‍♀.

Tax driver akabva ati ndiburuke tax yakamira ndikaburuka that guy akaburukawo ndikatoshaya kuti ko blaz vaitasei tax yakarova pasi ndikasara nethat guy apa ndandisina kana one rand 🤦‍♀that guy ndopaakati

The guy" sisi mamurikuenda kupi"

Me " kuEastrust bhudhi apa handisina kana one rand yekudzokera apa murume wangu haasi kubata fon"

Ndakatoisa pride paside ndikamuudza chokwadi

Musodzi yakabva yatanga kuerera bhudhi vaya vakati nditeverei tiende paATM ndakangotevera ndaigodii takasvika paya vachibva vatora mari 50 rand vakandipa

The guy " am sure mari iyi inokwana kusvika kumba kwenyu dai ndakupai yakawanda asi kuti handisati ndatambira sisi madii marara kumba kwangu ndozongokuperekedzai mangwana hazviiti mufambe manheru munenhumbu so"

Pakurara ndakaramba iii zvaisaita kunorara kumba kwebhachura Tee aizoti ndirikupi ndakavatenda ndikavaudza kuti vandikwidze ndidzokere vakabvuma havo ndakavapa number nekuti vakati vaida kuzofona vanzwe kuti ndasvika here ndaisatoda nadzo asika munhu akubetsera hazvizoiti kuti umunyime .Ndopandakadzidza kuti munhu hadadirwe dai ndakaignore bhudhi ava mutax ndaizobatsirwa nani.

Ndakakwira tax kudzokera fon yayadzima tichangoti fambe tax yakamira ikati yakuenda kutown

haichaendi kwandaiienda apa ndandabhadhara ndakaburuka ndikapinda muneimwe thought driver wemandakabuda audza muneyandapinda kuti ndaive ndabhadhara but noo ndakazonzwa driver akuti ndibhadhare apa ndandasara nemari yaikwana kunokwira kamota kainondisiya kumba ndakatombozama kuvaudza kuti ndaive ndabhadhara mutax yandaburuka even munhu wandakaburuka naye akatozama kuvaudzawo vakaoma musoro ndakazongobhadhara 25 yandaive ndasara nayo ndikati hameno kumberi .

Ndakasvika pandaidzikira ndikaburuka ndikatanga kufamba ndichiteedza road hombe yemota yaiienda kumba paive nekamufambo but ndandisina choice apa kwakwatosviba around 9 .Ndakatanga kunzwa mabayo kuti ndimire zvaisaita ndaitya kubirwa ndakazvishingisa kufamba ndopandakaona murume ainditevera achifambisa hana yangu yakarova ndikangoti nechemumoyo God let yo will be done akaramba achiswedera ini kuti ndifambise zvaisaita nekuti ndaive ndakunzwa mabayo ndandakutofamba ndakakotama nekuti kufamba ndiristraight kwaindirwadza.

Ndopaunoona kuti life maone ndaitambura kudaro because of Tinashe anga aita kuti ndifambe manheru .Murume uya akasvika pandaive apa mabvi akatanga kupera simba ndakuzarirwa ndakangokwanisa kupfugama paside peroad ndakabata mudumbu then that man akasvikoti

The man" sisi muriright her ndakuonai kubvira kudhara kuti hamusi kunzwa mushe chii chirikunetsa"

Ndakatoshaya kuti aive aziva sei kuti ndirimushona ‍♀paaitaura ndaive ndakatarisa pasi ndopandakasimudza musoro wanei icousin yaTakue mukomana waNyarie ndakatoshaya kuti aibvepi ndopandakabva ndati

Me" iii ndiwe ko urikubvepi? thought imbavha hako you are God send ndikurwadziwa sha nemabayo handichakwanisi kufamba "

Cousin yaTakue" ndandichiperekedza babe rangu hangu ndakugara muEastrust ko kuti zii nhaiwe Nyarie ariikukutsvaga zvisingaiti ukuendepi"

Ndakazomudza kuti ndaigarawo muEastrust ndaibva kundoona hama dzaTinashe mari yebus

ikashota that's why ndaifamba netsoka akazondibereka handina kuramba nekuti ndairwadziwa taifamba tichizorora tichikurukura ndopandakamuudza zvakaitika zvese kuti ndisabatika ndakamupa number dzangu kuti azopaNyarie .

Takatozosvika kumba kuma to 11 tichisvika pagate akandibereka dhuma dhuma naTinashe akatsvukisa ziso apa ndaive kumusana kwecousin yaTakue ᛘ ♀.Tinashe akangomhanya kusvikopusha cousin yaTakue inindichidonha nedumbu ndakarwadziwa eshii akati atanga kurova cousin yaTakue iyo yaisadzosera aitozama kumutsanangurira but haana kuda kuzviterera angopa zvibhakera ndakatozoona kuti mwana wevanhu anokuvadzwa ndakamhanya mugate kundodeedza Mevy ndopaakauya akamubata ndokuzosiya kwaakaita kurova cousin yaTakue.

Cousin yaTakue ropa rangarazara body yese eshii ndakamunzwira tsitsi nekuzviblamer it was all my fault ndakamutsira kusimuka akati akukwira tax kuenda kwaayigara aive right ndakatombomuti amire titaure naTee akaramba ndakazomusiya akaenda but zvaaive aitove maone lucky landlord havana kuzvinzwa .Nyaya yayasara mumba munaTee manje kuti achandiita sei ndakadhonza makumbo ndichienda mumba ndichingopinda akabva asimuka akauya komira pamberi pangu akati

Tee " Leee unofira mumaoko angu ndikuudze ukutoitabasa rekuhura ini ndandichikutsvaga mangwana utevere chikomba chako ichocho handichengeteswi mwana asiri wangu ini uchinyepera kuita munhu kwaye ndakagara ndazviziva kuti urikahure chaiko uchinyepera kuvavirgin iwe wanga wasakadzwa sies "

Handina kukwanisa kumupindura mashoko ake akauya sechibhakera ndakatadza kana kuvhika ndakashaya simba rekumuudza chokwadi .Tinashe paakaona kuti handina kupindura akandipusha ndichinodhumhira kumadziro akabuda akaenda zvake mwana wevanhu .

Ndakatanga kuchema Mevy akandinyararidza kusvika anetawo pandakapedza shungu ndopandakazomuudza zvaive zvaitika akangoti achataura naTinadhe mangwana hasha dzaserera .Takazorara asi ini hadzina kubata ndaingofunga zvaive zvaitika kuti manje Tinashe achandinzwisisawo here.Mwangwana acho Mevy akaenda kubasa ndakasara ndakarara ndakazomuka ndikachajisa fon pandakaita on ndakaona mamissed calls enew number neaTee anezuro wacho ndichiri kuona mamassege fon yakabva yaringer new number ndakadaira ndinzwe inzwi rechirume rakuti

New caller "Laila it's landlord come to my place if you are not busy "

Ndakatoshaya kuti landlord vawanepi number dzangu varikudei kuti vakanzwa noiz yanezuro hameno .Ndakamuka ndikageza kumeso ndikaenda kumain house ..

*End of chapter*

Inopera mushe her apa?

*Tah loves you all *

[19/04, 21:58] +27 62 360 8993: https://chat.whatsapp.com/GKJw9FOv4Jz02RlMTmdGIE

*I was blinded by love*

*Written by Talvis*

_A K.A mwana wamassy_

*CHAPTER 1 8 *

Ndakasimudza musoro ndichida kuona kuti ndiani aive avhura door pasina kunocker kunodai wanei ndiTinashe ,ndakashamisika nekuti since nezuro wacho aive asina kumbofona .Tinashe akapinda neice cream achibva asvikondikisa and said

Tinashe" bae are you ok why wakarara masikati ndauya kuzoona kuti urisei nezuro magetsi akazoenda fon yanga yakadzima "

Me" it's ok bee( bae) kutobhoikana hangu kushaya zvekuita ndiribho asi watiza kubasa"

Tinashe " yes love ndendichikusuwa saka ndanyepa kuti hausikunzwa mushe kuti ndikwanise kuuya kuzokuona nekunzwa kuti junior arcy "

Me " we are fine just missing your love wachinja Tinashe can you tell me why ?

Tinashe "handina kumbochinja bae I still love you they way I used to love you before, it's just that ndinestress yemari yekuti tigare pedu tega ndokuda lee and I will always love you "

Me " if you say so thought hauchandidi nekuti ndinenhumbu yako plus handis kufara nekugara kure newe bee zvinoita kuti ndione seusiri serious or wandirasa ndoda kugara mumba munoti in not meumwe mukadzi "

Tee akazondiudza kuti arikuzvigadzirisa ini ndakabva ndabvuma kuvharwa paya akabva auya padhuze pangu akatanga kundikissa I kissed him back but ndaimunyara akatanga kundibata handina kumboramba handiti aive ava hubby here plus zvaitonakidza zvakaitika kumberi mukuzviziva .

Takazonogeza nabae wangu akadzokera kubasa ndikadzokera kurara hangu ndichiterera music misodzi yakatanga kungobuda yega ndoproblem yandandanayo ndaiti ndikawana mukana wekugara ndiringega ndangariro dzaindibaya ndakufunga kuti shuwa wangu wandirikuti murume anouya kuzondiona masikati pamba peumwe mukadzi as if ndirihure rake till when pandaizorarama such life uko anamom vachiti ndirikumurume ndokuroorwa kwacho here .Ndoproblem yandaive nayo Tinashe was my weakness I don't noe why ndinaye ndaiona kunge zvese bho 🤦 ♀

Ndakabatwa nehope ndichingochema pasina wekutaura naye mom's ndaisada kuvanetsa ,Mevy akazodzoka kubasa hake akawana ndatobika tikatanga kukurukura nacc vangu ndivhimuudza kuti Tee ambouya but zvekuti tazoitavngunkjjjht handina .Weeks passed ndichigara naMevy sometimes ndairara ndega Mevy ayenda kundorara kumba kwabae wake ndaingorara zvekuzvishingisa but deep down ndaitya kuti landlord vanogona kundipindira ,ukuwo Tee ndaiti ndikamuudza kuti auye aibvuma amanheru okudza kuti ndazoenda kurufu or ndarara kubasa 🤦 ♀life yanga yawedzera kuoma.Zviya zvekuti heee unenhembu unoyema hunge unewekuyemera ini ndandisina wekuitira izvozvo apa madays iwayo ndandakutonzwa kuda kugara ndinaye Tee everyday every minute but aisabatika .

Mwedzi wakapera ndikatofara kuti ndakunogara nabae wangu pedu toga ka taidawo privacy ndopakabva pauya Tee nabakuru thought vauya kuzondiona izvo kwani bakuru vakabva vati

Bakuru" mainini taura kuzokutorai kuti mundoona Dady vakauya varikumba kweimwe brother yedu inogara kuHamaskral saka gadzirirai tiende"

Ndakangoti ok ndaigotii zvaiita here kuramba kunoona atezvara takapinda mumota yaTinashe tikapfuura nekumba kwavo ndopandakazonzwa Tinashe avakuti iye haasi ayisaenda nenyaya

yebasa ndaizoenda nabakuru I was disappointed shuwa munhu aida kuti mukoma vake vanondiiendesa kumaintro iye asipo hunhu rudzii nhaimi ndakangoti iribho ndoproblem yandaive nayo ndaisagona kupikisana naye but deep down ndichirwadziwa .

Takazongoenda nabakuru apa ndikati hameno ikoko.Takasvika zvakanaka tichisvika ndakamhoreswa zvakanaka but vanhu vaisanyatsofara ndakatoshaya kuti why ,bakuru Tawanda ndopavakazoenda panze naDady nabakuru Tino newife yavo .Vakatora kanguva varipo vakazodzoka bakuru Tinotenda ( baba Nyasha) vakabva vauya kuzogara paside pangu vakapa Dady maintro Dady vakangoti "ndafara kukuziva muroora"

Bamukuru Tino ndopavakati" mainini motonogeza maplates arimusink umo isu takunorar"

Kana ndimiwo maplates avaive vadyira nemhuri yavo isu takasvika vatodya hatina kumboedzwa chikafu bakuru Tawanda havana kumbovaudzawo kuti ndaive nenzara apa ndaive ndaguma kudys makuseni zuva iroro nzara yaitondiruma big time asika zvaisaita kutaura.Mai Nyasha vakatoita magud night vakandorara havo Dady vakandorara kuroom kwavo ndakasimuka ndikaenda kukitchen kunoduka maplates but ndakarwadziwa nekundibata kwavakaita not kundisukisa maplates yaisava problem but pakusuka unenzara plus way yavakandiudza nayo apa bakuru Tawanda kana kumbotaura vakabva vstoti vakumboenda kumafaro .Ndakasuka ndikapedza went back musitting room ndikawana Baba Nyasha vachitoona movie ndikavaudza kuti ndaive ndapedza vakati

Baba Nyasha" ohk wife oh are u not hungry prepare something to eat"

Kuzotoda kutaura chirungu eeh Ba Nyasha vaizviitawo musalad infect vavakada kufanana naTinashe face nehunhu, family yekwaJimu ndakaona kuti vaitove nezvinovanetsa chaiko wapedza kusuka wonzi chibika apa dzadzatova kuma10 makumbo angu anga azvimba zvoti nzara

ndakazongovudza kuti ndaive ndakaguta hangu aaa pastove ndaisakwanisa kumira.Baba Nyasha vakazonduratidza room yangu yekurara but handina kumborars mudumbu mairwadza ndakatozorara kuma3 ndisati ndatombonakirwa nehope ndakanzwa ndakumutswa anga atove makuseni zuva ratobuda ndakamuka ndopandakaona paside pebed pakamira bakuru Tawanda naTinotenda, bakuru Tawanda vanga vakakuvara kuface ndabvunza chaive chaitika vakati

Bakuru Tawanda" mainini maone ndaita accident nemota yemurume wenyu ndakadhakwa ndichiita zviya zvekutenderera pascale ndikaloozer control ndikandorovera pamuti manje mota yafa "

Me" as long murimupenyu hapana pressure bakuru"

Bakuru Tawanda " iripo mainini tatichifanira kudzokera nhasi ndozvatakawiriirana nemurume wenyu asi mota yafa ofwich handina kumbouya nemari "

Ndakazongovaudza kuti vafonere Tinashe tinzwe kuti anotii paakaudzwa akapopota achitoti chandirikuda kuti mukadzi adzoke panga paipa Bakuru Tino ndopavakazomupindira vakutiwo why anga arasa hunhu hwekundiendesa kunoona baba iye asipo .

Vanhu vakatanga kunetsana pafon apa ini all this while I thought vaizviziva kuti ndirikuuya but nemutariro waiita bakuru Tino vavasingazvizivi uko Tinashe akatanga kurasa mukanwa hanzi

Tinashe (  paphone)  I'm blaz hamundiudzire zvekuita baba varikoko ndevangu musandiudza hunhu dzosai mukadzi wangu nhasi ikoko musandiudza zvekuita handisisiri mwana"

ndaisaziva kuti Tinashe anorasa mukanwa vakaramba kudaro vachinetsana pafon kusvika Dady vazonoka vanabakuru vakaenda panze hameno zvakanotaurwa ikoko ndakamuka ndikageza ndikaenda mukitchen kunobika Mai Nyasha handina kuvaona hameno kwakwaendwa vakazodzoka vese vakagara musitting I gave them food vakadya as everything was ok tikaswera tichikurukura dzirigenaral kwatove kuma4 zuva rakudoka Tinashe akafona kunabakuru Tino achiti vandikwidze ndidzokere kumba anga atumira mari yangu chete .Bakuru vakandiudza apa zuva raive rakudoka panoti kufamba husiku ndakatombozama kuti ndoenda mangwana ndikanzi hazviti murume wenyu anotaurisa endai henyu nhasi .Bakuru vakazodzoka vakandipa Mari yaikwanirana nekunosvika kumba paisasara kana change imwe hanzi ndatenga cake ndarisuwa kana ndimiwo vaive nehunhu hwechisalad vasina mari yacho vasatomboratidza kunge ibrother yabakuru Tawanda pahunhu hwavo asingazivi aitoti ibro yaTinashe  apa vaive cousin, ndakangotambira ndikaoneka Dady vakangoti ufambe bho muroora vaive munhu akanyarara ndikabuda nabakuru Tawanda nabakuru Tinotenda kuenda kunokwirwa makombi dzadzatova kuma5 apa fon yairipa5%... 🤦‍♀

*End of chapter*

Lee achafamba bho here ko Dady vaTee vamufarira here ngstionei munext chapter

*Tah love you all *

[19/04, 21:58] +27 62 360 8993: https://chat.whatsapp.com/GKJw9FOv4Jz02RlMTmdGlE

*I was blinded by love*

*Written by Talvia*

_A.K.A mwana wamassy_

*CHAPTER2 0 *

Ndakamuka ndikageza kumeso ndikaenda kumain house munzira ndakazama kufonera Tee kuti ndimuudze kuti landlord vandideedza aisadaira ndakazongoisa message ukuwo yaMevy yaisadairwa 🤦‍♀.Ndakasvika vakamira padoor he asked me to enter handina kuramba ndakapinda ndikanogara musitting maitorira music ndakatarisa kuside rekuleft ndikaona drink raive muglass ranga radirwa ndikangofunga kuti maybe nderavo .Vakauya vakagara pasofa raive rakatasisana nepandaivendakagara he then said

Landlord" you look beautiful today Laila is it your pregnant"

Ndakashaya zvekupindura ndakangovapa plastic smile but ndaisafeeler comfortable kuva mumba mavo ndopavakazoti

Landlord" Laila I love you with your pregnant I don't care about your husband if you agree to be my wife I will do anything for you ..."

Vakadaro zvavo baba vekuneta face vachizhinya vakauya kuzogara paside pangu all this while pandakapinda mumba handina kuona kuti fon yangu yanga yabaya number dzaTinashe nemistake ende ipapo akadaira but haana kunzwa ndichitaura ainzwa zvaitaurwa nalandlord ini handina

kutozviona kuti ndiripacall.Landlord vakada kundibata chidya changu ndopandakasimuka ndikati

Me" stop it I don't like what you are doing are you not even ashamed of yourself you are old enough to be my father nxaaa am leaving I thought you called me for important issue not this "

Ndakadaro ndichisumuka akauya akandiblocka ndopaakati

Landlord " oh fine am sorry ohk seat down let me prepare something for you "

Vakadaro vachinotora drink raive patable handina kumbogara pasi ndakaramba ndakamira paakadzoka nedrink ndakariramba ndikatanga kufamba ndichienda kudoor mudhara uyu anga andidyairira he thought I was that cheap iye akandisiya ndichienda padoor kunodai door was locked ,ndakaita mudumbu ndikatanga kuimajina baba ivavo varipamusoro pangu apa ivo vakatanga kuzhinya vachiuya pandiri .Vakasvikondibata pabendekere vachiripuruzira kuti ndiite noiz hapana aimbondinzwa nedurahall raiveko .

Vakandidhonza kundidzosera mukati akandipushira pasofa ndakasvikodonha negotsi I tried to wake up ndikatadza musana wanga wakurwadza asi ndikazviudza kuti kana kurikufa ndingafa than kurepwa neva. Vakatanga kufamba vachiuya pandaive ndakarara apa ndandakuchema manje ndaive ndamirira kuti vasvike ndivabate mabfybkg iwayo vavakadyaidzwa .Vakasvikomira padhuze vakabvisa hembe yavo vakuda kubvisabottom padoor pakaita nock

Landlord" who is that "

Voice" laila's husband"

Ndakafara shameeee atlist Tee anga auya but ndakashaya kuti auya sei landlord vakapfeka hembe fast vachienda kudoor vakanovhura ndakamuka pasofa ndikagara .Door richingovhurwa Tinashe akati mucheka kunalandlord vakada kudzorera vakanzi chibhakera ropa rikatanga kubuda murume mukuru akatanga kukumbira ruregerero but Tee haana kuterera akavarova kusvika vasingachatauri kuti ndibate ndaitotyawo ndopandakaona kuti ndandakaroorwa

nemhondi.Tinashe akazovasiya akauya pandaive akandibvunza kana pane chandaive ndaitwa ndikamuudza kuti hapana.Teee akazofonera ambulance kuti yiuye akanyepa kuti landlord vavapindirwa nematsotsi ndopaakandibatsira kusimuka tikaenda kuroom kwedu tikasiya landlord vakarara muropa vasinga goni kana kusimudza ruoko.

Tasvika muroom ndaida kubvunza Tee kuti aive aziva sei zvaiitika but ndakatya kurohwa plus nyaya yanezuro iye ndopaakati

Tinashe" Leee am sory nekusadaira fon yako ndandakatsamwa nezvakaitika nezuro that guy azouya kuzondiudza zvakaitika nezuro again sorry nekukufambisa husiku nezvakandoitika kumba kwebro yangu I promise kugadzirisa pandakakanganisa ndichafonera imwe cousin cc irimutown tizonoona Dady futi hanti .am sorry nekusakupa mukana wekutsanangura zvaive zvaiita kuti uberekwe and I again sry nemashoko andakataura ndaive ndakatsamwa I love you Lee handidi newe sry hant bae as for that bastard dakumusungisa andidyairira "

Me " it's ok luv u have to believe me wen I tell you that I love only you as for landlord I think zvawavaita zvakwana unondoreporter sei wavakuvadza kudaro ngatingobvai pano luv plizz"

Takazobvumirana kuti aizotsvaga room day raaizoita off ndakafara tatatova bho nabae wangu tatokanganwa madrama ese anga ayitika ndakazomuudza zvaive zvaive zvaiitika nezuro kubatsirwa kwandakaita nabhudhi vaya nekuzosangana kwangu necousin yaTakue akanzwisisa. Ndakazomukumbira hkgthn ndikapiwa paya ehe ndandatomusuwa ndisingachamunyari lol Tee akazodzokera kubasa ndikasara ndakagara but ndaitya zvaive zvabva kuitika pasina mahours cc vakadzoka I told her zvaive zvaitika akatsamwa zvisingaiti akatoti taifanira kunovasungisa asika Tee anga avarova zvaisaita ndakazovaudza zvekutsvaga room vakati

Mevy" ndoyatovapo hazvichaiti tirambe tichigara pano as for me ndandatogara ndichida kukudza kuti bae wangu ati ndiuye kuzogara naye so ndichangotora hembe the rest tora hako younger ushandise ndikukupa sacc ende murume wako haana option than kutogara newe ndirikuona arikurelaxer stereki zvinhu izvi toda kuona kuti achati haasati abatanidza chii"

Ndakamboda kuramba ndaida kuti Tee anditengere zvinoti inn asi ndakazoona kuti Mevy aizoona sendamudzikisira ndikamuudza kuti ndichaudza Tee first akati anga atomuudza akati anzwe kwandiri ndakazobvuma hangu Mevy akatanga kurongedza achiti aive achitoenda day iroro bae wake aiuya kuzomutora ndakatombozama kuti vazoenda ndawana room vakati bae wavo

aisabvuma  plus Tinashe aifanira kuchigara  neni sewife yake kwete mahumbwe ake.Papera maminutes tichitaura nacc padoor pakaita nock nekutovhurwa pakapinda mukomana akasvikondipa hug akati

That guy" chimainini chacho murisei arisei mwana wangu mudumbu ndini murume wenyu ndauya"

Ndopandakabva ndaziva kuti ndobae waMevy ende vaitaurisa shame takazomhoresana tikataura vaifarira majokes,dzatove kuma9 pm vakaoneka kuti vavakuenda ndakarwadziwa shame ndandatodyaira kugara naMevy .

Ndakavaperekedza vakaenda ndakasara ndirindega ndopandakatora fon kuti ndifonere Tee ndikaona mamissed calls ake pandakada kufona door rakavhurwa Tee akapinda nebrother yake vachitoratidza kuti varikunzwanana ndopaunoona kuti dzevana vanyamunhu hadzipindirwe nekutukana kwavakamboita.Vakandiudza kuti vaive vawana imba kumontana vambozama kundifonera kuti ndifanorongedza but ndaisabata fon uye kuti vaive vaudzwa naMevy kuti arikubva saka zvaisaita ndirare ndega neyanga yamboitika ndakavaudza kuti ndaive ndisina kumboinzwa fon nenhau yanaMevy .

Takazotanga kurongedza zvimwe takatora zvakadaro tichinokanda mumota yavaive vahire nekuti time dzadzaenda .Takapedza tikarova pasi tasvika kumontana tikangopinza zvinhu zvekuti tikwanise kurara. Pamba pacho paive bhoo hapo  paive nemaroom akawanda security yaive yakanaka .

Teee nabakuru vakaenda kundotsvaga chikafu vakadzoka ndakurara tikatanga kudya fon yangu yakabva yaringer new number apa yaive naTee akangonditarisa nekunditambidza ndakatoshaya kuti ndiani nekuti line raive new one  .......

End of chapter

Ndyn afona ?

Lee zvaaita bho her kubvuma property yaMevy hakusi kudyaidza Tinashe her?

Room zvayavepo vachagara vese her?

*Tah loves you all *.....

Edited By . [19/04, 22:00] +27 62 360 8993:
https://chat.whatsapp.com/GKJw9FOv4Jz02RIMTmdGIE

*I was blinded by love*

*Written by Talvia*

_A.K.A mwana Wamassy_

*CHAPTER2 1 *

Fon yangu yakaringer Tinashe akanditambidza ndakadaira raive voice rechirume

Caller" hello sisi murisei makafamba bho here"

Me"ndiribho bhudhi ndakafamba zvakanaka kurisei ikoko"

Caller " kuribho was checking on you murare bho"

Me " thanks bro "

Ndakabva ndakata Fon vanaTee vakaramba vakanditarisa neziso rinemubvunzo ndopandakavaudza aive afona Tee akabva atora Fon yangu akadelita number dzabhudhi vaya akadziblocker asina kumbotaura .Bamkuru vakazooneka vakuti vakuenda kumba tikaonekana vakadzokera.Ndakasara naTinashe takanyararidzana ndopaakazoti

Tinashe " Lee watove mukadzi wangu so siya tsika yako yekupa vanhu number as if uchiri musikana handiti handizvide 2 usabude pano pamba ndisina kukupa permission

3 handidi munhu anoita zvemafriends ndokuzofurirwa zvisina basa tamba neni chete again ndoda munhu anoda nekurespecter family yangu kana ukagona izvozvo towirirana handiti"

Ndakangobvumira nemusoro but mitemo yacho aitove maone chaiwo. Tikazorara takutowirirana nabae wangu makuseni akandimutsa kuma5 akuenda kubasa achindiudza kuti aizononoka kudzoka nekuti aida kuzopfura achitora zvinhu zvake kwecousin brother yake .Ndakasara ndakarara hangu ndakazomuka atove masikati ndakuisa order mumba Tee akaswera achindifonera achindiudza masweet nothing nekundinetsera kuti ndimusendere mapic aone kuti ndendichiitei ndaitoona kunge ndorudo rwacho ndisingazivi kuti ndaimudyaidza anga achinja don't know why.

Manheru bae wangu akadzoka kubasa late nezvinhu zvake zvaaive andotora kumba kwebrother yake .Rudo rwakatanga kutsva mumba medu Tinashe aive achinja even achibva kubasa aive akundiigira tunonaka achigarondifonera achinzwa kuti ndirisei life yaive yakunakidza chero hangu ndaive ndisina wekutaura naye payard pedu paive pakazara mazimba asi taingogumira

mukumhoresana ndichiswera mumba even kumashops ndaisaenda ,ukuwo namoms taitaura pafon vachibvunza kuti ndirisei as for my Dady since day randakabva kumba handina kuzombotaura navo ndaitoshaya kuti ndovatanga sei .

Months passed ndichigara nababa Tanatswa ehe ka ndozita rataive tati tichapa mwana wedu ,mota Bamkuru vakanga vaigadzirisa yakufamba . Rimwe day ndakaenda kuclinic kundonyoresa manurse akabvunza kut nhumbu yaive yava nemamonths mangani ndikati handizivi mmm ndakatukwa that day vakazotarisa vakaona kuti yaive yatova pa6 months . Senhumbu yekutanga ka zvaizikanwa nani kuti inoverengwa sei haa ndaive kutsi kwehope hangu ndaingoti ndibe nhumbu zvekuti yazokura sei izvo zvaisatombofungwa ukuwo dumbu raisakura asi mazamu ndoaikura zvakaipa ndairo sekwa naTee achiti babe wangu wakasisa mwana wedu achaguta apa .

Ndakadzokera kumba ndikaudza ba Tanatswa( Tinashe) kuti nhumbu yaive yava pa6 months akafara shame hanzi can't wait to be a father ndopandakabva ndamubvunza zvekuroora nekunosungira akati achazvigadzirisa kana yava pa8 ndikangoti it's ok hangu bae wangu ndaimutruster .

This other day ndakatorara mumba masikati bae arikubasa he called

Tinashe" bae gues what "

Me"what love "

Tinashe" ndapromotwa kubasa am now manager "

Ndakafara shame kuti murume wangu awedzerwa Mari akukwanisa kundoroora manje dai ndaiziva kuti kupromotwa kwake kwaizounza misodzi mumaziso angu ndisina kumbofara.Mazuva akafamba ba Tanatswa akatanga kuchinja anga akunonoka kuuya kumba pamwe achiuya akadhakwa asingachadyi zvandabika ndikatoshaya kuti ndaive ndatadza papi ndakatombozama kuudza brother yake asi vaingoti ndichataura naye .

Mwedzi wakuda kundopera ndakafonera mom ndichivaudza nezvekuda kuroora kwaTee vakafara shame ,

Month passed Tee haana kumbochinja ndandisingachatauri ndakungotarisa asi ndichirwadziwa mukati kutaura kwaindinetsa . Rimwe zuva Tinashe akakurumidza kuuya kumba akauya naNyarie ndakatoshaya kuti aive amutorepi but ndakafara coz ndandamusuwa shame Tinashe ndopaakazoti aive akumboenda kunhamo panemunhu wekubasa aive ashaya so ayindorarako aive auya naNyarie kuti arare achinditarisa handina kuramba ndakatofara kuti ndakumbowanawo munhu wekuudza zvaive pamoyo pangu .

Tee akazochinja akaoneka hake ndikasara naNyarie wangu ndopaakati

Nyarie" but younger haudaro kana kumbondiudzawo kuti unenhumbu wakugara kunoku usadaro ndakatozoudzwa namoms pandakaenda kundovaona apa Dady vakatsamwa zvisingati hako so tell me irisei marriage younger"

Me" sisi ndaitodawo kukuudzai asi everything happened so fast henyu ndaitotsvaga number dzenyu ndafara kukuonai hupenyu hurikurwadza since Tinashe pakangoitwa manager achinja haachaunzi kana mari anongounza chikafu apa preparation haana kutenga ukamubvunza anongoti ndichazvigadzirisa right now handitozivi kuti arikutambira marii zvakaoma sisi ...

Handina kuzopedza kutaura ndakuchema shungu dzaive dzandibaya ndakazoudza Nyarie zvese zvaive zvakaitika since day randakabva Mafias kusvika day raive auya kuzondiona ndakaona kurwadziwa kwake haana kupindura akangoeredza misodzi akandipa hug ndopaakati

Nyarie" younger u have to be strong unamate usangogara uchichema kuchema hakuchinje chinhu handisi kufara nehunhu hwemurume wako akaramba achidaro ndonoudza mom udzokere kumba hako usamanikidzire zvisingaite "

Takazokurukura nasisi achindiudza kuti pese apa Tinashe ayiramba kuti vandione vaive vatoshamisikawo day iroro paakangovati vaizorara neni kumba kwangu takazotanga kutaura kusvika kuma12 am tichibva tarara dzatove kuma2 am ndakamuka ndanzwa mudumbu makurwadza thot zvichapera ndikamuka ndikatanga kujamba jamba zvikatanga kutowedzera ndakabvisa hembe ndandakutsva zvikaita worse ndopandakazochema zvakanzwikwa naNyarie

akamuka ndakamuudza zvandainzwa akatoshayawo kuti chii nekuti nhumbu yaive pa7 months ka .

Nyarie akazama kufonera Tee fon yake yairamba ndakatoshaya kuti why coz paakabva pamba yaive yakazara .Zvakati zvawedzera ndakatanga kubuda ziya muviri wese ndikabuda panze zvekuti unonyara kuonekwa nevanhu panze unenge usati warwadziwa Nyarie akatozondimonera towel .Ndakatora fon ndikatanga kuridza music ndichitamba zvinenoise zvekuti vanhu vepayard vakamuka vachishaya kuti ndakupenga here . Landlord ndopaakazouya achibvunza kuti chii chaitora nzvimbo ndisati ndapindura ndakanzwa mvura inenge weti but yaive yakawanda yakuyerera mumakumbo angu .......

*End of chapter*

Ko chii futi naLeee iyo nhumbu isati yasvika na9 months ? Do u think Tee aive kunhamo zveshuwa? Pakaipa

*Tah loves you all* .

*Edited By *

[19/04, 22:00] +27 62 360 8993: *I* *was* *blinded* *by* *love*

*Written* *by* *Talvia*

A.K.A *mwana* *waMassy*

*Unedited*

*Chapter* 2     2

Pandakaona makumbo akuerera mvura munhu wese akanditarisa vachivhunduka ndakatoshaya kuti ko chii in ndandakutonyara kuti ndazviitira weti pamberi pevanhu.Aunt vaigara next door neni vakamhanya mumba mavo kunotora  makey emota vakaudza Nyarie anditorerehembe vakandibereka vakananga kumota yavo nekuti ndandisingachagon kufamba .Vamwe vakadzi vandaigara navo vakamhanya mumba kunobatsira Nyarie kurongodza hembe dzangu Nyarie akazouya nebag Aunt vakasimudza mota vakarova serious ndopandakabvunza

Me " ko nhai veduwe mukumhanyirepi nhumbu yangu iripa7 months handisati ndakuzvara ini "

Ipapo marwadzo aiveambonyarara hapana akandipindura vese vakaramba vakanyarara ukuNyarie aribusy nefon yangu kuzama kufon am sho aifonera Tinashe but yaiienda pavoice mal.Papera maminutes takasvika pahosptal ndikasimudzwa ndirimutowel imomo ndichiendeswa kuemergency Aunt vakasvikoudza manurse aivepo kuti shupa yaive yaputika apa nhumbu yangu iripa7 months ndakatoshaya kuti shupa ndochii ,manurse vachingozvinzwa vakamhanya neni kulabour imi ka kuzvara kunorwadza ndati pain yakadzoka ndakatanga kunzwa chando body yese ndichinzi push nemanurse.

Mwana akazobuda ndanzwa nekurwadziwa no mastitch ipapo I vowed that will never fall pregnant again haaa zvorwadza.Mwana wacho kumudai aive kanhanha katiki zvekuti manurse vakatofunga kuti ndamuzvara ne5 months aive mukomana vakamhanya kudeedza doctor nekuti mwana aive asinganyatsofema ega apa pandakamuzvarahaana kuchema sezvandonzww nevanhu kuti mwana akasachema anofa pandakazvifunga hana yangu yakarova uku preparation ndaive ndisina uku Tinashe angasina kuuya nhamo haibva paneimwe mwana wangu akaputirwa netowel randakauya ndakasunga nekuti ndandaudza manurse kuti ndandisina preparation .

Misodzi yekufara nekurwadziwa yakaerera pamumaziso angu ndichiona mwanakomana wangu aisatombotarisika face ndairwadziwa kuti shuwa mwana wangu ozvarirwa nhamo ivo baba vake varimanager life . Doctor vakazondiudza kuti aive premature vakazoendesa mwana muICU A vanoziva zvekuchipatara munoziva kuti munhu anoiswa muward rakadai anenge arisrs ende zvinenge zvuripa2 kuti achafa or kurarama but in that tym semunhu aisazi va handina kumbozvisa mumusoro thot achagaramo kwe2 days chete.Visiting11am yakakwana Nyarie naAunt vakauya kuzondiona ndakafara kuvaona asi aunt ndaitonyara kuvatarisa nekuti kundibatsira kwavakaita ndaisatombokutarisisa nekuti ndaisataura nemunhu payard asika wacho akandip mutemo iwoyo was not there vacho vandainzi ndisatamba navo ndovaivepo .Ndakazoudza vanaaunt kwaive kwaendeswa mwana ndakaona aunt vakunamata vachichema hanzi Mwari dai mararamisa muzukuru wangu she was so caring shame .Ndakazotora fon ndikafonera mom ndichivazivisa kuti ndaive ndavanemwana vakatoshamisika nekut nguva yaive isati yakwana vakati vaizouya kundiona ndakatomboyevenuka.

Nyarie naAunt vakazooneka vakumboenda kumba kunorara ndikasara ndakarara zvangu ndichifunga kuti manje ndaizokwanisa kuchengeta premature iyi here in ndaisaziva nezvevana dzatove kumaone nurse vakauya vachindiudza kuti panemunhu aida kundiona ndikatofunga kuti ndimoms kunodai ayitove Tinashe zvake kutouya achizvibigger kuzvidhonza chaiko kumuona kwandakaita ndaida kuchema but pride yakandirambidza ndaisada kumupa manyemwe ndakaita kunge zvese bho hangu iye ndikusvikopfugama akatanga kuchema imi man can pretend kana atadza anoiridza mhere kuti umunzwire tsitsi apa achipretender hake back to my story Tee akabva ati

Tinashe" bae am sorry fon handizivi yakadzima sei ndirikunhamo ndangomukira kubasa ndopandazoona message yaNyarie yekuti urikuno am sry bae wangu pliz forgive me matizvarira mwanai Mai Jimu"

Nguva yekunetsana naye ndaive ndisina ndakamuudza kuti aive mukomana akafara zvisingaite akaita seachandisimudza ndopaakanditambidza bag raive nepreparation I faked a smile ndikaritora I thanked him I know Vamwe venyu mungati ndakapusa why ndakamuregerera zvekudaro asi ka in lyf panenguva yekuti unenge unemazikustress zvekuti simba rekunetsa nemunhu unengeusina . doctor vakazouya ndikavabvunza nezvemwana wangu vakati he was missing hanzi muward mavaive vamuisa aive asisimo veduweee ndakaita mudumbu why mee Tinashe haana kutaura akangobuda arizii hake haana kuzodzoka doctor dzaisadhonza shuwa mwana angashaikwa njee iye aive nemadetails ndakavabvunza kuti

Me" nhai doctor kana mwana wangu afa ingondiudzai ka than kundiudza zvisina basa zvamurikutaura how can that be possible how "

Voice rangu ranga rakwira nehasha nekurwadziwa aaaah shuwa mwana akaita kuti ndibve kuvabereki vangu ndiitwe chitoy naTee akungoshaika zvekudaro haaa ndakatombomhanya bani manurse akamanyidzana kuuya kuzondibata doctor vavangovhura tumaziso.

Manager vehosptal vakazouya vakatarisa pamarecords vakaona kuti mwana aive aendeswa kuneimwe hospital eshiii was relieved apa Tee nehasha aive atoenda hake .Ndakazoendeswa kuhosotal kwaive nemwana apa fon yaive yadzima hapana wandakamboudza kuti ndabviswa pahosptal .Ndakasvika kuICU A yaive yaiswa mwana hapana mwana ainzika kuchema waingonzwa mushini chete kurira maive musina kana noiz pandakaratidzwa mwana wangu I couldn't control my self ndakachema ndaisatombofunga kuti aive pathat serious condition .Tanatswa eheka hant ndozita raakanzi achadeedzwa nadady vake aive akazara tambo body yese akaiswa zioxgyn zihombe racho arikadiki diki achifema nebody yese eshiii I was young for that situation veduweee .Ndakazoudzwa nanurse kwandaizogara nekuti ndaifanira kuuya every 3 hours kuzopa mwana mukaka ainwa mukaka netube irimumhino so ini ndaizokamira mukaka wake mucup ndoisa stika ndonoisa mufridge ndomandainoutora .

Ndakaenda kwataigara pahosptal ipapo taigara tiri24 umwe neumwe anemwana wake aneproblm yake ini bed mate vangu tese vana vedu vaive kusame ward takatotanga kukurukura dzehupenyu iye aive mutswana hake taiti after 3 hours toenda kundoona vana vedu papasina kurara ndaigarochema kuti ndirindega baba vemwana variko havo apa kubva zvaakabuda muhosptal haana kutombofona kubvunza kuti zvazodii hupenyu ka .

Takarara zvakanaka ndaive ndisina charger Saka handina kukwanisa kufonera vana mom ,kwazoedza tichingoti after 3 hours tonoona vana ini zvaindirwadza kuona mwana wangu arimumatube asika hapana chandaikwanisa kuita ndakazokumbira nurse fon ndikaudza mom's kwandaive vakati vavachitonditsvaga vakazouya kunondiona I was happy kuvaona Mai vngu after long time vakauya nemasiblings angu ndakafara kuti paivewo nevanhu vaindida Havana havo kubvumidzwa kupinda mukati nekuti maingodiwa Mai vemwana chete ndakandovatorera mapic vakaona waitoona face yefamily yangu kuti vairwadziwa asika vainyepera kuzvivanza .Vakazobvunza kwaive nebaba vemwana ndakangokwanisa kutarisa pasi misodzi ikatanga kuerera....

Teee atoruwo nemoyo here 🤦‍♀

*End* *of* *chapter*

*Tah* *loves* *you* *all*

[19/04, 22:00] +27 62 360 8993: https://chat.whatsapp.com/GKJw9FOv4Jz02RIMTmdGIE

*I was blinded by love *

*Written by Talvia*

_A.K.A mwana wamassy_

*CHAPTER 2 3 *

Ndakazonyaradzwa nanamoms ndikavatsanangurira life yandairararama vakarwadziwa shame chakanyanyovarwadza kuti Tee aive asati atomboona mwana apa ndiye aigara paduze nekuhosptal .My brother vakakumbira number dzake vakamufonera yakaringer mwana wekwaJimu akadaira hake achizvinzwa fon yaive paloudy

Tinashe " elooo new number how can I help you"

Big bro" hautonyari so kudaira kambudzi kako uchinozer uchiita basa rekushandisa sisi vangu hauna hunhu hant takambokunyararira pese apa tichifunga kuti wakarongeka but ndirikuzviona kuti haufunge wakauya kuzoona mwana wako here ............hee..."

Tinashe" hey man stop shouting me am not your child haundiudzire zvekuita mumarriage yangu wanzwa uritsano bt nyara anokunyara ndikubasa kana ndikawana time ndichauya kuzoona kagava mwedzi ikako kana muchiona zvichinetsa madiii kungodzima machine irikuita kuti gava mwedzi iroro rifema ringobva rafa zvipere mutore mwana wenyu handidi kunetswa in"

Mashoko akataurwa naTeee akasvika pamoyo pangu sebhomba chairo ndakangokwanisa kuburitsa misodzi my big bro hasha dzakamukurira akakata fon ziso raive rava red mom's ndopavakabva vati Tinashe vaida kumuendera kubasa ikoko . Visiting hour yakazopera ana mom vakandipa sipo yekugeza mamorning shoes nezvekurarisa zvavaive vandiigira vakandisira mari yekutenga chikafu eh pahosptal paitengeswa food plus chikafu chepo chaisadyika .Takaitana magoodbye nefamily yangu vakasiya vandisimbisa kuti ndinamate nekuti vaizouya vachindiona everyday nekundiigira chikafu .

Vanamom vaenda ndakadzokera kulodge hangu kunoexpresser mukaka wemwana visiting ya9 pm yakakwana ndikaenda nasahwira wangu kunoona vana nekuvapa mukaka mwana wangu aisachinja ndaiti ndikamutarisa ndikafunga mashoko aTeee ndaingoyeredza misodzi it was not easy for me veduwee pakudzokera kulodge sahwi wangu handina kumuona ndikatoshaya kuti ko aive andisirei ndichisvika kulodge ndakamuwana akagara akabata shaya ndopandakabvunza what was wrong ndopaakandiudza kuti mwana wake aive ashaya I couldn't

believe it apa aive atove nemwedzi arimo muhosptal mwana arimuICU ozongofa njeee ndakabatikana handidi kunyepa as if mwana wangu aive afa

Ndakazosimbisa asahwira vakandiudza kuti vavakutoenda kumba kuti vagadzire zvekuzoviga mwana eshiii ini ndakatanga kuita fear yekuti what if ndikamuka ndichiudzwa kuti wangu mwana afa yooh ndaisazvigamuchira .Handina kuzorara I went back kumaward kundorara ndakarinda mwana wangu ndaimuda zvakaoma kudaro .Ndakakumbira manurse aivepo kuti vandibvumidze kurara ndichiona mwana vakamboramba nekut zvaisabvumidzwa but one wacho aive murume ndiye akazobvuma .Ndakaenda paive nemwana wangu ndikamutora netube idzodzo aive mudiki zvekuti ukatadza kumubata zvakanaka akadonha kwaitove kufa straight ,I was wearing I gown ndakarivhura ndikaisa my son on my chest akarara nedumbu I could feel the bond .

Nurse vechirume vaitarisa mwana wangu vakauya vakagara neni vachindisimbisa vachindikurudzira kunamata nekuti mumahosptal mune mweya werufu vakatoti day raitevera vaizouya kuzonditora ndapedza kuona mwana tiende kuchrch pahosptal paive nechapel. Vakandikurudzira ndisaita stress kuti mwana akurumidze kupora he was a good person havo vakazondiudza kuti he was married family yavo yaive Limpopo kwaedza tichikurukura ndandatokanganwa nhamo dzangu.

Ndakazopa mwana mukaka ndikabuda ndakuenda kulodge ndakasangana nanurse vaya mulift takayenda tese malodge emastudent nurse needu aive padhuze nepadhuze .Ndakanogeza handina kudya ndandakufaster zviya zvekuti munhu anoyamwisa hatsanyi kugarika kuya ndakazviudza kuti enough is enough pandakachema pakwana it was time to be strong for my son ndakadzokera kunoona mwana ndikawana manurse aive paduty achiti ndaitsvagwa pandakanotarisa it was Mr Jimu havo handina kumbomuratidza kuti I was in pain ndakamumhoresa bho handina kumubvunza nezvekusauya kwake ndandisina time yacho iye haana kutaura hake.

Ndakazoenda naye kundomuratidza gava mwedzi raaitaura paakapinda achiona mwana wake ndakaona akueredza misodzi ndikatoshaya kuti ko ndoipi ndakashaya kuti kuchema kwekurwadziwa or kwekuti dai afa 🤦‍♀ haana kutora even 5 minutes akabuda imi wangu mwana aisatarisika kani zvaitoda vanemoyo murefu chaiyo chero neni still can't believe about hushingi hwandaiita ipapo hwaibvepi .Ndakamutevera panze ndopandakanzwa akuti

Tinashe" Ieeee u are strong so unondiudza kuti ukuuya everyday kuzoona kamwana

kadiki so kakazara matube at your age u are strong leee thank God for giving me a woman like you am sorry for everything I have done and I promise to make it up to you "

Ndaive ndaneta nemasory ini ndakangomuti bhoo shuwa munhu anobehaver kunge mwana iye aitoona kunge arikuita zvinhu bho kundishungurudza asingazivi kuti aitondisimbisa akazondisira Mari akaenda kubasa hake .

Nurse vaya vakazouya tikaenda kuchurch haaa kwakaparidzwa shame I was blessed that day message yacho yaingoudza ini .Pastor vakaparidza munaProverbs nemuna Genesis ..hanzi

Allow your heart to be free neva allow what you are going thru to kill you there is a reason for everything just trust in God n all shall be well

Vapedza takaimba and we started praying ndakanamata zvandaive ndakapedzesera kuita ndichiri kuchikoro zviya zvekuti munhu anoti handigone kunamata kugarika kuya ini ndakanyatsonzwa ndega kuti apa ndanamata church yakazopera ndakaenda kulodge kumbondorara ndaive nehope that day anamom havana kuuya kuzondiona mom's vaiti varikunzwa musana ehe vakakura kare munozviziva kuti Mai vakanoona mwana wavo asina kubvisirwa vanotombonzwa musana.

Kuma5 ndakabreaker fast ndikanamata kuti Mwari vandinzwire nyasha ndakadzokera kuward remwana wangu ndikawana aiswa oxygen diki katambo so doctor vakabva vauya hanzi tatakatokumirira tikuda kukudza kuti mwana wako is now beta takumuendesa kuICU B ..

*End of chapter*

Results of praying

*Tah loves you all *

[19/04, 22:00] +27 62 360 8993: https://chat.whatsapp.com/GKJw9FOv4Jz02RIMTmdGIE

*I was blinded by love*

*Written by Talvia*

_A.k.A mwana waMassy_

*CHAPTER 2 4 *

Pandakanzwa Doc vachiti mwana wangu aive akuendeswa kuICU B ndakafara ndopandakaona kuti Mwari vaindida zvakaoma kudaro ndakangokwanisa kudonhedza tears of joy .Nurse akauya vakandibatsira kuenda kuward B Imi maive makazara vana mwana wangu matube anga ava mashoma manje avamuglass diki ndakabva ndazviudza kuti I will always pray kusvika zvanaka chete .I went thru hell ndingori one but zvakandiita ndigone kunamata nekuva nehushingi ,ndakazofonera mom's ndichivaudza kwandaive ndava vakafara shame vachitondiudza kuti family yese was worried.

Ndakazofonera Tee ndichimuudza kwaive kwaiswa mwana akati aiuya kuzomuona . Days passed vanamoms vaiuya everyday kuzoona mwana nekundiigira chikafu Tee aingouya kaone paweek ndange ndisingachazviisi mumusoro ini kuondeswa nemunhu arikuziva zvanoita hake bodo .after 2 weeks I was transferred again kuendeswa kukangaroo department ikoko ndekwekuwedzera makg chete oh ndandisina kukuudzai mwana aive azvarwa ne1,4 kg apa muhosptal aizobuda avane2 kg.

Kukangaroo babies taigara tiri4 muroom so isu taive mashona chete vanhu vandaigara navo vaive free shame vana vavasisiri paoxgyn ana mom havana kumira kuzondiona everyday after everything zvandaive ndakavaitira ndaisadesever such luv and care ndopaunoona kuti blood is thicker than water Aunt vekumba kwandaigara naNyarie vaiuya apo neapo coz vaienda kubasa Bamkuru Tatenda vakangouya ka1 kuzondiona Tee woo haana kusiya hunhu hwake hwekuuya kaone paweek .muroom medu taigaronamata anytime nekuverenga mabible tichisimbisana .Rimwe zuva atori manheru takamuka kuma2 am tichipa vana mukaka zvakanaka mutemo waiti kana mwana anwa unofanira kumira kumurarisa kuti mukaka udzire bed mate vangu that day vaive nehope vakangoti vachipedza kupa mwana mukaka nekurara dzatove kuma6 am takuda kupa futi vana mukaka mwana wabed mate haangarambi kumuka .

Takatomboti kujoker kudeedza manurse kutozama zvese mwana zii veduwee that day pakanamatwa tese tiri4 mwana paanga aendeswa kunotariswa nadoc takatanga kuridza that song the is power in the name of Jesus to break every chain takaisa parepeat umwe achiverenga bible muna plsams pakanamatwa munhu wese achichemera kuti mwana amuka nurse vakauya after 1 hour taneta nekunamata vakutiudza kuti the baby was no more moziva takatadza kuzvibelivha especially in ndaive ndatombobata mwana wacho masikati aribho ozongova njee ndopaunoona kuti kana Nyadenga atonga hapana anoramba.

My bed mate akazooneka akuenda kunogadzira zvekuviga mwana wake isu takasara takutya kuti mwana anogona kungoti zii imika muroom medu mamava nethat smell yemunhu akafa .Pakadeedzwa pastor vaiuya vachitiparidzira everyday tatisingacharari tichirara takagara kurara hope rugare ruya .Days passed mwana wangu aiikura everyday anga akunyatsooneka manje my family havana kumira kuuya vaitochinjana everyday Tee akanga akuuyawo everyday papera 2 weeks ndakaburitswa muhosptal mwana aive abho ,ndakauya ndikatorwa naTee vana mom that day vaive kubasa ndikazovaona mutown ndakutoenda kumba vakandipa zvinhu zvemwana kusatenda huroi vakatenga shame kutopfuura muridzi wemwana pandakanovaona Tinashe akatiza.

Ndakazoonekana namomie vangu vakati kana zvirikunetsa zvekuroorwa ndidzoke kumba but in ndakavati kumboshingirira yes ndaimuda Tinashe nekutadza kwese kwaaita again kuti ndidzokere kumba vanhu vaseke family yangu kuti ndakarambwa nekudeedzwa kuti mvana ndaisada asika munhu haamanikidzirwe kuda munhu waasingadi, kugara muimba yaunengeuchiona kuti haudiwe kunokuvadzisa vazhinji vakadzi varimo mudzimba vasingadi kusekwa kunzi vakadzoka ofwich mumba imomo ingorimisodzi veduwe usamanikidzire zvinhu zvisingaiti munhu anokusakadza agokusiya wanevana hobho akuziva kuti kuroorwa kuchanetsa plus chimwe chandakaona murume ukamuratidza kuti unomuda too much iye achikuratidza kuti hanabasa newe anokuita toy yake.

Takazoenda kumba naTinashe ndakasvika bro yake ba Nyasha newife yavo varipo nadady nabamkuru Tatenda ayas ndakangozviti saka vanhu ava vaitadza kuuya kuhosptal vakuuya kumba zvakaoma .Ndakavamhoresa vese zvakanaka hangu vese vakafara kuona mwana Mai Nyasha ndovavauya nemakorokoto zuva rakudoka ndakaudzwa kuti ndandauya kuzotorwa ndinogara namai Nyasha nekuti mwana aive mudiki aida munhu anoziva nezvemwana eshiii ndikafunga zvakamboitika ndikada kuchema ndikazvibvunza kuti ndichazofarawo here ini .

Ndakazongobvuma zvaisaita ndirambe asika mwana wangu ndaigona kuchengeta ndega handiti taive tadzidziswa here nemanurse asi kuti ndipikise zvaisaita .Zvinhu zvangu zvazvatorongedzwa kudhara zvazvakaoma Tinashe akati aizouya achindiona aripaoff shuwa hapana pandakambotiwo ndaenjoyer marriage aingove maup n downs.

Ndakaenda nanagules Tee akasara coz aida kuenda kubasa mangwana acho.Takasvika bho hedu tikabikirwa namai Nyasha tikadya zvakanaka tikarara mangwana acho Dady vakabva vati vakuenda kumusha vaizodzoka Tinashe akundiroora tikaoneka vakaperekedzwa nababa Nyasha kuzim tikasara nagules naNyasha atove manheru padoor pakaita zinock ndikatoshaya kuti ndyn taive tisati tarara door rakatanga kurohwa nesomething like simbi veduwee ndakaeredza misodzi kuti shuwa mwana wangu azvarirwa nhamo baba vake havana even kurara day one vanaye now madrama kwabamkuru nechandandakatadza ndakachishaya....

Mai Nyasha vakazobvunza kuti ndiani vakaudzwa kuti aive landlord aauya kuzovabuditsa nekuti vavasina kubhadhara rent apa murume wavo aive asipo Mai Nyasha vakazofonera mapurisa akauya landlord wavo akanzi atange avapa notice ikapera yakadaro .mazuva akafamba Ba Nyasha varikumusha gules vakazotsvaga room vakaiwana we move out Tee aiuya apo neapo apa aisaunza Mari yechikafu or mapamper mom's ndovaitotenga zvese iye aingouya akuda jvtunkn zvakaoma .gules vakazotanga kuchema chema nenyaya yekusaunza Mari yechikafu kwaTee I ddnt blame her vaive right iye anga akutorelaxer hake .Mwedzi wakapera mwana haana kumira kukura Bamkuru vakadzoka kuzim vakaudzwa hunhu hwelil bro yavo vakamufonera hanzi chiuya utore mukadzi wako ....

*End of chapter*

Life sometimes marwadzo

Lets just meet in the next chapter .

*Tah loves you all *

[19/04, 22:00] +27 62 360 8993: https://chat.whatsapp.com/GKJw9FOv4Jz02RlMTmdGIE

Book redu rikupiwa mahara and musaritengesa. Dont forget kuti this is a real life story . I'm a story teller . Hope mukudzidza zvakawanda about Lee's life dont forget to comment my book. I just want to inform u that our book is going to the finals but if the time is there will come with season two tokuudzai kuseri kwenyaya but stay tuned kuri kuuya rimwe.

Thank u for being with us please kindly share our link

*I was blinded by love*

*Written by Talvia*

_A.K.A mwana wamassy_

*CHAPTER 2 5 *

Tinashe haana kutomboramba akabva auya that same day akanditora tikaenda kumba vanhu vepayard vakafara kuona mwana ndakasvika zvinhu zvakangoita imwe iyaya you know panogara bhachura took Tanatswa ndikakumbira Aunt vanditambirewo naye vakabvuma havo .Tinashe akabuda kunotsvaga chikafu chemwana nechepamba papasina hanzi ndaisabika ndakasara ndichiisa order mumba mangu after hour ndaive ndapedza .Ndakazonotora mwana ndikamupa chikafu Tee ndopaakadzoka nefood achibva abuda hanzi ndikumbonoona mafriends yangu handina kuramba hangu ndakasara ndichibika aunt ndopavakauya tikatanga kutaura nyaya paya vaive munhu anotaurisa vanemajokes .

Tinashe akazodzoka kuma11 pm ndakutorara ndikabvunza kwaaive akati vavachimbotandara ndikatoshaya kuti kutandara rudzii kunosvika mid night ndakanyarara hangu ndikamupa food akadya ndikarara hangu.That night haana kumbondibata semunhu asuwa wife yake aitoridza ngonono handina kumbozvitsvaga hangu .Mazuva akafamba Tee aisatombotipa time in nemwana kana aripaoff aiswera kumafriends or kuunza mafriends ake paden voswera akabva kubasa ukada kumutaudza aikuudza kuti handisi mumood aitotaura paanenge akuda iye hake.

Zvakambotanga zvichandirwadza ndikatodyaira mumba mangu maisava nemasweet nothing paunozama kuda kufadza bae adzoka kubasa akakwindimara zviya zvekuti todya muplate one aitokudza kuti ndosema ndoda kudya ndega pakugeza zvekuti heee mononogeza mese mangu mumba zvaisaitwa hanzi munhu nemunhu ngageze ega .I tired my best kufadzawo bae wangu kumurespecter asi asazviona zvese izvozvo .

Mwedzi haina kumira kufamba nekuti mumba mangu maisava nemufaro mwana aitokura zvakaoma kudaro vanamom vambozama kundiudza kuti ndidzoke kumba asi ndaingoti ndichauya

ini ndichiziva hangu kuti zvairema kusiya munhu wandaida ndopaunoona kuti love maone waunoda hakude anokuda haumude 🤷‍♀️.Tinashe haana kumira hunhu hwake aive atova worse Mari anga akungondipa yaikwana kutenga chikafu pasina yehembe dzemwana ndaitozoita zvekubvisa pamari yechikafu ndotenga hembe dzemwana dzimwe aitengerwa nanamoms vangu mapampers chaiwo Mari yaibuda wadeketera phone yake ndaisabata hanzi unozosenda zvisirizvo mumagroup ekubasa kana ndimiwo ndakatombozama kuudza mabrothers ake asi vaisaratidza kuita hanya nazvo Dady pavakaenda kumusha havana kuzombodzoka .

Rimwe day mwedzi wapera Tinashe akauya nemari yaikwana kutenga mapamper chete kutomubvunza kuti ko chikafu hanzi handina mari veduwee fungai uchiyamwisa usingadye ndakatanga kuonda kuti ndiudze mom kuti handina chikafu ndaitonyara vanhu vepayard ndandisina wandaive ndadyaira ndaiswera ndakazvivharira aunt ndovaitoti pavaiuya kuzoona mwana vaindipawo chikafu chekubika iye Tinashe aitodzoka achikudza kuti ndakaguta hupenyu hwahwandiomera kunamata ndandisichagone nebundu randaive naro pamoyo ndakatoona kuti ndingafa nenzara ndikatanga kuti kana arikubasa ndonotsvaga mapiece job ndichiita ndotenga chikafu ndichiviga ndikashaya basa ndaiti paanobuda makuseni akuenda kubasa ndobudawo ndakananga kumba kwedu kundopiwa chikafu pride ndakaisa paside ndaona kuti ndingafa nenzara ndaive ndaondoroka kupera chaiko zvoti stress nenzara. Dady vangu ndakavakumbira ruregerero but vaingoti

"I forgave yu long time ago but I won't forget that ende I laved u but u broke my trust I wanted the best for yu"

Mashoko iwayo aindirwadza zvisingaite kuti shuwa handichawirirane nadady vangu nekuda kwemunhu arikundishungurudza zvaisave nyore kutaura naDady nekuti mutemo unoti ndaisafanira kuenda kumba kwedu ndisina kuroorwa asika unganwira poison mukunyara her ndandanzwa nenhamo ndichiziva kuti chese chandaishuvira chaiveko kumba kwedu .

Gore rakapera Tee achingoita yaada iniwo kumba kwedu ndaienda asingazivi rudo rwandaive narwo paari rwakatanga kudzika ma% even zvekurara tese ndakapedzesera ndakugaromunyepera kuti ndikumaperiods mungandishore henyu asi dai maiziva kurwadziwa kwandaive ndaitiswa maisadaro munhu anorara newe panonzwira kuda as if urihure rake 🤷‍♀️Mari yake ndandisingachabvunzi .

Rimwe day Tinashe aive paoff akaenda kutoilet akasiya fon yake pabed yakatanga kuringer ndakaignore ikaringer futi ndikadaira

Yaive new number

Me "hello "

Female voice" " hello ndokumbirawo kutaura nemuridzi wefon "

Me" abuda ndiani wandikutaura naye"

Female voice" ndiribae waTinashe iwe umborianiko ukudaira fon"

Me" ndini mukadzi wake .... "

Handina kupedza kutaura Tee aive adzoka akasvikobvuta fon yake akakata akabvunza why ndaive ndadaira handina kupindura misodzi ndoyakabuda yeshungu shuwa munhu aitohura ndichitambura so ndopandakamubvunza bout tht lady aive afona akati musikana wekubasa aimuda ndikangoti bho ndikanyarara hangu but zvaindibitiridza mukati iye akabva atora fon yangu akaenda pafacebook akaenda pachart rangu neclassmate yangu mukomana wandaitaura naye magenaral talks infact ndaitomuona sebro mumacharts ekupedzesera classmate aive achikumbira number ndikamupa ndoakaonekwa naTee iwayo ndakazongonzwa ndarohwa nebhandi kunechisimbi kuya mumusoro chaimo ndikatoshaya kuti ko zvadii futi kuda kubvunza munhu akaramba achingondirova kusvika aunt vakazouya vanzwa noiz vakubvunza kuti chii chaitora nzvimbo Teee replied

Tinashe "aunt Mai Tanatswa varikuhura pafacebook ndaona mamessge nemukomana wavo"

Ini aizve kupa munhu number kuhura her ndopandakati varatidze massage acho kunodai ave adelita Facebook yacho mufon mangu pasisina proof moziva ndakabhoikana am sure even aunt vakatofunga kuti zvaitaurwa ishuwa nehasha ndakabuda pamba ndikamusiya nemwana wanted fresh air mhani the guy was just too much side chik wake afona handina chandakataura akuti ndahura futi ndakanogara paclub panze hangu ndichichema ndiripo .Tinashe akatanga kunditsvaga akandishaya dzatove kuma9 pm hasha dzaserera ndopandakazofunga kuti ndaive ndasiya mwana kumba I went back home ndikawana Tee akapusa pusa he tried kunditaudza handina kumudaira pakurara akarara nemwana pabed ndikarara pasi ndaimuka ndichiyamwisa

mwana.

Makuseni akuenda kubasa ndikamuudza kuti ndaive ndakuenda kumba kwedu was tired of madrama ake munhu akatanga kunzwisa tsitsi musodzi ikabuda hanzi I can't liv  without  you Lee wat wat  mungoziva varume vanerurimi runotapira ndakazomunzwira tsitsi paya and I decided kusaenda akazoenda kubasa akaswera achifona achindiudza masweet nothing manheru akadzoka kubasa akandiigire maloving nemalikes achindiudza kuti aive atenga mota nestand kumusha that's why aisaunza mari kumba ndakangofara zvekungotiwo but ndatanga kuzvibvunza why aive asina kuronga neni hanti taive mukadzi nemurume her why asina kundiudzawo plus ndopandakaona kuti kuroora aisada but Mari aive nayo .

Stress yakatanga kundibaya ndakazvibvunza kuti till wen will I Liv like this ndandakuona kusafamba kwelife yangu kuitiswa kwangu but ndaisazvigamuchira............!

*End of chapter*

Book rakuenda kufinal manje Lee soo

*Tah loves u all *

[19/04, 22:00] +27 62 360 8993: https://chat.whatsapp.com/GKJw9FOv4Jz02RlMTmdGlE

*I was blinded by love*

*Written by Talvia*

_A.K.A mwana waMassy_

*CHAPTER 2 6 *

Mazuva akafamba stress yanga yakundibaya ndichiti ndikafunga kwaibva nekwaienda life yangu ndaisakuona shuwa ndaitambura kushaya chikafu munhu anayo Mari achitoplanner kutenga mota nestand zvake hake panoti kuroorwa shuwa.Ba Tanatswa vakati vawedzera hunhu hwavo hwekusagara pamba anga atove worse kugaroudzwa kuti ndakumboenda kubasa kwakati ndodzoka after maweeks ndakumboenda kuchrch kumaall night handaipikisa ndaingoti ehwoi but mumoyo ndichibayiwa .Rimwe day akakurumidza kudzoka pamba akasvikoti ndikuenda kuDurban izvezvi kundovhura shop todzoka after 2 weeks ndikangoti ehwoi I prepared everything akarova pasi ndandatodyaira kugara nemwana wangu tiri2 I was living a lonely life wekuudza papasina ndaiona sekuti ndikataura nevanhu ndovapa stress.Mangwana acho ndakatorara hangu ndakanzwa nock padoor pandakavhura aive Nyarie ndakafara shame takazotanga kubvunzana mufaro ndopaakazoti

Nyarie: younger ndatumwa namomie kuti ndione kuti wakagara mushe here pamwe chete nekunza hembe dzaTana wedu arisei Tinashe"

Me" cc hupenyu mutoro everyday misodzi ndirikumbozama kushingirira zvirikuramba Tinashe atoveworse kubva zvatenga mota yake hacharari pano anoita zvaanoda ndichimusiya chandakamutadzira ndochishaya izvezvi abuda hanzi ndikuendaDurban"

Nyarie" Ieee imbondiudza unombonyanyodei panaTinashe chaizvo iwe dzokera kumba mhani ungaitiswa nemunhu asina basa newe wakanaka iwe uchatowana umwe anokuroora kuvanemwana doesn't mean hauchadiwa kunze uko wake up mhani n again urikuti ayenda kuDurban kupi munhu wandaona kubasa pandapfura nako problem unonyarara kuzviita munhu anehunhu ndozvirikuita akuitise Tee wako akakuti jump unoti how high wake up mhani urikumudyaidza Tinashe muudze zvirikukurwadza panekukwarira mukati hona waonda kupera chaiko iye arikutoita katoy "

Pandakanzwa kuti Tee aive kubasa ndakabitiridzwa that means aive andinyepera ka obvious anga atoenda kubabe rake ko kusangotaura kuti hachadi anobvei than kuswera achindishungurudza regai Jah love aimbe kuti kunevanhu vanofara kuona ndichichema .

Me " cc Tee arikuhura andinyepera pano kuti arikubasa ndinotombozama to give up but mafeelings arikundirambira cc ndinefeeling yekuti ndikasiyana naTee handina umwe wandichazoda "

Nyarie akangodzungudza musoro apa ndandakuchema hasha dzakandikurira ndakasimuka ndikaenda patavern yaive padhuve nepataigara ndikatenga 5 litres 4th Street yangu ndaive ndakazviudza kuti handichanwi asi apa ndaitoda kumbozorodza brain zvazvandinyanyira .Ndakadzokera paden ndakaisa wine yangu muplastic yaisaoneka ndichisvika ndakawana Nyarie achitotamba naTanatswa she was shocked kuona ndinedoro akatomboda kundirambidza kunwa but ndakatooma musoro ndikamuudza akuti arare aizodzokera mangwana ndaida arare achitarisa mwana in case ndikadhakwa.Akabvuma hake but aisafara hanzi hazvisi health kunwa doro uchiyamwisa but ini ndandazvipira hangu.

Took my wine neglass nemaice aive mufridge aBaba Tanatswa ndikatanga kunwa hangu ndikaisa music doro nenoiz zvopindirina ndakatanga kudhakwa slow slow ndairidza song yaSali makalima I surrender yekuti

( Lyrics)

pandichaenda mudikani uchandirangarira twekumusha kwangu twasvika ndasurrender ndaenda...

Ndaiita kuteedzera ndakagara misodzi ichierera ndaitoona kunge munhu wandirikuimbira

aivepo ndaneta nayo ndakatanga kuridza Nox uchandifunga

( Lyrics) uchandifunga iwe nerimwe zuva ndaenda handingazvigone zvaunondita mudiwa....

Haaa ndaiona ndirimunyika yangu ndega wine yangu ndandakunwa semvura manje yanga yakutapira handitomboziv kuti ndakazopedza sei wine ndakamuka makuseni ndakarara pafloor paside nechibox chewine.

Ndakamuka chest ichirwadza Nyarie haana kuzokwanisa kuenda kubasa nekuti ndandakutorwara akaswera nemwana ini ndakarara day rese Teee haana kumbofona .Ndakazoita bho atove manheru but chest yaingorwadza ndopandafonerwa namom vachiti kule vangu mwana webro yamoms vangu ainge asungwa nemapurisa eshii ndakarwadziwa that dude taiwirirana zvisingaite ndisati ndazoporongwa naTinashe vaisatiziva kuti tirimacousins vaitoti tomhanya.Ndakazoudza mum kuti ndaiuya mangwana acho I called Tee ndichimuudza akarambisa

Tinashe" hazviti kuti uyende hapana Mari plus musoro wako ukuda kurukwa hauna hembe futi"

Ini aizve baba Ava vakakwana munhu aida kuita as if aindichengeta iye asatombondiona zvake apa achihura ndakangoti hameno ikoko ndikuenda ini handina kumuudza ndakangogeza Nyarie akagezawo akudzokera kumba kwake tikabuda tese ndini uyo ndakananga skral kwanamoms ndokwaigara kule vekusungwa ka ndakangosiya ndaoneka landlord naaunt ndatosvika Tee ndopaakafona hanzi senda pic rako urikupi handina kumuvanzira told him the truth kuti ndaive kumba kwedu ndakanzwa munhu aifemereka pafon nechaimutsamwisa ndakachishaya ini munhu wepi asingafungiri vamwe ndakabva ndadzima fon ndikatanga kutaura namom

Me " mom's ko chii chakaitika fut"

Mom"vanyeperwa nemusikana wavo kuti vamuraper nekuti aona mapic mufon mavo vaneumwe musikana so that gal zvamurwadza nekuti vaimudya Mari ndozvaita andonyepa kumapurisa kuda kufixer"

Me " nhai veduwee manje vanopabuda here ivo vasina mapepa"

Mom" zvinoita mwanangu takamirira court musi weMonday"

Ndakazoudza moms kuti ndaizomirira court day ndichivaudza kuti ndaive ndauya Tee asingadi asi handina kuvaudza zvekuhura takazokurukura namom vangu vachitamba nemuzukuru wavo Dady vakazodzoka manheru ndikavamhoresa vakangodaira varilow eshiii ndandatorasa father s love because of Tinashe apa dai munhu wacho aindida beta.

Takazodya zvakanaka tikanorara ndarara ndopandakafunga kuti ndaive ndadzima fon I switched it on ndikaona 6 messages from Tinashe ndaisada stress ndakangovhura one yaive yakanzi ubve wagara kumba kwenyu u bitch usende makeys angu .

Handina kumboita shungu nazvo ini ndakabva ndatotanga kuterera music hangu fon yakabva yapinda call from Mr Tinashe ndakatanga ndichiignore munhu akaramba achifona nxaa aidei ko ndakazodaira aneta nekufona voice ririlow hangu

Tinashe " wakukura musoro ka this days zvandikuti usaita ndozvaunoita kuda kusvibitsa Zita rangu kuhama dzako uchinzi handikuchengeti why waenda ndakuti usaenda heee wakuzvidza baba hanti ugare kumba kwenyu forever usachadzoka utumire makey angu "

Me" it's ok bye"

Ndakapindura zvinyoro nyoro hangu ndisingagayi m sho naye akatoshaya kuti ndapindwa nei but deep down ndaitya kuti achadaro achirevesa kuti ndisadzoka was still having feelings for him eshii mafeelings anemukonyo gys don't blame me akazoti

Tinashe" urikuhura hanti ndazviziva kuti hausikumba kwenyu u bitch after everything I did for yu kukuchengeta kwandakaita wohura uchigara neni ndiwe munhu wandikugadzirira size wait and see"

Handina kuzomboterera zvaaitaura ndakakata fon ndikaidzima ndaisada zvekunetswa ini nditori nestress yakule vangu but mashoko ake ekuti ubve wagara ikoko akaramba achidzoka mupfungwa dzangu ndaisada kurambwa naTee ini ndaimuda veduwee I started cry love is funny Amana ndaichemera munhu aive arikumahure ake kuti asandiramba instead yekufara ‍♀....

*End of chapter*

Hakusiko kutorambwa kwacho here uku????

*Tah loves u all *

[19/04, 22:00] +27 62 360 8993: https://chat.whatsapp.com/GKJw9FOv4Jz02RlMTmdGlE

*I was blinded by love*

*Written by Talvia*

_A.K.A mwana waMwassy_

*CHAPTER 2 8 *

Mariro akapera vanhu vakadzokera kudzimba dzavo ndakasara ini namainini nevana vavo naTanatswa .it was not that easy for me kunyaradza mainini vangu nekuti ndairwadziwawo uku

vanenhumbu days passed zvese zviribho fon yangu yayakatoramba kuita on zvachose ndakazongosiyana nazvo hangu ndakutoti ndasara neweek kuti ndidzokere kuSouth ndakatanga kunzwa musoro ndikangoti maybe iflu or musoro njeee mazuva akafamba ndakatanga kuwedzera mudumbu makurwadza isiri running stomach week parakazopera ndandakuswera ndakarara ndisingachagoni kana kumuka eshiii uku mom vanenhumbu ndichirwara Tanatswa aidawo care it was just too much for me zvekuti ndakapedzesera ndakudemba chandaive ndaendera kumariro kwacho ndanga ndakupa vanhu mutoro.

My old friend Talent ndiye anga akugara achibatsira mainini basa nekutamba naTanatswa ini changu kwaive kurara chete hupenyu hwaive hwaoma .I was getting worse day by day kumbozama kuenda kumachurch zvakaramba ♀ Talent akapedzesera azofonera anamom kuSouth naba Tanatswa aive nenumber dzavo ,moms pavakanzwa kuti ndandatoworse vakafonera bro yavo yaive kubulawayo ikauya kuzonditora kuti ndinogara navo kubulawayo ndakaonekana namainini nemasiblings angu naTalent ndikarova pasi.Ndichisvika kubulawayo kana kudya ndandisisagone even kutaura zvekuti kule vangu vakatofonera mom kuti vauye uku Tinashe aigaroudzwa kuti ndirikurwara achingoti handina mari hake .

Week rechi2 rakapera ndakanyatsonzwa kuti apa ndakufa manje day rakanzi mom varikusvika ndaive ndakarara muspare ndikatanga kunzwa vanhu vachindiimbira tichasangana kudenga ndanga ndakunzwa mumhino mangu kunhuwa rufu chairwo apa kusiya mwana ane1 year 6 months kwaindirwadza.Atove masikati ndakatanga kurutsa ndiye ziii....

Ndakazomuka ndichiudzwa kuti ndaive ndatova ne2 weeks ndirimuchipatara ndisingagoni kana kudii paside pangu paive namom nakule vakafara kuona ndamuka apa ini pfungwa dzaive dzisingachanyatso shanda .I asked kana Tinashe aive auya kuzondiona vakati aingobvunza pafon kuti ndirisei chete ndakarwadziwa veduwee Soo dai kurikufa ndaifaka Tinashe asina kumbondiona chero hake aisandida bt ndaive mai vemwana wake .

Mazuva aifamba ndaive ndakugona kutaura asi ndaitaura kunge munhu anokakama kufamba ndaitoita kunge mwana arikudzidzira kufamba apa ndiri mai vatova nemwana family yangu vaiuya kuzondiona everyday kuhosptal hama dzaTinashe dzakatanga dzichambofona vakazongoti zii ndikashaya kuti kwaitikei .Kugara kwese kwandaita muhosptal yaive mari iyoyo yanga yatova ku1000 bond panga paipa vanamom pavakaona kuti ndandanani vakataura namadoc kuti vandiburitse havo vakabvuma asi vakati taifanira kubhadhara mabills first kule vakafonera Tinashe akati aive asina Mari apa yaitova month end ndichinyatsoziva kuti aive nayo hake my

family was disappointed nekuita kwaTinashe ini ndakanyara naye shuwa munhu kutadza kana kutumira 100 rand zvayo .

Family yangu vakazobatanidza Mari yaidiwa ndikaburitswa tho ndaive ndisati ndanyatsosimba asika the more yandaigara muhosptal the more mabills aikwira .Pandakasvika kumba kwasekuru vangu vanhu vese vaifara kuti ndandadzoka vese vaingoti Lee tenda Mwari tatakutoti uchadzoka wachitunha .I was happy kuona mwana wangu akura asi anga atondikanganwa eshi .

Rimwe day irisunday ndakamuka ndichirwadziwa body yese zvekutadza kumuka ndandakutya kuti ndakudzokera kuchipatara iii uko ndaisada veduwe hospital z not a playing ground .Vanamom pavakaona kuti zvadaro vakanditakura vakandiendesa kuchurch kwayienda gogo vangu Mai vamoms kuDHP minstry yaitungamirirwa naProphet Chuma son of prophet W Magaya. Ndaisatoda kuenda ini church dzana come out ndaisadzifarira minana yakawandisa

asi semunhu airwadziwa ndakangoti chikuru kupona takasvika chrch yakazara prophet vasati vauya ini semunhu airwadziwa vanamoms vakakumbira ndigarwiswe nechekumberi kudhuze nekunogara Praise and Worship ndakatorara hangu nekuti Kugara kwaindirwadza ende ndaitozviudza kuti kana muchrch imomo munaMwari ndichadzokera ndabho kumba.prophet vakazouya vakatanga kuparidza hapana chandaitombonzwa ini body yese yaiita kurwadza ndakazongonzwa ndagumwa tsoka the next thing ndandava ku pulpit ndakarara ndikatoshaya kuti ko ndoipi .

Ndakanzwa mandiri mavanesimba ndikasimuka ndega prophet vakanditi ndifambe ndikatanga kufamba ndichitenderera church veduwee I couldn't believe it ndandatoponeswa nekushora kwandaiita machurch iwayo ndakachema pamberi pevanhu that was too much all this while ndaitoti Mwari vakandifuratira Ndakazonogara pasi ndakunzwa zvirinani kusiyana nezvandainzwa pandanga ndabva kumba . Service yakazopera ndakutonzwa shoko nevamwe zvekurara ndandatosiya takadzokera kumba everyone was happy nekuona ndavanani fut ndakabva ndatozviudza kuti handaizopasatan mukana wekutamba nehutano hwangu ndanga ndakunamata everyday kuchrch ndakuperekedzwa nakule nemota every Sunday.

Mwedzi wakapera I was getting beta day by day Tinashe since day raakanzwa kuti ndabuda muhosptal haana kuzombonditsvaga ndini ndaitoita kumutsvaga pafon yasekuru vangu apa ndirini ndaida care ndakapedzesera ndisingachatauri naye but ndaive ndakuswera ndakanyarara hangu moms nakulu vakazviona ndopavakagara neni pasi then kule said

Kule " muzukuru wangu chii chikunetsa ukuda kudzokera kuhosptal futi here wavanebp taura nesu"

Me " eshii kule I still can't believe that Tinashe haana kuzondiona kana kutumira mari zvayo arikuti mwana wake  arikudyei zvakaoma now ndazoona this guy Neva loved me     ......

*End of chapter*

Lee zvakuziva achadii ? Tee z he telling the truth kuti angaasina mari

*Tah loves you all*

[19/04, 22:00] +27 62 360 8993: https://chat.whatsapp.com/GKJw9FOv4Jz02RlMTmdGIE

*I was blinded by love*

*Written by Talvia*

_A.K.A mwana waMassy_

*CHAPTER 2 9 *

Ndakachema I don't want to lie pese apa ndaimbo nyarara ndichizvishingisa but bundu raive pamoyo pangu raive hombesa kule namom vakandisiya ndikachema kupedza shungu ndanyarara kule ndopavakati

Kule" muzukuru wangu itotenda Mwari kuti urimupenyu ende kurwara kwawaita kwakuvhura maziso ukaona vanokuda nevasingakude u still have a long way to go stop stressing yourself over a guy who doesn't care about you dai ainyatsokuda akumbira kubasa kuuya kuzokuona even zveone day zvaro kana kutumira mari yemabills haana ungati munhu akadaro anokuda ini pandiri pano mbuya vako vakarwara vashanya I hve to make sure ndatoona plan yekundovaona nekuti I love her wako murume manager akatadza kujusa 10 Rand zvayo kuti akufonere chake kubvunza thru what's app tisu tinotomufonera manje vhura maziso ako usabvuma kusakadzwa nemunhu asina basa newe this guy is in your life to destroy you can't you see akakuti kana wanemwana hauroorwi ndiani uchawana anokudawo nemwana wako achakubata semukadzi not benzi rako raurikuchemera iri nguva yekuchema yakapfura "

Mom" sekuru vako varikutaura chokwadi mwanangu isu as your family will support you just forget about that man and move on hakusiko kuguma kweupenyu I noe vanhu vachataurisa vamwe vachiseka asika hauraramire vanhu iwewe usazvistress nemunhu asingakupe care tikuda ukurumidze kupora tidzokere kusouth uyende kubasa ndochengeta Tanatswa "

Zvaitaurwa nakule namoms yaive shuwa asi zvaisava nyore kugamuchira ndaiti ndikafunga kuti ndakagara muchipatara for a long time asi Tinashe haana kuuya kuzoondiona even family yake zvayo yaive muZim ndairwadziwa asika I had to move on tho zvairema.Mazuva akafamba I was trying my best to forget about Tinashe but it wasn't that easy I know mukuti ndaipenga here kufunga munhu aisandida asi kana wakambonyura murudo u understand what am talking about .Mom's vakazodzokera kuSouth vachimhanyira basa kule vakaramba kuti ndidzokere nekuti

ndaive ndisati ndanyatsosimba .

Mwana haana kumira kukura nekuti baba vake vavasingamutsvage aitokura zvakaoma kudaro nenyasha ende kule vangu vaitibata sevana vavo vaisada kundiona ndakasuwa vaizama nepese pavaigona kundiitira zvese . Months passed ndikatanga kugona kutonyatsofamba but simba ndandisati ndaanaro.

kufunga Tinashe kwakatanga kupera zvishoma nezvishoma ndaizama pese pandaigona kusafunga zvakapfuura by keeping my mind busy nekuerenga manews paper ndaisava munhu anofarira kumaverenga but that time ndandisina option iyewo haana kuzomboisira kule message ivo kule vakatodelita number dzake ndandatozvigamuchira kuti Tinashe aisandida hangu .kuchurch handina kumira kuenda ndandakunamata futi .Patopfura 3 months ndakuti ndapora ndakudzokera kusouth next week ndakamuka makuseni rimwe day ndikapinda mutoilet ndakubuda ndakadonha handitozivi how asi ndakazomuka ndirikuchurch ndichinzi ndandichirotomoka apa body yangu yese yanga yakurwadza futi ndakangoti nhai Mwari misodzi yangu ichaperawo rini prophet prayed for me ndakanzwa zvirinani but nyama dzaingorwadza.

Takadzokera kumba ndakarara hangu makuseni ndakuti ndimuke zamu rangu rekuleft rikati unonyepa iwe rairwadza zvisingaiti uku rakazvimba Ndakadzokera kurara ndikatora fon yekalil kule kangu ndikaisa song yakiller t

misodzi yangu haibude zvenhando mumoyo mangu munehondo nhai Mwari wee inzwai kuchema kwangu wo ndichamboshingirira ndichaedza ndaitedzera malyrics misodzi ichierera ndakatanga kubvunza Mwari kuti asi why me makandipirei mukana wekurarama kana maiziva ndichagarorwara

Handina kuona kuti kule vakapinda sei he asked zvaiita ndicheme I told him zvaive pamoyo pangu nekuvaudza kut zamu rangu rairwadza ende ndandakutya kuti icancer kule then said

Kule" as long as am here everything will be ok muzukuru in every situation there is a reason just be strong for your son keep hope alive hant rega ndinokumbira madays kubasa ndikwanise kukuendesa kuhosptal nekuchurch hanti stop crying "

Ndakazonyarara uncle vakasiya vandipa newspaper hanzi verenga than kungorara vakabva vabuda kuenda kubasa ndikasara ndichiverenga hangu ndakarara ndandakutonakidzwa nawo gogas vakazouya she helped me kumuka Ndakanogeza ndichipedza kule vakadzoka vakati tiende kundoona doctor .Takaenda then doctor checked on me vakati havatoziviwo kuti chii ndaifanirwa kubooker kuzoenda kuscan kule vavakuda kubooker ndikaramba zvazvavanyanyirawo veduwe told him I will be fine paden kana Mwari vakati ndichafa necancer so be it .kule tried kundinyengerera ndikaramba takazodzokera kumba but kule vaisafara ndaiziva hangu kuti he was worried about me asika Mari yavaive vaburitsa kundichengeta was just too much . Days passed zamu rakazvimba ndichitadza kana kufamba raidhonza nyama stress yaiwedzera everyday ndichizvibvunza kuti why is it pandirikutiwoo ndakumover on nelife yangu ndopandakurwara life just don't make sense.

Pandakaona pasina change ndakatoona kuti ndirikudyaidza satan I started fasting kubva makuseni till na12 ndichiudza Mwari zvaindietsa zviya zvekuti kana uchirwara u don't fast unenge usati wanyatso bayiwa panorwadza zamu rakazotanga kuserera rega kusvika razongoti zii asi handina kumira kunamata ndandakunamatira kuti Mwari vandiratidze the right way .

Mwedzi yakafamba tatova munaNovember iri Friday mom's vakafona vachiti vaive vatumira Mari yekuti ndichidzokera kusouth so ndaisimuka Sunday makuseni ndaizoenda necousin sister yangu nekuti kufamba ndega kwaisaita ndaifanira kufamba nemunhu ainditarisa ,ndakaswera ndichirongedza hangu I couldn't believe kuti ndakubva kuzim nezvese zvaive zvaitika ndaitoti mybe it was meant to be for me to stay kuZim forever.

Atove manheru fon yakule yakaringer ndini ndaitove nayo yaive new number

Me " new caller helo"

Caller " can I speak naLaila pliz"

I was like voice ndakariziva ......

*End of chapter*

Ndyn akafonera Lee ??? Let's meet mufinal chapter

*Tah loves you all *

[19/04, 22:00] +27 62 360 8993: https://chat.whatsapp.com/GKJw9FOv4Jz02RIMTmdGIE

*I was blinded by love*

*Written by TALVIA*

_A.K.A mwanawaMassy_

*FINAL CHAPTER 3 0 *

Caller" can I please speak to Laila"

Me" yah ndini makadii zvenyu"

Caller"Mai Tanatswa it's me Tinashe long time hey wakunzwa sei"

Me" oh murisei zvenyu ndabho hangu"

Tinashe" ndiribho arisei Tanatswa tell him dady miss him too bad can u pliz send me your pics and Tanatswa's"

Me " ohk I will tell him "

Tinashe" what about mapic  I rlly miss you gyz"

Me" after all this while urizii wakuda mapic nhasi plizz don't act as if you care"

Tinashe" mmmmm are you ok"

Me " yes am good thanks bye"

Ndakakata this dude aitondishura chaiko shuwa after mamonths munhu akuti ndakusuwai bla bla pese apa ayimbovepi nxaa.Handina kuziva kuti pandaitaura pafon naTinashe gogas vaizvinzwa varimukitchen vakabva vauya vakandibvunza kuti ndaitaura nani ndikavaudza vakabva vabuda vakadzokera mukitchen after hour kule vakauya vakarova serious vakasvikoti

Kule"Laila hauchaendi kusouth Sunday wakugara kuno ndakutoda kukutsvagira basa even mom vako ndavaudza"

I was like

Me"but why kule"

Kule" nekuti ndanzwa kuti wakufonerana naTinashe futi wakuda kunyengereka ka manje hauchaendi ukadzokera izvezvi unozosvikodzokerana nebenzi rako urikugara kuno kusvika wakanganwa nezveboorangoma rako kubva nhasi handichakupi fon yangu"

Munoziva ndakapererwa ko kule vaiti chiiko zvavaitaura ndakatoshaya kwavaizviwana ndakatoona kuti gogas vanga vandotaura kwavasina kuswera kumurume wavo I tried kuudza kule zvakataura naTee paakafona but havana kuda kunditerera vanga vatochinja chaiko ♀problem after problem chaiyo ndakazongosiyana navo ndikarara hangu ndaive ndavanezibundu pamoyo kana chikafu chakaramba kudzika ndakazama kuverenga news paper asi zvaisapinda ndakatora foni yakule vangu vadiki started kuterera music song ya DR Tumi can't liv without you Lord ndakaiisa parepeat ndikatanga kuchema ndichifunga hupenyu hwangu kubva pandakasangana naTinashe till that time hapana kana chinhu chaive chafamba in my life pandaitiwo ndakumover on satan akati unonyepa .

Ndakachema zvekupedzisira misodzi isingachabude ndaneta kuchema I took out my cousin cc ' s bible ndikatanga kuverenga ndapedza ndakapfugama ndikatanga kupopota ndichituka yese mweya yaisada kuona ndichibudirira in life zvanga zvandinyanyira aaah mashoko aingobuda ega zviya zvekuti munhu unoti handina manzwi ekuudza Mwari kugarika kuya .

Ndakatozorara late hangu ndakangozviudza kuti Mwari vaizoita kuda kwavo .kubva zuva rakafona Tinashe gogas nakule vakatanga kuchinja hunhu kwandiri kule vavasingachanyanyi kutaura neni sezvavaimbota vanga vakundi avoider ukuwo gogas vangavakugara vachingotuka tuka Tanatswa u know vana vachikura vanemusikanzwa but kuna gogas vangu yaitove pesenari . Tanatswa aingoti akaita any mistake wainzwa akunzi "iwe gora iwe ndidzikamire ndozvinokupa kusatsvagwa nababa vako nxaa"

Mashoko aya aindirwadza zvisingaite yaisava mhoswa yemwana wangu kuti baba vake vaisamuchengeta zvichingobvawo naTinashe mwana wangu aive akunzi gora .

Days passed gogas vanga vatova worse nekugaropopota kule kuvamhoresa vaisadaira vanga vasingachadi kuti ndipinde mushop mavo hanzi Lee imbavha as if ndakambovabira, mapamper aTanatswa kuvaudza kuti apera ndaiudzwa hunzenza hwese hanzi "uchinyanya kungovhura makumbo now munhu akakumitisa hasisipo wakundipa mutoro udza mwana wako aite dhodho achiziva kuti hapana baba vake pano nxaaa " ndaisapindura ndaingonyarara ndozochema ndakuroom kweduu mapads chaiwo my cousin ndoaive akunditengera nekuti kunasekuru nagogas kwakwakutyisa kusvika.

ndakapedzisira ndakufeeler out of place uku anamom kuti nditaure navo ndaisave nefon ndakatanga kuwedzera kuonda mahips akapera kusara ndakuita kunge danda magaro akadzokera mukati zvekuti vaimbondiziva dai vakandiona Mazuva acho vaisandiziva vaizongoona neface chete .stress ndochaive chava chikafu changu nekuti chikafu chaicho chaitoramba kupinda ndaive ndakugaro funga Tinashe everyday not kuti kumusuwa asi kurwadziwa nekuparadza hupenyu hwangu kwaakaita if it wasn't him dai ndakapedzisa chikoro ndisingabatwe sembwa mwana wangu asingatukwe nevanhu manje life .Ndangandakugara nebook randainyora zvaindinetsa nekuti wekuudza paive pasina ndaitoti ndikanyora mubook ndainzwa zvirinani.

Rimwe day cousin cc yangu akangomuka kunditi ndigeze timbondoona gogo Mai vamoms tichifurwa nemhepo ndakamuka ndikageza tikaoneka vanasekuru vakangoti bho tikaenda hedu gogo vakafara kutiona vaigara nebrother yavo asi vachichengetwa nakule mwana wavo nekuti murume wavo akashaya so vaiunzirwa chikafu every weekend.Takaswera nagogo vaive munhu arifree ende kuva navo ndainzwa kurerukirwa ndakavaudza kubatwa kwandaiitwa nemwana wavo vakangoti

Gogas" hupenyu muzukuru wangu urikutodzidza so Mwari vanechekuita newe handiti watokura so urisoja iwe kwawabva ndokwava kure ramba uchinamata usapa satan mukana kubva nhasi handidi kukuona uchichema ukundinzwa wakutogara kuno sekuru vako ndichivaudza kuti ndakugara newe handiti"

She was so sweet ndaivadira kuti vaindipa mashoko anosimbisa plus vaive munhu anoda zvekunamata too much .Gogas vakazofonera kule vachivaudza kuti ndaisadzokera cousin cc yangu nayewo akati aida kugara padhuze neni nagogo

Maweeks akafamba tichigara nagogas pasina problem tainamata everyday zvekuenda kusouth ndandatozvikanganwa ini ndakatanga kusimba kule vaiuya nechikafu semazuva ese

taingomhoresana zvopera .Mwedzi wakunopera gogo vakafonerwa namainini vekuharare kuti vauye kumanyaradzo abamunini ini kuti ndiende ndaisava nemari so gogo ndovakaenda Vega ndakasara pamba nebrother yagogo necousin cc naTanatswa gogo vakasiya pasisina chikafu kana chinhu vachiti kule vaizouya nacho isu tinangoti chichauya ka week rapera ndakatuma cousin yangu kundotora chikafu nemapamper aTanatswa zvaakandoudzwa zvaipedza power chairo .

Kule vakamuti " enda unoudza cc vako kuti handichengeti mwana wekumitiswa as for chikafu ndichaunza ndakuda"

Hupenyu ka apa papasisina pekubata takatanga kudya sadza kaone manheru chete masikati tichiswera nayo Tanatswa masikati aipiwa chikafu kumanext door zvikatanga zvichirwadza tikazodyaira hupfu hwakazopera manje muriwo, salt, mafuta panguva one zvese kutoti kule hatisina chikafu vaitokuudza zvekupenga chavaiunza chikafu chehuku dzavo dzavaichengata.Zviya zvekuti mutown haukumbire hupfu kugarika kuya takapedzesera takuzikanwa neline rese nekukumbira hupfu mafuta salt zvese takapedzisira takunyara kukumbira takutora chikafu chehuku chaiuya chirichibage chakagaiswa zvishoma hurihupfu hunechibange chakabazwa bazwa so isu taive takuba chikafu chehuku ichocho tosefa chibage kwacho hupfu kwahwo tobika mashazhari anesalt chete hupfu hwacho hwaitove netuchibange waiti wakudya sadza waiita kunge ukudya sadza nemaputi kuseka nhamo serugare .muriwo taive takucherera vanhu mvura towana ma2 bond emuriwo takapedzisira tatodyaira what doesn't kill you make u strong .

Mwedzi wakapera gogo havana kudzoka kule vavasingachauyi zvachose Tanatswa anga atodyaira kusapfeka mapamprs akuziva kuenda kutoilet ndozvandaimudira mwana wangu aikurumidza kubata zvinhu asi anga akurira nhamo life can be hell smtyms .Tatova muna December rimwe day takagara panze necousin yangu tichiverenga bible kule vakangobudikira vakasvikoti

Kule" Laila nemunin'ina wako gadzirirai ndinokusiyai kumabus mutown mom's venyu vafona hanzi muuye nhasi"

Takafara Shame taisatombozvitarisira aaaa zvinoita Mwari ndakabva ndatoziva kuti nyasha dzaive dzakatigarira kumberi takagadzirira lucky hembe dzaive dzakachena tho ndakarwadziwa kuti takuenda gogo vasati vadzoka takaita magud bye tikanooneka nanagogas ndakavatenda nekundichengeta kwavakaita chero zvavo vakambondibata rough .Ndiye hutu sasafurika

sekutamba haa ndaiona sendairota but it was reality .Takasvika my family was happy kutiona takavaudza zvese zvatakasangana nazvo vakati hupenyu matodzidza after 2 days ndakazoenda kumba kwangu kunotora zvinhu zvangu ndaive ndisingachadi nezvaTinashe manje I was done ,ndakawana asipo heard aive akaenda kuzim handina kuzvitsvaga ndakaoneka ana aunt tho vakarwadziwa ndikatora zvinhu zvangu ndikadzokera kumba ndainzwa kurerukirwa kuti panechabva pandiri .Mazuva akafamba ndaive ndotokanganwa nezvaTinashe ndakatozonzwa nemakuhwa kuti madays andaive kumusha aive akaudza vanhu kuti ndaihura kuzim nekuti akazomitisa workmate yake hazvina kundirwadza nekuti ndandisisina basa naye hangu .Takaripinda Gore dzva ndaive ndatodzokera kuva old Laila kusimba mahipis magaro ndichichengetwa nemaparents angu mwana wangu vaimutora selast born yavo vanhu vemuarea vakambotanga vachanyeya vakazonyarara havo ende ini ndandatova mudont gayi pain shaped me.January akapera I found basa ndikatanga kushanda ndichichengeta mwana wangu nefamily yangu Tinashe handina kuzombonzwa nezvake ende ndandatozviudza kuti as a single mom ndichamira semukono kuchengeta mwana wangu nefamily yangu ndaisada kuitiswa futi now dzangova nyasha pamusoro penyasha tikurarama boe naTanatswa wangu ndini baba ndini mai and we are happy nemhuri yangu vanondida zvakadaro Mwari achiita kudada neni kuwedzera dzimwe nyasha zvake .

*The end*

Thank u for reading this book i hope madzidza zvakawanda .

If you focus on the hurt you will continue to suffer but if you focus on the lesson you will continue to grow dai ndakada kuramba ndichizvistresser over Tinashe ndaisambokwanisa kuita move on again I learnt not to force things Tinashe akandiratidza kakawanda kuti aisandida anga aripakundiitisa but ini ndakatadza kuzvigamuchira ndichiti achachinja but akatoita worse.kurwara kwandakaita nekufa kwababamunini vangu was a blessing in disguise dai zvese izvozvo zvisina kuitiia haaa don't think ndaizokwanisa kusiya tee that easy buh All thanks to the Almighty .

Want to thank everyone hu supported n encouraged me to write this story gyz may God bless you

Let's meet munext book life with my evil step mom

Tah loves you all

Editor Young Gweta ‍♂ ‍♂ ♀

[19/04, 22:01] +27 62 360 8993: I WAS BLINDED BY LOVE

Written by TALVIA

A.K.A mwana wamassy

CHAPTER 2 7

Ndakazobatwa nehope ndirimundangariro mangwana acho ndakamuka ndikaita basa ndikatanga hangu kuona masopies namoms ndakatozobatidza fon ave masikati kunodai 10 messages and 5 missd calls from Ba Tanatswa ndakangovhura handina kumaverenga ndaisada stress ndakazoudza mom's zvekuti Tee aive ati ndisacha dzoka vakati gara ipapo manje ndaisagona ndandichiri kumuda ini ‍♂ ♀mom's ndakazongovati pandaizodzokera ndaida kunotora zvinhu zvangu vakati ok izvokwani ndaitonogara ndange ndichirikumuda Tee nekuhura kwake nekusandida kwake.

Days passed day rekucourt rikakwana takaenda eshii ndakarwadziwa kuona uncle vangu varikuvasungwa bt chekuita papasina court yakazoitwa kukanzi tizodzoka after 2 week kana matest ekwadoc adzoka ayas papakaipa we went back home ndichibva ndatooneka mom ndakuti ndakunotora zvinhu deep down ndaiziva kuti ndakunogara, pese apa ndaiignore Tinashe hangu .Ndakadzokera kumba ndakasvikocleanr semunhu aive agarisa asipo pamba ndapedza ndopandakazofunga Tinashe kuti ndadzoka pasina 2 hrs munhu aive asvika ayas kutokanganwa

kuti aive ati aridurban handina kumubvunza hangu kuti ko mamasvika nguvai kubva Durban ende pandakamuona hameno zvandainzwa kutonzwa kubhoikana naye but asipo was missing him zveluv zvonetsa 🤦‍♀

Munhu akazotanga kutaura arilow hanzi heee Lee I love u bla bla but haunditereri unofurirwa namoms vako ipapo manje ndakaita hasha ndikati ndatanga kumuudza

Me " oh Mr Tinashe ini handikutererei nhai wen was the last pamakaswerawo pamba nesu all u care about is your friends nemota yako wako mwana chaiye wakapedzera kutamba naye rini usafunga kuti handisi kuziva kuti hauna kubasa kwawaive u were around hako in ndini wekunzi chengeta musha manje? mwana wako wen last pawakamutengera hembe Teee ndichirinenhumbu wakanditi ndikazvara uchanoroora chii chakazoitika huh imbonyatsondiudza wen will you start loving me ndakambonyanya kukutadzirei zvinoita undibate nekuseri kweruoko inga tichiri mukomana nemusikana waive nerudo wani rwakaendepi nhai till when tichirarama life yemahumbwe ingondibudira pachena I am tired of being used "

Ndaive ndakusanyatsogona kutaura nehasha aaaa Tinashe anga andinyanyira it was time ndimuudze zviripamoyo pangu than kuswera kuzvita chidont gayi ndichikwarira mukati .Akaramba akanditarisa then said

Tinashe "zveshuwa handisi kukupa time ende chokwadi nechekuti kuenda maout nemafriends I won't stop nekuti ndanemukadzi iwe unofanira kuva pasi pangu not kunditonga ende hauchanditereri wakuita zvaunoda wakaenda kwamom vako ndisina kuti uyende so ukuda ndiroore munhu akadaro manje nditambise mari yangu kana wakuita zvandoda semurume wako ndichanoroora asi kana urikuona kuti ndirikukunonokera u can pack and go hako but always know I love you "

Akadaro hake mwana wevaridzi achitauraslow akarelaxr hake Tinashe aindiconfuser aitaura zvekuti ndiende achindidida futi 🤦‍♀he was my weakness I guess ndoadvantage yaaiishandisa eshii apa deep down ndandichirikumuda mashoko ake akandirwadza ndairwadziwa

nekuparadzana naye asika chokwadi aive andiudza but in nenhau yekuti *I* *WAS* *BLINDED BY LOVE* ndaisabvuma kurambwa zvekudaro

Me " Tinashe after everything you want to let me go just like that I love u Tinashe kwatakabva kwavakure why now ok fine wakadii kundiramba kudhara hee"

Mixed feeling anga andibata kamwe kamoyo kaiti dzokera iwe kamwe kachiti Tinashe ndiye ega mukomana waunoda just give him time ᛘ ♀Tinashe akazondiudza masweet nothin ndikavharika paya .Mazuva akafamba mom vakambotanga vachibvunza kuti ndouya rini ndichingonyepa till vanyarara naTinshe tanga takuwiriranawo Nyarie aiuya kuzotiona pano neapo apa anga akugara naTakue wake.

Rimwe day I wake up ndirilow don't know why ndakaswera ndiriweak atove manheru ndakatanga kubika then phone yangu yakaringer nenumber dzekuzim ndikatoshaya kuti ndiani ndakadaira then the caller said

Caller "hello Laila bamunini vako vashaya kuno vawaigara navo "

Voice ndakabva ndariziva it was vamwe mainini vangu vekuchi town handina kudaira Ziya rakatanga kubuda I couldn't believe it how so munhu wandisina kunzwa kuti airwara .Ndakangotora Mari ndikasiya Tanatswa akarara ndikamhanya kunotenga airtime ndakazama number dziya dzanga dzisisapinde kuzama dzabamunini dzairamba dzamainini fut eshiii ndakaita weak ndakabva ndafonera mom ndopavakandiudz kuti ishuwa veduwe ndakarwadziwa I loved that man like the way I love my biological father ,kutobvunza mom kuti chii chakaitika hanzi vairwara neshuga ndakabatikana shuwa kuti vakarwara ende handina kuudzwaa kana sadza harina kudzika ndandisina appetite aunt nefrnd yavo vandaive ndakuwirina navo vakandisimbisa those 2 ndandakuvatora semabig sisters angu vaimiraneni pese ndopaunoona kuti love is not all about blood but luv and care .

Tinashe akazouya ndikamuudza kuti bamunini vandaimbogara navo vaive vashaya so ndaifanira kuenda kuzim mwana wekwaJimu akaramba hanzi mwana achirimudiki haangafambi long distance plus handina mari ndopandakaona kuti aisava nemoyo shuwa munhu kundiudza mareason asina basa Mari ndaiziva kuti aive nayo but ayisada hake ndakangomudza kuti ndikuenda even ukasandipa mari ndakabva ndatoudza moms kuti ndikuendawo kurufu  apa ndandisina Mari yaikwana kusvika even padoarder hapo but ndakangoti God will provide.

Tinashe haana kufara nazvo mangwana acho akaenda kubasa arizii handina kumbozvitsvaga ini shuwa munhu angati ndisanopa last respect kumunhu akandirera bodo .Ndakasara ndikatanga kurongedza ndikakumbira friend yaaunt mari akandipa but yaisakwana ndakatora  neyandaive ndichichengeta ndikaoneka vanhu vepayard nalandlord  ndiye hutu ndakananga kwanamoms ndokwataizobvira takuenda kuZim .

Ndakasvika mom vachitorongedza ndopandakafonera Tinashe ndichimuudza kuti ndandakuenda achibva ati  ndimumirire aiuya  nemari yekuwedzera ndikatoshaya kuti why aive achinja moyo takazopedza kurongedza ndikaudza Tinashe kuti achiuya nemari kunzira kwataienda nako akauya and he pretend as if zvese bho akandipa Mari akadzokera tichibva tarova pasi ,apa mangwana acho bamunini ndopavaivigwa  taifanira kukurumidza kusvika.Dzatoo12 am tange tava paboarder vakamboda kunetsa nenhau yekuti mwana aasina passport but takazongovapa chioko muhomwe tikarova pasi.

Takasvika vakuvigwa zvaisava nyore kurasikirwa nemunhu waunenge usingafungiri kuti achafa soon ndakazoona masibilings angu I mean vana vabamunini vekushaya zvaioneka mumaziso avo kuti vairwadziwa asi chekuita paive pasina changa chasara kuti tiwiririrane uye  tichengetane apa by that time mainini vaive nenhumbu yaive yatove ku7 months ndaivanzwira tsitsi shuwa kurasikirwa nemurume unenhumbu panenge pakaipa mudhara akazovigwa vanhu vakaoneka voenda then ini I told Mom vangu kuti ndaisadzokera navo ndaida kumbosara ndichinyaradza mainini dai ndaiziva zvaivemberi dai ndakangodzokera hangu namoms that day † ♀ asika zvaisaita nekuti mainini nevana vavo vaidawo vanhu vaivatarisa apa phone yangu yanga yakuramba kuita on kuti ndiudze Tee zvandaive ndaronga .....

End of chapter

Chiii chakazoitika kunaLee? ko Tinashe why akazobvuma from no where kuti Lee ayende ?
takupinda mufainari

Tah loves you all

Editor Young Gweta